QQDU HUZURIDAGI
MINTAQAVIY MARKAZ

2021

OQÍW METODIKALÍQ
KOMPLEKS

# QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN OQÍTÍWDÍŃ ILIMIY METODIKALÍQ TIYKARLARÍ

Yusupov Qonisbay | f.f.n., docent

**ÓZBEKSTAN RESRUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**JOQARI BILIM TARAWINDAǴI PEDAGOG HÁM BASSHI KADRLARDI QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIWDI SHÓLKEMLESTIRIW BAS ILIMIY-METODIKALIQ ORAYÍ**

**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ**

**«QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN OQÍTÍWDÍŃ ILIMIY METODIKALÍQ TIYKARLARÍ» MODULI BOYÍNSHA**

# OQÍW METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Qánigeligin jetilistiriw kursı baǵdarı:** Qaraqalpaq tili tálim baǵdarı ushın

**Tıńlawshılar kontingenti**: Joqarı oqıw ornı oqıtıwshıları

**Nókis - 2020**

Moduldıń isshı oqıw baǵdarlaması Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministirliginiń 2020 jıl “7”-dekabrdagi 648-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan úlgili oqıw reje hám baǵdarlama tiykarında islep shıǵılǵan.

**Dúziwshi:** Q.Yusupov – filologiya ilimleriniń kandidatı, docent

**Pikir bildiriwshi:** A.Dosımbetova - filologiya ilimleriniń kandidatı, docent

Oqıw-metodikalıq kompleks Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Keńesinde usınıs etilgen (2020 jıl “30”-dekabrdegi 5 -sanlı protokol).

# MAZMUNÍ


| | | |
|---|---|---|
| I. | JUMÍS BAǴDARLAMA...................................................................... | 5 |
| II. | MODULDÍ OQÍTÍWDA PAYDALANÍLATUǴÍN INTERAKTIV OQÍTÍW METODLARÍ ………………….........................…………. | 13 |
| III. | TEORIYALÍQ SABAQ MATERIALLARÍ......................................... | 17 |
| IV. | ÁMELIY SABAQ MATERIALLARÍ.................................................. | 52 |
| V. | KEYSLER ........................................................................................... | 121 |
| VI. | GLOSSARIY ...................................................................................... | 124 |
| VII. | PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR................................................ | 129 |
| VIII. | PIKIRLER.......................................................................................... | 131 |

# I. JUMÍS BAĞDARLAMA

## Kirisiw

Mámleketimiz ǵárezsizlik jıllarında ámelge asırılǵan keń kólemli reformalar milliy mámleketlik hám suverenitetti bekkemlew, qáwipsizlik hám huqıqıy aǵartıwshılıqtı, jámiyette nızam ústinligi, insan huqıq hám erkinliklerine, milletler ara tatıwlıq hám diniy kewil keńlik ortalıǵın támiynlew ushın áhmiyetli tiykar bolıp, xalqımızdıń munásip turmıs keshiriwi, dúnya talapları dárejesinde bilim alıw hám kásip iyelewdi, puxaralarımızdıń dóretiwshilik dárejesin ámelge asırıw ushın zárúr shart-sharayatlar jarattı.

Jańa sharayatlardan kelip shıǵıp, «Bilimlendiriw haqqında»ǵı hám «Kadrlar tayarlawdıń milliy dástúri haqqındaǵı» «Ózbekstan Respublikası nızamlarına, 2017-2021-jıllarǵa mólshenlengen «Háreketler strategiyası», Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Pedagog kadrlardı tayarlaw, xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin asırıw sistemasın jánede jetilistiriw haqqındaǵı is-ilajları» Qararına muwapıq, bilimlendiriw basqıshlarında úziliksizlik hám izbe-izlikti támiynlew, tálimniń zamanagóy metodologiyasın jaratıw, mámleket tálim standartların kompetenciyalıq jantasıw tiykarında jedellestiriw, oqıw-metodikalıq komplekslerdiń jańa áwladların islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw hámde pedagog xızmetkerlerdi qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin asırıw sistemasın jánede jetilistiriwdi talap etedi.

**Moduldıń maqseti** – tıńlawshılarǵa (joqarı oqıw orınlarınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshılarına) qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları haqqında ulıwma túsinikler beriw, metodika tariyxı, oqıtıwdıń formaları, oqıtıwda kórsetpeli qurallardan paydalanıw, kórkem shıǵarmalardı tallawdıń prinsipleri, jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıw usılları haqqında maǵlıwmatlar beriw.

### Moduldıń wazıypaları:

- qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda lekciya túrlerinen paydalanıw;
- qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaq túrlerin shólkemlestiriw usılları;
- oqıtıwda kórsetpeli qurallardan paydalanıw texnologiyası;
- kórkem shıǵarmalardı tallawdıń prinsipleri hám usılları;
- jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıwda metodlardan paydalanıw;
- sabaqtan tıs jumıslardı úyreniw.

**Modul boyınsha tıńlawshılardıń bilim, kónlikpe hám qánigeligine qoyılatuǵın talaplar**

- oqıtıwdıń formaları haqqında;
- seminar formasında alıp barılatuǵın sabaq tipi, oyın sabaǵı, jarıs sabaǵı, test, konferenciya sabaǵı haqqında túsiniklerge iye bolıwı;
- kórsetpeli qurallardıń túrleri haqqında;
- kórkem shıǵarmalardı tallawdıń túrleri haqqında;
- filologiyalıq tallaw hám didaktikalıq tallawdı úyreniw
- ádebiyattı oqıtıw metodikası filosofiya, til bilimi, ádebiyattanıw ilimi, tariyx, estetika, pedagogika, psixologiya pánleri menen baylanısı haqqında túsiniklerge iye bolıwı;
- kórkem shıǵarmalardı tallawdıń maqset hám principlerin úyreniw, ilimiy tallaw, estetikalıq tallaw, didaktikalıq tallaw, bul tallaw túrlerin ámeliyatta qollana biliwdi úyreniw;
- jazıwshılardıń dóretiwshiligin tereńnen úyreniw;

**Moduldıń oqıw rejedegi basqa pánler menen baylanısı**

Modul mazmunı oqıw rejedegi «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası», «Innovaciyalıq tálim texnologiyaları hám jáhán tájiriybeleri», «Pedagogikalıq sheberlik hám kompetentlik», «Tálimde informaciya texnologiyaların qollanıw», h.t.b. oqıw modulleri menen úzliksiz baylanısta úyreniledi.

**Moduldi shólkemlestiriw hám ótkiziw boyınsha usınıslar**

«Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları» oqıw moduli teoriyalıq hám ámeliy sabaqlar formasında alıp barıladı.

Teoriyalıq sabaqlarda oqıtıw metodikası haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

Ámeliy sabaqlarında oqıwshılardıń sheberligi, oqıwshı shaxs rawajlanıwında hám oqıtıwında differencial jantasıw úyretiledi.

Sabaqlarında texnikalıq qurallardan, didaktikalıq tallaw, test sorawları, aqılıy hújim, toparlıq pikirlew, kishi toparlarda menen islesiw hám basqa interaktiv oqıtıw usılların paydalanıw názerde tutıladı.

**Moduldiń joqarı tálimdegi ornı**

Joqarı oqıw orınlarında ótiletuǵin qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası modul menen tanısıw barısında tıńlawshılar (joqarı oqıw orınlarınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshıları) qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń jańa metod hám usılları haqqında maǵlıwmatlrǵa iye boladı. Modul pedagogtıń jekke hám

kásiplik maydanın jaratıw hám olardan tálim procesinde paydalanıw arqalı tálimdi nátiyjeli shólkemlestiriwge hám onıń sapasın sistemalı arttırıwǵa járdem beredi. Moduldi ózlestiriw arqalı tıńlawshılar oqıw xızmetin basqarıw usılların úyreniw, ámelde qollanıw hám bahalawǵa say kásiplik kompetenciyaǵa iye boladı.

**Modul boyınsha saatlardıń bólistiriliwi:**

| | **Modul birligi atları** | **Ulıwma saatlar muǵdarı** | **Lekciya** | **Ámeliy** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı | 2 | 2 | |
| 2 | Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń formaları haqqında túsinik | 2 | 2 | |
| 3 | Jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıw usılları | 2 | 2 | |
| 4 | Konferenciya hám pikirlesiw sabaqların shólkemlestiriw | 2 | 2 | |
| 5 | Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń tariyxıy rawajlanıwı | | | 2 |
| 6 | Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń prinsipleri | 2 | | 2 |
| 7 | Ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli qurallar | 2 | | 2 |
| 8 | Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń basqa ilimler menen baylanısı | | | 2 |
| 9 | Sabaqtan tıs jumıslardı ótkeriw usılları | 2 | | 2 |
| 10 | Lekciyanı oqıtıw texnologiyaları | 2 | | 2 |
| | **Jámi** | **20** | **8** | **12** |

## LEKCIYA SABAQLAR MAZMUNI

### 1-tema: Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda

sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı.

### 2-tema: Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń formaları haqqında túsinik

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı

### 3-tema: Jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıw usılları

Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda jazıwshınıń ómirbayanın úyreniw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasında jazıwshınıń ómirbayanına baylanıslı materiyallar kóp berilgen. Baǵdarlamada berilgen jazıwshınıń ómirbayanın úyreniwge baylanıslı temalardı izbe-izlik penen metodikalıq jaqtan úyrenip shıǵıw maqsetke muwapıq. Máselen, baǵdarlamada A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Qayıpbergenov, K.Raxmanovlardıń ómiri hám dóretiwshiligine baylanıslı keń maǵlıwmatlar berilgen

Muǵallimniń kirispe sóziniń mazmunı qanday bolıwın hár bir shiǵarmanıń xarakteri anıqlaydı. Usıǵan baylanıslı muǵallimniń kirispe sózinde tiykarǵı orındı jazıwshılar dóretiwshiligine berilgen túsinikler iyeleydi.

### 4-tema: Konferenciya hám pikirlesiw sabaqların shólkemlestiriw

Konferenciya sabaǵı haqqında metodist oqıtıwshılar tárepinen tómendegi pikirler bildirilgen: "Konferenciya sabaǵı klasta hám klastan tıs ótiletuǵın sabaqtıń bir túri. Materiallardı konferenciya sabaǵı arqalı mına maqsetlerde úyrenemiz. Ótiletuǵın material haqqında túsinik, materialdı úyreniwde ilimiy teoriyalıq miynetlerdi tereńnen biliw, materialdı úyreniwde oqıwshılardıń temaǵa túsinigin rawajlandırıw"[1]-dep konferenciya sabaǵınıń maqsetin hám wazıypaların orınlı

---

[1] **Юсупов Қ**. Қарақалпақ әдебиятында конференция сабағының өтилиў жағдайлары. «Шымбай ҳаўазы» газетасы, 1990, 20-декабрь. **Юсупов Қ.** Бердақ шығармаларын үйрениўде конференция сабақ түринен пайдаланыў. Түркий халықлар әдебиятының

ashıp kórsetken. Demek, konferenciya sabaǵı oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı esapqa alınǵan halda ótiletuǵın sabaqtıń túri. Bul sabaq túrin ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasın oqıtıw barısında paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, baǵdarlamada berilgen tema sholıw lekciyasına ıqshamlastırıp berilgen. Ekinshiden, oqıwshılar ǵárezsizlik dáwirindegi poeziya menen IX hám XI klaslarda tolıq tanısıp aladı. Úshinshiden, ǵárezsizlik dáwirde birneshe shayır dóretiwshiligi úyreniledi.

## ÁMELIY SABAQLAR

### 5-tema: Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı.

### 6-tema: Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń principleri

Kórkem shıǵarmanı tallaw, kórkem shıǵarma ústinde islew, tallawdıń maqseti, wazıypası, dúzilisi, didaktikalıq tallawúyreniledi. Ádebiyat baǵdarlamasında berilgen kórkem shıǵarmalardı tallawǵa tiyisli geypara pikirler, kirisiw sabaqları, ádebiy oqıw, shıǵarmalardıń mazmunın ózlestiriw hám bekkemlewge baylanıslı temalardıń ishinde de qısqasha sóz boladı. Biraq, bular kórkem shıǵarmanı tallawdıń ózi emes. Ádebiy shıǵarmanı tallaw-ádebiyattı úyreniwdiń eń qıyın hám juwapkershilikli bólimi.

### 7-tema: Ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli qurallar

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda jazıwshılardıń súwreti, shıǵarmalarınıń tekstti jazılǵan plakat, olardıń ómir bayanlıq sxeması, karta, sızılma, keste, diagramma, albom, texnikalıq qurallar, diafilm, diapozitiv, kino film, video magnitofon, televideniye, magnit lentasındaǵı jazıwlar, gromplastika, oqıtatuǵın

---

гейпара мәселелери ( Илимий мийнетлер ), Нөкис-2004. –Б. 30-32.Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011, 43-44-bet.

mashinalar, lingafon kabineti, film, epidioskop, kodoskop, kinoproektor hám basqalar úyreniledi.

### 8-tema: Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń basqa ilimler menen baylanısı

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası ádebiyattanıw, ádebiyat tariyxı, til ilimi, tariyx, estetika, pedagogika, social-gumanitar pánleri menen tıǵız baylanıslı ótiledi. Kórkem ádebiyat dúnyadaǵı haqıyqatlıqtı, ilimiy texnikalıq pánler túsindire almaǵan tároplerin túsindiredi. Ádebiyattı oqıtıw metodikası ádebiyattanıw ilimi, ádebiyat teoriyası hám ádebiyat tariyxı menen baylanıslı úyretiledi. Ádebiyatshı muǵallim ádebiyat teoriyası, ádebiy sını hám ádebiyat tariyxın bilmey turıp qaraqalpaq ádebiyatınan sabaq beriwi múmkin emes. Bul tájiriybe ámeliyatta tolıq sınalǵan.

### 9-tema: Sabaqtan tıs jumıslardı ótkeriw usılları

Sabaqtan tısqarı jumıslardı tereńnen úyreniw – bul oqıw jumısları jaqsı shólkemlestirilgen klaslarda da kórkem sóylew mádeniyatın puxta iyelemegen, ádebiyattan jeterli bilimge iye bolmaǵan oqıwshılardı ushıratıw múmkin. Bunıń tiykarǵı sebebi sabaqtan tısqarı jumıslardı durıs shólkemlestirmegenlikten boladı. Sabaqtan tıs oqıw, dógerek jumısları, oqıwshılardıń ádebiy dóretiwshilik jumısları, ádebiy kórkem kesheler hám sayaxatlarǵa jeterli dıqqat awdarılmasa, onda oqıwshılardıń bilim dárejesine, olardaǵı bilimniń tereń hám bekkem bolıwına keri tásirin tiygizedi.

Qaraqalpaq ádebiyatınan ótkeriletuǵın sabaqtan tıs jumıslar barısında oqıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alıw kerek. Qaraqalpaq ádebiyatınan sabaq alıp baratuǵın hárbir oqıtıwshı sabaqtan tıs jumıslardı úyreniwi, shólkemlestiriwi, soǵan qarap jumıslardı ótkeriw barısında ayırım máselelerge itibar beriwi, sóylesiwler, gúrrińlesiw hám oqıwshılardı qızıqtırǵan máseleler boyınsha jazba jumıslar, dóretiwshilik isler shólkemlestiriw usılı menen puxta bilim beriwi tiyis.

### 10-tema: Lekciyanı oqıtıw texnologiyaları

**Lekciya**-bul sabaq ótiwdiń tiykarǵı formalarınıń biri. Lekciya ádebiy bilimdi sóz benen túsindiriw, awızsha bayan etiwdi názerde tutadı. **Lekciya** (latınsha sóz "oqıw degendi" ańlatadı) oqıw materialı, qandayda bir máseleniń, temanıń logikalıq izbe-izligin, belgili bir sistemaǵa salınǵan teksti bolıp esaplanadı. Lekciyaǵa eki túrli kóz qarasta jantasıwǵa boladı. Birinshiden, oqıwdı shólkemlestiriwdiń forması sıpatında, bunda bilimlerdi sóz benen ańlatıw, awızeki bayan etiw metodı qollanıladı. Ekinshiden, lekciya

basqa awızeki sóz arqalı ańlatatuǵın metodlardan esaplanıp onda oqıw materialın logikalıq izbe-izlikte bayan etiw, qatań belgilengen qurılısı, obrazlı dálillew, materiallardıń mazmunın ashıp beriwdiń izbe-izligi menen ózgeshelenedı.

## II. MODULDI OQÍTÍWDA PAYDALANATUĞÍN INTERAKTIV OQÍTÍW METODLARÍ

Moduldi oqıtıwda paydalanılatuğın interaktiv oqıtıw metodlarınıń ishinde ádebiyat sabaqların oqıtıw barısında eń keń tarqalǵanı «oqıw diskussiyası», «birge izleniwshilik», «aqıl hújimi», «óz-ara pikir almasıwı» bolıp esaplanadı. Sabaq waqtında tıńlawshılar tárepinen aldın ala belgili dárejede túsinigi bar qanday da bir másele talıqlansa bul forma nátiyjelirek boladı. Máselen, ádebiyat boyınsha máselelerdi úyrenip atırǵanda topardıń issheńligi anıqlanadı. Bunday jaǵdayda qaraqalpaq ádebiyatına baylanıslı máseleni sheship baradı. Ádebiyattı oqıtıwda interaktiv iskerlik tiykarǵı bes element penen sáwlelenedi: óz-ara baylanıs; jeke juwapkershilik; bir-birine járdem kórsetiw háreketi; jumıstı birge alıp barıw qábileti; topardaǵı jumıs nátiyjesi. Interaktiv bir shıǵıp sóylewshiniń, bir pikirdiń ústemligin shekleydi. Bilim alıw barısında hárkim óz pikirin sın kóz benen aytıwǵa hám tiyisli ádebiy materiallardı talqılaw tiykarında quramalı máselelerdi sheshiwge, qáte pikirlerdi saplastırıwǵa, tereń oylap kórilgen sheshimlerdi qabıl etiwge, diskussiyalarda qatnasıwǵa, óz-ózi menen mádeniyatlı qarım-qatnas jasawǵa úyrenedi. Bul ushın ádebiyat sabaqlarında jeke, jup hám topar jumısları shólkemlestiriledi. Izertlew joybarları, hújjet hám hárqıylı maǵlıwmat derekleri menen jumıs alıp barıw, dóretiwshilik jumısların paydalanıw iske asırıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń interaktivlik usılı auditoriyada sherikleslik jaǵdayında jaratıladı. Interaktivlik usılǵa tiykarlanǵan texnologiyanı qollanıp, oqıtıwshı dóretiwshi sheriklesler sıpatında islewge tiykarlanǵan ózgerislerge, turaqlı tayarlıqqa hám juwapkershilikli máselelerdi sheshiwge úyrenedi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv usıllar tómendegi nátiyjelerge alıp keledi:

- Oqıwshılardıń ádebiyat sabaǵına, pánge qızıǵıwshılıǵı artadı;
- Oqıw materialların bekkem ózlestiredi;
- Tereńnen oylaw hám erkin pikirlew rawajlanadı;
- Qarım-qatnas jasaw mádeniyatı qáliplesedi;
- Oqıwshılar oqıw iskerligine belsendilik penen qatnasadı;
- Oqıw ushın qolaylı (unamlı) psixologiyalıq ortalıq jaratıladı.

Moduldi oqıtıwda paydalanılatuğın interaktiv oqıtıw metodları tómendegilerden ibarat:

1.Aqıl hújim. 2. Erkin jazıw. 3.Esse. 4.PSMU. 5.Blic soraw. 6.Klaster. 7.Venn diagramması. 8.Insert. 9.Balıq skeleti. 10.Nulipar gúl. h.t.b. oqıtıw metodları qollanadı.

**Tarqatpa material. Kishi toparlardıń jumısların bahalaw kestesi**

| **Kishi toparlar** | **Tapsırma** | **Juwaptıń anıqlılıǵı, durıslılıǵı** | **Túsinikliligi hám qısqalılıǵı** | **Oqıwshılardıń belsendeliligi** | **Toplaǵan balı** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |
| 2-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |
| 3-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |

**Tarqatpa material**

**Kishi toparlarǵa tapsırma: I.Yusupov lirikasınıń tematikası hám mazmunı**

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **I.**Yusupov lirikasınıń tematikası hám nazmunı | | |
| I.Yusupov lirika-sında watan teması, qosıqlar-dıń atamaları | Filosofiyalıq lirikası | Didaktikalıq lirika | Muhabbat lirikası |
| | I.Yusupov shıǵarmalarınıń janrlıq jaqtan bóliniwi | | |
| muxammes | ǵázzeller | Tórtlik | Poema drama |

**Tarqatpa material: "Delfa" metodı -** bul oqıwshılardıń dóretiwshilik pikir júritiw, bildirilgen pikirlerdi salıstırıp baha beriw kónlikpelerin qáliplestiretuǵın

metodlardan biri. Onda belgili ólshemlerge muwapıq neytral variantlar tańlanadı hám olardan áhmiyetligi ajıratıladı.

| Neytrallıq | I.Yusupovtıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı neler menen belgilenedi? | Bahalaw, tańlaw |
|---|---|---|
| 1 | Shayırdıń ómiri tuwralı maǵlıwmat | |
| 2 | I.Yusupov dóretiwshiliginde Nawayı dástúrleri | |
| 3 | I.Yusupov dóretiwshiliginde túrkmen teması | |
| 4 | I.Yusupov poeziyasında doslıq teması | |
| 5 | Shıǵıs poeziyası úlgilerin jaqsı bilgenligi | |
| 6 | I.Yusupov poeziyasınıń janrlıq ózgesheligi | |
| 7 | I.Yusupovtıń dramalıq shıǵarmaları | |
| 8 | Muhabbat temasınıń jırlanıwı | |
| 9 | “Búlbúl uyası” dóretpesiniń syujeti | |
| 10 | “Máńgi bulaqlar” awdarmaları | |
| 11 | Ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyası | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | | | | | E | s | j | a | n |
| 4 | | | | D | u | w | t | a | r |
| 3 | | | Sh | a | n | i | y | a | z |
| 2 | | E | s | e | m | u | r | a | t |
| 1 | Q | u | r | b | a | n | b | a | y |

Bulardan basqa darmalıq shıǵarmalar boyınsha krossvord dúzilse maqsetke muwapıq boladı. Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı artadı. Sebebi, hárbir dóretpeni biliwge hám krossvordtı durıs sheshiwge oqıwshılar háreket etedi.

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| P | e | r | z | e | n | t | | | |
| A | y | d | o | s | b | a | b | a | |
| Q | a | l | b | a | y | | | | |
| G | ú | m | i | s | g | ú | l | | |
| K | a | r | i | m | | | | | |
| D | o | s | j | a | n | | | | |
| J | a | q | s | ı | b | i | y | k | e |

1) Q.Mátmuratovtıń dramasınıń atı?
2) «Mıń tillaǵa bahalanǵan gelle» dramasınıń qaharmanı?
3) «Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
4) «Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
5) «Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
6) «Perzent» dramasınıń qaharmanı;
7) «Perzent» dramasınıń qaharmanı;

# III. TEORIYALÍQ SABAQ MATERIALLARÍ

## 1-tema: Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

**Jobası:**

**1.** Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń payda bolıwı

**2.** 1930-50-jıllardağı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

**3.** 1960-80-jıllardağı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

**4.** 1990-2020-jıllardağı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı

***Tayanısh sózler***: *metodika tariyxı, mámleketlik bilimlendiriw standartı, oqıw bağdarlaması, oqıw qollanba, oqıw sabaqlıq, sabaqtıń maqseti, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar, oqıtıw metodları.*

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası qashan payda bolğan degen sorawdıń ortağa qoyılıwı zańlı nárse. Bul sorawğa juwap beriw qıyın. Sol nárse anıq kórkem ádebiyat payda bolğannan keyin, onı zamanlaslarına, sonday-aq keyingi áwladqa hám olardı basqalardıń qálbine de tásir qıla alatuğın dárejede jetkiziw tiykarğı mashqalalardıń biri bolğanlığın seziw múmkin.

Ǵárezsizlik dáwirdiń baslanıwı menen barlıq pánler rawajlanıwdıń jańasha jolına tústi. Solay etip, basqa pánler qatarında ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń ornı girewli bolğanlığın aytıw tiyis. Insanlar burınnan ádebiyattı túsiniw, bahalap biliw, ádebiy hádiyselerdi seziw, bulardıń barlığın jaslarğa jetkiziwdi ózi ushın juwapkershilik dep bilgen. Uzaq tariyxımızğa názer taslap, jáne de tolıǵıraq mağlıwmatlardı payda etiwimiz múmkin. Metodika ilimi zamanagóy bilimlendiriw texnologiyaların tereńnen paydalanıw imkaniyatların beredi.

Qaraqalpaq ádebiyatı bağdarlamasında berilgen ádebiy shıǵarmalardı úyreniw menen baylanıslı bolğan dáslepki derekler Avesto miyraslarında ushıraydı. Ádebiyattı oqıtıw metodikası páni ótmishtegi bay tájiriybelerdi úyreniw tiykarında házirgi zaman mekteplerindegi qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw procesin shólkemlestiredi.

Kórkem ádebiyattı úyreniwde shıǵıs xalıqlar ádebyatı, sonnan kelip shıǵıp qaraqalpaq xalqı turmısında kóp sociallıq-mádeniy miyraslar úlken áhmiyetke iye bolğan. Usı kózqarastan qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxı erte dáwirden baslanğanlığı seziledi. Máselen, Berdaq shayırdıń «Nawayıdan sawat ashtım, Fiziliyden dúrler shashtım» sıyaqlı pikirleri bunıń ayqın dálili bolıp

esaplanadı. Demek, Berdaq shayır jasaǵan dáwirdiń ózinde-aq oqıtıw eskishe usıllarda bolǵanlıǵı kórinip tur.

Túrkiy xalıqları arasında ádebiyattı oqıtıw dástúrleri júdá erte dáwirlerge barıp taqaladı. Mádeniyattı, ilimdi taratıwshılar bolǵan Á.Xorezmiy, Beriwniy, Ibn Sinalar óz miynetlerinde tálim- tárbiya haqqında ayrıqsha toqtap ótken.Olar ilim alıwdıń hám tárbiyanıń áhmiyeti haqqında bahalı pikirlerin bildirgen. Solardıń biri Orta Aziyanıń ullı oyshılı A.N.Farabiy óziniń ilmiy miynetlerinde kórkem sóylewdiń tárbiyalıq áhmiyetine dıqqat awdarǵan. Onıń «İlimniń kelip shıǵıwı» atlı dóretpesinde kórkem shıǵarmanı tásirli oqıw, úyrenip atırǵan dóretpelerdiń mazmunın qayta aytıp beriw úlken sóz óneri ekenligin aytadı. Ol “oqıwdı, sheshenlikti iyelegen kórkem sóz ustası, filosof, danıshpan menen teń” dep baha bergen. Farabiy hárbir sóz sheberiniń ózine tán jeke ózgesheligine iye bolıwdı, tálim-tárbiya procesine bul ózgesheliklerge itibar beriw shárt ekenligin ayrıqsha túsindiredi. «Insanlar ruwxıy hám tuwma qabilet, kúsh-quwat bir-birlerinen artıq hám kem boladı». (Farabiy. Aflotun qanunlar mohiyati- Fozil odamlar shahri.T. “Xalq merosi” nashriyoti. 1993. 188-bet).

Farabiydiń pikirinshe, “Hárkim ilim-hikmet úyrenemen dese, jaslıǵınan baslasın, salamatlıǵı jaqsı bolıwǵa umtılsın, ádep-ikramlı bolsın, sóziniń ústinen shıqsın, jaman islerden saqlansın, qıyanet hám jala, hiyleden uzaq bolsın. Sonday-aq, ráhátleniw, azap shegiw, qayǵırıw tiykarǵı, tábiyǵıy sezimler esaplanadı. Olar sebepli pazıyletler hám qábiletler ózlestiriledi. Bunda jas óspirimlerge, jáne rawajlanıwǵa tárbiya oqıw arqalı erisiledi. Tárbiyanıń joqarı imkaniyatı sonnan ibarat, insan jaqsı hám jaman, paydalı hám zıyanlı nárselerdi ajıratıwǵa erisedi. Tárbiya aqıllılıqtı júzege keltiredi. Kimniń tárbiyası bolmasa, ol biymánilikti xoshlaydı. Farabiydin kórkem óner hám ádebiy tálim-tárbiya haqqında bir qatar baqlawları anıq bolǵanlıǵı belgili. Onıń «Úlken muzıka kitabı», «Ritmler klassifikaciyası haqqında kitap», «Muzıka haqqında sóz», «Jazıw óneri haqqında kitap», «Abu Nasırdıń qosıq hám shıǵarmaları haqqında sózi», «Shayırlardıń qosıq jazıw óneri haqqında» t.b. dóretpeleri bar.

Ibn Sinanıń dóretpelerinde tálim hám tárbiya, ayırım pánlerdi oqıw-úyreniwge baylanıslı pikir hám boljawları kóp. Ilimpaz óziniń pedagogikalıq kóz qaraslarında jeke adamnıń tárbiyasına tásir kórsete alıwdı arnawlı túsindiredi. Ol ilim alıwdıń úzliksiz procesi ekenligin, biraq onıń sırların biliwde insan hámme waqıt umtılıwı, háreket etiwi zárúrligin tastıyıqlaydı.

Bilim hám tárbiya haqqında A.R.Beruniy, Maqmud Qashǵariy, Yusup Has Hajib, Álisher Nawayı, Babur, Munıs, Abdulla Avloniy, Ájiniyaz, Berdaq hám taǵı basqalar bahalı pikirlerin bildirgen.

Ótmishte qıssaxanlar, qatıqulaq adamlar, jıraw- baqsılar jámiyetlik turmısta úlken orın tutqanlıǵı jaqsı málim. Mekteplerde diniy dóretpeler, ásirese, qurandı kórkem oqıw, onıń mánilerin ańlap jetiw menen bir qatarda ayırım dóretpelerdiń tekstti, mánisi, hárbir sózdiń kelip shıǵıwı, kórkem dóretpeni túsindiriw ushın kóp usıllar islegen. Mektep hám medereselerde tek túrkiy tilde emes, sonday-aq arab hám parsı tillerinde jazılǵan kórkem kitaplardı oqıw ushın paydalanǵan. Sol dáwirde oqıwshılar shıǵıstıń kórkem klassikleri Ferdawsiy, Sadıy, Xafız, Fiziliy, Nawayı, Bedil usaǵan danıshpan shayırlardıń dóretpeleri menen tanısıw múmkinshiliklerine iye bolǵan. Islam dinine baylanıslı dóretiwshilik baǵdar tálim-táriyanıń rawajlanıwına ádewir tásiri boldı. Sonlıqtan, hádislerde bul haqqında mınaday kóz qaraslardı kóriw múmkin. «Ilim úyreniw hárbir insan ushın parız», «Bir saat ilim úyreniw, bir keshelik ibadattan jaqsı, bir kúnlik sabaq, bir ay tutılǵan orazadan abzalıraq».

Berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda XIX ásirde mekteplerde ádebiy tálimniń ayrıqsha ornı hám áhmiyeti bolǵan. Bul haqqında Dilshad Barnonıń miynetlerinde qızıqlı maǵlıwmatlar bar: "51 jıl mektepte zeyinli shayır qızlarǵa tárbiya qıldım. Mektepte ayrıqsha hám orta oqıwshılardan 20 hám 30 qız bilim alar edi. 891 qızdı sawatlı etip shıǵardım. Olardıń tórtten bir bólegi talantlı shayır, aqıllı qızlar edi."

Aldıńǵı kóz qarastaǵı zıyalılar Túrkstan mekteplerinde bilimlendiriwdiń jańa tártibin ámelge asırıw ushın gúresti. Nátiyjede, bilimlendiriwde jańa túrdegi mektepler júzege keldi. Bul mekteplerde ana tili tiykarǵı oqıw páni sıpatında oqıtıldı. Oqıw barısımda hár túrli usıllardan paydalanıldı.

1918-jılda Tashkentte qalalıq bilimlendiriw bólimi qasınan metodikalıq shólkem ashıldı. Oǵan Zufar Nasıriy basshılıq etti. Bul bólimde háptelik oqıw rejesi dúzilip, mekteplerde usı reje tiykarında sabaq ótildi. 1918-jıl «Maorif» jurnalında V-VIII klaslar ushın ádebiyat baǵdarlaması járiyalandı. Bagdarlamada kórkem shıǵarmanı oqıwǵa itibar berildi. Dóretpe menen tanısıwdan aldın ádebiyat teoriyasınan maǵlıwmat beriw túsindirilgen. Baǵdarlamada berilgen teoriyalıq maǵlıwmatlardı ótiwde kórkem dóretpelerden mısallar alınıwı zárúr. Olardıń anıq atı, kólemi kórsetiledi. Usı jıllarda mekteplerdiń biri haqqında Aybektiń ómir joldası Zarifa Saidnasırovanıń aytıwınsha, "ana tili hám ádebiyatı, matematika,

tariyx, geografiya sabaqları oqıtıladı, barlıq sabaqlıqlar tatar tilinde Qazan hám Orenburgtan keltirilgen".

Abdiraxman Saadiydıń oqıw bağdarlamasında mektepte úyreniwge tiyisli bolğan kórkem shığarmalardıń dizimi kórsetilgen, ádebiy materallardı tańlaw oqıtıwshı ıqtıyarına tapsırılğan edi. «Ádebiy oqıw» termini 1921-jılı bağdarlama shıqqannan baslap mektep turmısında bekkem orın aldı. Ádebiy oqıwda shığarmanı ideyalıq-kórkemlik jaqtan tallaw tiykarğı orındı iyeledi. Jáne de hárbir kórkem materiallar tolıq teksti menen úyrenildi.

Fitrattıń "Ádebiyat qağıydaları", "Ózbek ádebiyatı sabaqları" usağan metodikalıq miynetleri payda boldı. "Ádebiyat qağıydaları" miyneti tek ádebiyat teoriyasına tiyisli kitap bolıp qalmastan, sol waqıtları ádebiyattanıwğa tiyisli sabaqlıq retinde metodikağa say dárejede ótildı. 1930-jılları ádebiyat hám ádebiyattanıw, awızeki dóretpeleri bağdarındağı erisilgen nátiyjeler bağdarlama hám sabaqlıqlarğa kirgizildi. Bul bağdarlamalar tariyxıy principte dúzilip, onda klassik hám songı dáwir ádebiyatınan úlgiler berildi. Bul bağdarlamada ádebiyattı oqıtıwda ayırım kórkem shığarmalardı ózlestiriw emes, ayırım jazıwshılardıń ómiri hám dóretpelerin túsindiriwge, dóretiwshilerdiń social-siyasiy táreplerin, kemshilik táreplerin ashıwğa kóbirek itibar berildi.

«Tolıq emes orta hám orta mektepler ushın programmalar» (1938) kórkem shığarmalardı oqıtıwğa tiykarğı bağdar boldı. Sál keyinirek dúzilgen «Orta mektep bağdarlamaları» (1940) da awızeki hám jazba sóylew mádeniyatın jetilistiriwge, oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew múmkinshiliklerin rawajlandırıwğa dıqqat qaratıldı. Kórkem shığarmalardı kórkem oqıwğa, soraw hám tapsırma, shınığıwlar tiykarında dóretpeniń ideyalıq mazmunına ózlestiriw usınıldı. 1934-jılı «Orta mekteplerde ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń tiykarğı máseleleri» degen arnawlı kitap dóretildi. Onda ádebiyattı arnawlı pán sınatında oqıtıw, balağa ádebiy bilim beriwde tiyisli izbe-izlik hám onıń qağıydaları bolıw kerekligi kórsetip ótildi.

I.Sultannıń «Ádebiyat teoriyası» (1940) sabaqlığınıń jaratılıwı, tek ádebyattıń ulıwma qağıydaları, onıń teoriyalıq túsiniklerdi oqıw barısında paydalanıw ushın qolaylı usıl boldı. Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası pániniń rawajlanıwına 1950-jıllardan baslap iskerlik kórsete baslağan alımlardıń xızmeti úlken boldı. Solardan S.Dolimov, N.Mallaev, H.Ubaydullaev, K.Axmedov, A.Zunnunov sıyaqlı ilimpazlar bul bağdardıń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı. Olardıń ádebiyat tanıwına, metodika ilimine baylanıslı miynetleri nátiyjesinde mektepler

ushın dúzilgen baǵdarlama hám sabaqlıqlar sapalı islep shıǵarıldı. S.Dolimov, H.Ubaydullaevlar kórkem oqıw haqqında, onıń mazmunı hám áhmiyeti, túrleri haqqında metodikalıq kórsetpeler bergen «Ádebiy oqıw metodikası» kitabında ádebiyattı oqıtıwdaǵı teoriyalıq tiykarlardan baslap, onıń ámeliyatda qollanılıw usılları jazılǵan. Bul kitap tórt bólimnen turadı. Bular ádebiyat metodikası hám onıń teoriyalıq tiykarları haqqında maǵlıwmat, kórkem oqıw, ádebiy oqıw tiykarında klastan hám mektepten tısqarı alıp barılatuǵın isler, jobalastırıw usaǵan metodikalıq máselelerden turadı. Avtorlar teoriyalıq máselelerdi mısallar menen dálillep bere alǵan.

Asqar Zunnunov «Mektepte Ǵafur Ǵulamnıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw» (1977), «Ózbek ádebiyatı metodikası tariyxınan ocherkleri» (1973), «Ádebiyattı oqıtıw metodikası» (1992) miynetlerinde kórkem shıǵarmalardı tallaw, shıǵarmalardıń janrlıq ózgeshelikleri, ádebiy-teoriyalıq túsiniklerdi ilimiy-metodikalıq jaqtan izertlegen.

M.Mirqasımovanıń "Oqıwshılarda ádebiy tallaw bilimın rawajlandırıw hám jetilistiriw tiykarları" (Toshkent, 2008) degen miynetinde oqıwshılardı ádebiy tallawǵa úyretiw bir ǵana ámelge asırıwǵa bolatuǵın metodikalıq jumıs bolmastan, onda úzliksiz ámelge asırılıp, onıń nátiyjesi mısallar arqalı dálillep berilgen. Kórkem shıǵarmanı tallawdı dáslep ápiwayı túrde tómen klaslardan baslaw kerekligi kórsetiledi. Onıń kórsetiwinshe, baǵdarlama talabına muwapıq V-VII klaslarda ádebiy materiallardı úyreniw barısında oqıwshınıń durıs, tez, erkin oqıw bilimin júzege keliwine, awızeki hám jazba sóylewin, pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa, sózlerdi qollanıw mánisin, onıń dawıs ózgesheliklerin úyreniw máseleleri hám gápler quraw uqıplıqların jetilistiriw, súwretlew qábiletlerin paydalanıp bayan etiw, olardı sheber aytıp beriw, oqıwshını baqlaw usılları yaki súwretlerge qarap erkin gúrriń jazıwǵa úyretiw kerek. Nátiyjede, baslawısh klass oqıwshılarında ádebiy materialdı oqıp úyreniw, onıń mazmunın ózlestiriw, kitap ústinde izleniw kónlikpeleri rawajlanadı. Joqarı klaslarda bunday kónlikpelerdi jane de rawajlandırıw barısında ádebiy shıǵarmanıń qurılısın úyreniw, kórkem obrazǵa túsiniw, estetikalıq qásiyetke tarbiyalawǵa itibar qaratıladı. Bul metodikalıq miynette oqıwshılardı ádebiy tallaw bilimin jetilistiriwdiń ilimiy-metodikalıq tiykarların kórsetip, óz pikirlerin dálillep, Alisher Nawayı, Abdulla Qahharlardıń ómiri hám dóretiwshiliginen mısallar keltirgen.

Belgili metodist, professor Qazaqbay Yuldoshev ádebiyattı oqıtıw metodikası pániniń ǵárezsizlik dáwirdegi rawajlanıwına sezilerli dárejede tásir kórsetip, kóp úles qosıp kiyatırǵan alımlardıń biri. Onıń «Ádebiyattı oqıtıwdıń ilimiy-teoriyalıq

tiykarları» (1996), «Ádebiy sabaqlar» 8-klass ushın (2004), «Ádebiy sabaqlar» 9-klass ushın (2005), Q.Yuldosh va M.Yuldoshlardıń "Badıy tahlil asosları" (Toshkent, «KAMALAK», 2016) sıyaqlı metodikaıq miynetlerinde oqıtıwshılardı kóp ǵana teoriyalıq hám metodikalıq maǵlıwmatlar menen tanısıwǵa, olardıń bilimin teoriyalıq hám metodikalıq jaqtan bayıtıwǵa xızmet etedi. Keltirilgen tallawlar oqıwshılardıń kórkem shıǵarmalardıń mazmunı hám syujetin tereń túsiniwge járdem beredi. Ondaǵı berilgen tallaw úlgileri oqıtıwshılardıń pedagogikalıq iskerligine ámeliy tárepten metodikalıq kórsetpe boladı.

Safa Matjannıń «Mektepte ádebiyattan óz betinshe jumıslar» (1995), «Kitap oqıwdı bilesizbe?» (1993) sıyaqlı metodikalıq miynetlerinde oqıwshılardı kitap oqıwǵa qızıqtırıw, sóylew mádeniyatın ósiriw, oqıwshılardıń óz betinshe islerin shólkemlestiriw, óz ústinde islew, metod hám usıllar haqqında pikir júritedi.

Belgili alım hám metodist B.Tuxlievtıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası" oqıw qollanbası (2010-jılı) ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında girewli orındı iyelep, onda ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha tiykarǵı túsinikler, oqıtıwdıń principleri, oqıtıw metodları, sabaqtı shólkemlestiriw hám ótkeriw usılları, sabaqtıń túrleri, oqıtıwdıń metodikalıq usılları haqqında pikirler aytılǵan.

Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı ules qosqan Q.Yuldoshev, B.Tuxliev, Q.Xusanbaeva, Safa Matjanov sıyaqlı talantlı metodistlerdiń miynetleri kóp. Olardıń metodikalıq miynetleri qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxında da salmaqlı orın iyeleydi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxın birneshe basqıshlarǵa bólip kórsetiw múmkin. XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası pán sıpatında payda boldı. Professor Á.Paxratdinovtıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" miynetinde oqıtıw metodikasınıń tariyxı haqqında birqansha maǵlıwmatlar berilgen. Biz bul miynetke tiykarlanıp tómendegi maǵlıwmatlardı beremiz:

1921-jılı orıs mektepleri ushın ádebiyattı oqıtıwdıń birinshi baǵdarlaması qabıl etildi. 1925-jılı «Kompleksli baǵdarlama» islenip shıǵıldı. 1925-jılı fevralda QQASO birinshi shólkemlestiriwshi sezdinde qaraqalpaq tilinde oqıw quralların dúziw haqqında qarar qabıl etiledi. 1925-jılı S.Májitov tárepinen «Egedeler sawatı» (119 bet), "Álipbe" (80 bet), "Oqıw kitabı" sıyaqlı dáslepki sabaqlıqlar islenip shıǵıldı. 1929-jılı Q.Ayımbetov hám B.Erǵaliyevlar tárepinen «Sawatlı bolıńlar» oqıw kitabı, jámáát avtorlardıń redaktorlawında «Qaraqalpaq tili grammatikasınıń birinshi bólimi», Q.Ayımbetov hám B.Erǵaliyevlardıń avtorlıǵında «Egedeler sawatı», h.t.b. oqıw qaralları baspadan shıqtı. 1931-33-jıllarda N.A.Baskakov,

A.Qıdırbaev, Q.Irmanovlar avtorlıǵında qaraqalpaq tili sabaqlıǵı dúzildi. 1934-jılı Q.Irmanov, A.Qıdırbaevlar tárepinen Moskvada grammatikanıń birinshi bólimi, 1936-jılı Q.Irmanov, Sh.Sattarovlar tárepinen grammatikanıń birinshi bólimi islendi. 1937-jılı N.Dáwqaraev tárepinen baslawısh klaslar ushın «Oqıw kitabı», sol jılı «Álipbe», 1938-jılı N.Dáwqaraev tárepinen «Qaraqalpaq tiliniń grammatikası hám orfografiyası» dúzildi. 1939-jılı V-VII klaslar ushın, 1940-jılı VII-IX-X klaslar ushın jańadan baǵdarlama qabıl etildi.

XX ásirdiń 40-50-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası birqansha rawajlana basladı. Máselen, 1940-41-jılları N.Dáwqaraev tárepinen 6-klass ushın xrestomatiya, Q.Erimbetov hám I.Saǵitovlar tárepinen 7-klass ushın xrestomatiya-sabaqlıǵı dúzildi. 1949-jılı K.Ubaydullaev tárepinen 8-10-klaslar ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń baǵdarlaması islep shıǵıldı. 1950-jılı K.Ubaydullaev, S.Axmetov, B.Ismaylovlar tárepinen 8-klass ushın sabaqlıq, sol jılı I.Saǵitov, X.Seyitov, S.Axmetov hám B.Ismaylovlar tárepinen 10-klaslar ushın qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı baspadan shıqtı.

XX ásirdiń 60-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında M.Nurmuxammedov, I.Yusupov, I.Saǵitov, P.Allashov, S.Ámetov, G.Esemuratov, J.Qayırbaev, B.Ismaylov, X.Seyitov, U.Bekmuratovlardıń metodikalıq miynetleri baspadan járiyalandı. Máselen, 1960-jılı I.Yusupov hám I.Saǵitovlardıń 5-klass ushın sabaqlıǵı, I.Saǵitov hám P.Allashovtıń 5-klass ushın sabaqlıq, I.Saǵitov hám B.Qálimbetovlar 6-klass ushın sabaqlıq, S.Ámetov, G.Esemuratov, J.Qayırbaevlar 7-klass ushın sabaqlıq, S.Axmetov, B.Ismaylov, M.Nurmuxammedov, X.Seyitov, I.Yusupov, U.Bekmuratovlar tárepinen 8-9-10-klaslar ushın sabaqlıqlar dúzildi.

XX ásirdiń 70-80-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında belgili alımlar Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, K.Sultanov, S.Axmetov, Á.Paxratdinov, N.Japaqov, K.Mámbetov, K.Kamalov, J.Narımbetov, A.Tájimuratov, A.Pirnazarovlardıń metodikalıq miynetleri salmaqlı orın iyeledı. Máselen, 1975-jılı professorlar Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, K.Sultanov tárepinen joqarı oqıw orınlarınıń filologiya fakulteti ushın “Qaraqalpaq folklorınıń baǵdarlaması”, S.Axmetov, Á.Paxratdinov tárepinen «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń baǵdarlaması» hám «Házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatınıń baǵdarlaması» dúzildi.

Belgili alım Á.Paxratdinov qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında salmaqlı orındı iyeleydi. Ol 1982-jılı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń baǵdarlamasın islep shıqtı hám baspadan shıǵardı. Onıń «Mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń aktyal máseleleri» (1989), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń

metodikalıq máseleleri» (1991), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (1992), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (2004), «Pedtexnologiya tiykarları» (2009), «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (2011) usaǵan metodikalıq miynetleri menen qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında tákirarlanbas jol saldı hám oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı úles qostı.

Q.Maqsetov hám Á.Tájimuratovlardıń "Qaraqalpaq folklorı" (1979), N.Japaqov, K.Mámbetov Q.Sultanov, A.Karimovlardıń «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (1983), S.Axmetov, Á.Paxratdinov, K.Kamalov, J.Narımbetovlardıń «Házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (1984), S.Axmetov, Á.Paxratdinov, A.Pirnazarovlardıń «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (1988) sabaqlıqları baspadan shıqtı.

XX ásirdiń 90-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında Á.Paxratdinov, K.Allambergenov, Q.Orazımbetov, K.Palımbetov, Q.Yusupov hám taǵı basqalar metodikalıq miynetleri menen girewli orın iyeledi. Bul alımlardıń metodikalıq sabaqlıq hám qollanbaları baspada járiyalandı. Máselen, Á.Paxratdinov tárepinen "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (1992), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (2004) miynetleri baspadan járiyalandı. I.Ótewliev, Q.Yusupovlapdıń "5-11-klaslar ushın qaraqalpaq tili hám ádebiyatı boyınsha test jumısları" (1994), Q.Yusupovtıń (avtorlap birge) "Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı boyınsha test sınawları" (1995) , S.Axmetov, I.Qádirov, Q.Yusupovlar tárepinen «Bayanlar toplamı» (1995), P.Nurjanovtıń "Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq prozası" (2003), J.Pirniyazovtıń "5-klass ushın ádebiy oqıw kitabına metodikalıq qollanba" (2005), I.Pirniyazov, K.Palımbetov hám R.Berdimuratovalardıń "8-klass ushın ádebiyattı oqıtıw metodikası" (2009), Q.Orazımbetovtıń "Qosıq teoriyası" (2010), Q.Turdıbaev hám Q.Yusupovlardıń «Pitkeriw qánigeligi» (2011), Sh.Allaniyazova, K.Turdıbaev, Q.Yusupovlardıń «Pedagogikalıq ámeliyat» (2011), Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" (2012), S.Qazaqbaevtıń "Kórkem oqıw" (2012), P.Allambergenovanıń «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı páninen óz betinshe jumıslar», B.Genjemuratovtıń "Ádebiy aǵımlar hám jónelisler" (2013), A.Tobanazarovtıń «Kásip-óner kolledjlerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń bazıbir máseleleri» (2015), J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazovalardıń «Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar» (2016), A.Dosımbetovanıń «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı páninen kurs jumısların orınlaw» (2017), «Ádebiyatta kórkemlew quralları» (2017), Q.Yusupov hám I.Mámbetovlardıń «Kamal Mámvetovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları» (2017), Q.Yusupovtıń «Sh.Seyitovtıń prozasın tallaw usılları» (2017), Q.Yusupovtıń «Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq

máseleleri» (2018) atamasındaǵı oqıw-metodikalıq qollanbaları baspadan járiyalanıp, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı úles boldı.

**Sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Ádebiyattı oqıtıw metodikası tariyxındaǵı tiykarǵı basqıshlardı aytıp beriń.
2. Shıǵıs xalıqlar ádebiyatındaǵı shayırlardıń bilimlendiriw haqqında kóz qarasların hám pikirlerin túsindiriń.
3. Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.
4. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.
5. 1930-40-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń qáliplesiwi haqqında túsinik beriń.
6. 1950-60-jıllardaǵı ádebiyattı oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.
7. 1970-80-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasına talqı jasań.
8. 1990-jıllardaǵı ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń rajawlanıw baǵdarın túsindiriń.

## 2-tema: Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń formaları haqqında túsinik

**Jobası:**

1.Ádebiyat sabaqlarınıń túrleri
2.Jańa bilim beriw sabaǵı hám konferenciya sabaǵı
3.Kino film hám disput sabaǵı
4.Ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli qurallardan paydalanıw

***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaq ádebiyatı, jańa bilim beriw sabaǵı, konferenciya, disput sabaǵı, kino film, mámleketlik bilimlendiriw standartı, oqıw baǵdarlaması, sabaqtıń maqseti, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar, oqıtıw metodları.*

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı:

- Oqıwshılarǵa arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq bolıp, oqıwshılardı bilim hám kónlikpeler sisteması menen qurallandırıladı;

- Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw bağdarlamasına muwapıq sabaqtıń maqseti hám wazıypaları, ondağı baslı hám ekinshi dárejeli máseleler anıq belgilenedı;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda bilim beriwshilik, tárbiyalıq hám rawajlandırıw maqseti hám olardıń birligi saqlanıwı kerek;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında oqıwshılardı ulıwma insanıy hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawğa, olarğa milliy ideya menen milliy ǵárezsizlik ideyalogiyasın sińdiriwge qaratılıwı kerek;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw arqalı xalqımızdıń dańqlı ótmishin baxıtlı búgingi kúni menen baylanıstırıp, oqıwshılar sanasına óz watanı, xalqı ushın maqtanısh sezimin qáliplestiriw kerek.

Sonday-aq, sabaq barısında hár bir oqıwshığa jeke qatınasıqta bolıwı, uqıplı, talantlı hám tómen úlgeretuğın oqıwshılar menen jeke islesiwdi támiyinlew, jaslardı bilimdi ózbetinshe izlep tabıwğa, bilimdi ózbetinshe iyelewge ádetlendiriw, sabaq barısında oqıwshılarda erkin pikirlewdi, oy-órisi menen uqıplılığın rawajlandırıw zárúr.

Sabaqtıń túrleri qanday bolsa, olardıń dúzilisi soğan sáykes dúziledi. Hár bir sabaqtıń dúzilisi sabaqtıń maqsetine, didaktikalıq wazıypalarına, qollanılatuğın metodlar menen kórsetpeli, texnikalıq qurallarğa, oqıwshılardıń jas hám jeke ózgesheliklerine, sabaqlarda qanday pedagogikalıq texnologiyanı qollanıwğa, ótkeriletuğın orınğa hám ádebiyatshı muğallimniń sheberligine baylanıslı belgilenedi. Olardıń ayırım basqıshları keńeyiwi de, yamasa tarayıwı da, qollanılatuğın oqıtıw usılları, quralları hám metodlarınıń orınları menen xızmeti ózgeriwi múmkin. Sonlıqtan házirgi zaman sabaq túrlerin hám olardıń dúzilislerin jańasha islep shiğıw milliy pedagogikanıń basılı wazıypalarına kiredi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtan basqa túrleri oqıw sayaxatı, seminar, ámeliyat, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar menen úyrenilse de boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha, joqarıda aytqanımızday, S.Axmetov, Á.Paxratdinov, Z.Ayjanova, K.Palımbetovlardıń miynetlerinde sabaqtıń túrleri hám bağdarlama materialların oqıtıw boyınsha metodikalıq pikirleri bildirilgen. Bul metodist alımlar ádebiyat sabaqların shólkemlestiriwdiń ózine tán ózgesheliklerin, olarğa qoyılatuğın zamanagóy talaplar, ádebiyat sabaqlarında oqıtıwshılardıń iskerligin jolğa qoyıw hám onı paydalanıw, zamanagóy informaciyalıq hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw,

sabaqtıń tásirligin hám sapasın asırıw máseleleri tuwralı metodikalıq pikirler júrgizgen hám bildirgen.

Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılar menen islesiwdiń túrli formalarınan paydalanıw múmkinshilikleri belgili. Sonday-aq topar menen hár bir oqıwshı menen islesiw muǵallimnen sheberlik talap etedi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında hár túrli sabaqlıqlardan paydalanıw ótiletuǵın materiallardıń nátiyjeligin hám sapasın arttırıp baradı. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi. Solay eken, búgingi kúni sabaqtı shólkemlestiriwde qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardıń biri. Hár bir ótiletuǵın taza temanıń ilimiy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan bolıwı hám oqıwshılardıń imkaniyatın esapqa alǵan halda temanıń kólemin belgilew, onıń quramalıǵın anıqlaw, sabaqta kerek bolatuǵın materiallardı belgilew hám qosımsha kórgizbeli qurallar menen bayıtıw, jáne de sabaqta mashqalalı sharayattı jaratıw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Solardıń ishinde konferenciya sabaǵınıń metodikasına toqtaǵandı maqul taptıq.

Sh.Allaniyazova, Q.Turdıbaev, Q.Yusupovlardıń avtorlıǵında jarıq kórgen "Pedagogikalıq praktika" degen metodikalıq qollanbada konferenciya sabaǵı haqqında tómendegi pikirler bildirilgen: "Konferenciya sabaǵı klasta hám klastan tıs ótiletuǵın sabaqtıń bir túri. Materiallardı konferenciya sabaǵı arqalı mına maqsetlerde úyrenemiz. Ótiletuǵın material haqqında túsinik, materialdı úyreniwde ilimiy teoriyalıq miynetlerdi tereńnen biliw, materialdı úyreniwde oqıwshılardıń temaǵa túsinigin rawajlandırıw"[2]-dep konferenciya sabaǵınıń maqsetin hám wazıypaların orınlı ashıp kórsetken. Demek, konferenciya sabaǵı oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı esapqa alınǵan halda ótiletuǵın sabaqtıń túri. Bul sabaq túrin ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasın oqıtıw barısında paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, baǵdarlamada berilgen tema sholıw lekciyasına ıqshamlastırıp berilgen.

## 3-tema: Jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıw usılları
## Jobası:

1. Jazıwshınıń ómirbayanın úyreniw
2. Jazıwshılardıń dóretiwshiligin oqıtıw usılları

[2] **Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011, 43-44-bet.**

3. Jazıwshılardıń dóretiwshiligin sabaqtan tıs jumıslar menen úyreniw
4. Jazıwshılardıń dóretiwshiligin kórsetpeli qurallar menen úyreniw
5. XX ásir qaraqalpaq jazıwshılardıń dóretiwshiligin úyreniwde internet saytlarınan resurslarınan paydalanıw

***Tayanısh sózler***: *Lirikalıq, epikalıq, lirika, yumor, satira, lirik qaharman, obraz, syujet.*

Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda jazıwshınıń ómirbayanın úyreniw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıw basqıshların túsindiriw, usı dáwirdegi shayır, jaziwshılardıń dóretiwshiligi haqqında bilimge iye bolıw, ballada, sonet, satiralıq qosıqları, lirika, liro-dramalıq mifologiyalıq, tariyxiy poemalar haqqında máseleler jazıwshınıń ómirbayanın úyreniw barısında orınlanıp barıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı bağdarlamasında jazıwshınıń ómirbayanına baylanıslı materiyallar kóp berilgen. Bağdarlamada berilgen jazıwshınıń ómirbayanın úyreniwge baylanıslı temalardı izbe-izlik penen metodikalıq jaqtan úyrenip shıǵıw maqsetke muwapıq. Máselen, bağdarlamada A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Qayipbergenov, K.Raxmanovlardıń ómiri hám dóretiwshiligine baylanıslı keń maǵlıwmatlar berilgen. Solardıń ishinde T.Jumamuratovtıń ádebiyattaǵı ornı tuwralı túsinik berip, onıń qaraqalpaq ádebiyatınıń hár tárepleme rawajlanıwına óziniń lirikalıq, satiralıq qosıqlari, ertek hám gúrrińleri, pessa hám poemaları menen salmaqlı úles qosqan úlken talant iyesi ekenligin aytıp ótedi. Ol qaraqalpaq ádebiyatında belgili satirik hám lirik shayır sıpatında kórindi. Shayırdıń dáslepki lirikalıq qosıqları 1956-jılı «Júrek muhabbatı» degen qosıqlar toplamında basılıp shıqqanın, bunnan keyin «Doslıq» (1959), «Zamanlaslarım» (1961), «Dáwran juldızları» (1963), «Tańlamalı shıǵarmaları» (1967), «Tolqında» (1970), «Káramatlı tulǵa» (1975), «Tańlamalı shıǵarmalarınıń I, II tomı» (1978, 1980), «Túrli ótkeller» (1983), «Doslıq haqqında qosıqlar» (1988), «Ómirińniń ózi filosofiya» (2005) poeziyalıq toplamları menen, «Makarya sulıw» (1973) qosıq penen jazılǵan romanı basılıp shıqqanlıǵın túsindirip ótiw ádebiyatshı muǵallimnen talap etiledi. Sonlıqtan, ádebiyatshı muǵallimler shayır hám jazıwshılardıń ómir bayanın túsindiriw ushın eń dáslep kirisiw jumıslardıń mazmunın durıs túsingeni maqul. Bul jumıstıń mazmunı hár túrli bolıwı múmkin. Hár bir temanıń, hár bir

kórkem shiǵarmanıń ózine tán ózgeshelikleri bar. Soǵan qaray onı úyreniwde hár túrli usıldı talap etedi. Bul jerde shıǵarmanıń kólemi, janrlıq sıpatı, qıyın-jeńilligi, tili ayırmashılıqları dıqqatqa miyasar boladı. Muǵallim qaysı jumıs túrin qollanıwdı óz múmkinshiligine qaray tańlap aladı. Máselen, muǵallimniń kirispe sózi T.Jumamuratov dóretpelerine baylanıslı qollanıladı. Bul usılǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talap jazıwshınıń ómirine baylanıslı kólemi jaǵınan jıynaqlı, qısqa, mazmunlı hám til jaǵınan túsinikli bolıwı kerek. Shayır dóretiwshiligine baylanıslı mazmunsız, uzaq shubalańqı sóz qaysı sabaqta da paydasız, ádebiyat sabaǵında da artıq sóz shayırdıń ómiri hám dóretpelerine baylanıslı maǵlıwmatlardı tásirsiz jetkeredi, shıǵarmalardaǵı estetikalıq, ideyalıq mazmundı tómenletip jiberedi. Sonday-aq muǵallimniń kirispe sózi T.Jumamuratovtıń ómiri hám dóretiwshiligi menen tikkeley baylanıslı bolıwı shárt. Demek, muǵallimniń kirispe sóziniń mazmunı qanday bolıwın hár bir shiǵarmanıń xarakteri anıqlaydı. Usıǵan baylanıslı muǵallimniń kirispe sózinde tiykarǵı orındı T.Jumamuratov dóretiwshiligine berilgen túsinikler iyeleydi. Máselen, «Makarya sulıw» dóretpesine beriletuǵın túsinikler shıǵarmanıń teması menen ideyalıq mazmunına baylanıslı ádebiy tariyxıy túsinik sıpatında da teksttegi ayırım sózlerdi túsindiriw xarakterinde de, shayırdıń ómirin ótiwge baylanıslı da júrgiziledi. Sonlıqtan muǵallimniń kirispe sózi úsh túrli usılda qollanıwı múmkin. Birinshi, T.Jumamuratovtiń ómirine baylanıslı, ekinshi lirikalıq shıǵarmalarına hám epikalıq dóretpelerine baylanıslı, úshinshi prozalıq hám dramalıq shıǵarmalarına baylanıslı paydalanadı. 1. Shayırdıń ómiri tuwralı qısqa túsinik beriledi. Bunda onıń jasaǵan ortalıǵı, tuwılıp ósken awılı, islegen miynetleri aytıladı. 2. Lirikalıq hám epikalıq dóretpelerine baylanıslı qollanıladı, lirika, yumor, satira, lirik qaharman, obraz, syujet tuwralı túsinik beriledi. 3. Prozalıq hám dramalıq shiǵarmalarına baylanıslı qollanǵanda «Millicioner jigit», «Muhabbat sırı» gúrrińleri, «Tiklengen tuw», «Qızlar házili» dramalıq dóretpeleri tuwralı sóylep beredi. Egerde bul jaǵdaylar muǵallimniń kirispe sózi arqalı túsindirilip, anıqlama berilse, onda oqıwshılar dóretpelerdiń mazmunına jeterli túsinik beriwi múmkin.

## 4-tema: Konferenciya hám pikirlesiw sabaqların shólkemlestiriw

**Jobası:**

1.Konferenciya sabaǵın shólkemlestiriw usılları

2.Pikirlesiw sabaǵın shólkemlestiriw usılları

3. Berdaq shıǵarmaların konferenciya sabaǵı menen oqıtıw

4.Ótesh shıǵarmaların konferenciya sabaǵı menen oqıtıw

5.I.Yusupov shıǵarmaların konferenciya sabaǵı menen oqıtıw

***Tayanısh sózler:*** *Sabaq, metod, sabaq túrleri, diskussiya, sayaxat, konferenciya, jarıs, seminar, metodika.*

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen keyingi dáwirde jámiyettiń barlıq tarawları sıyaqlı bilimlendiriw salasında da úlken ózgerisler boldı. Usı kóz qarastan ózbek hám qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasına baylanıslı izertlew jumıslarına, ilimiy metodikalıq miynetlerge toqtap ótkenimiz maqul. S.Axmetov[3], Á.Paxratdinov[4], Q.Yóldoshev[5], B.Tuxliev[6], F.Isqoqov[7], K.Palımbetov[8] h.t. basqalardıń metodikalıq miynetlerinde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde ádebiyattı oqıtıwdıń áhmiyetli máselelerine dıqqat awdarǵan. Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasına qaraqalpaq ádebiyatın úyreniwge baylanıslı materiallar kirgizilgen. Bul materiallar sabaq túrleri arqalı ámelge asadı. Sabaq-bul oqıtıwdıń tiykarǵı forması. Usı másele boyınsha belgili metodistler Q.Yuldoshev, B.Tuxliev, S.Matjanov, S.Axmetov, Á.Paxratdinov hám basqalar metodikalıq pikirlerin bildirgen. Professor Q.Yuldoshev sabaq túrlerinen diskussiya, sayaxat, konferenciya, jarıs, seminar sabaqlarına teoriyalıq jaqtan sıpatlama hám maǵlıwmat beredi[9]. Metodist alım B.Tuxliev sabaq tuwralı óz pikirlerin bildirip, birneshe sabaq túrlerin atap ótedi. Al, prof.Á.Paxratdinov miynetinde: "Ulıwma

[3] Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.

[4] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» ,2004.

[5] Йўлдошев Қ. Ўқитувчи китоби. Тошкент. «Ўқитувчи», 1997.

[6] Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент, 2010.

[7] Исқоқов Ф. Мактабта Гулханий адабий меросининг ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1983.

[8] Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. Нөкис, 2009. Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим»,1993. Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Питкериў қәнигелик жумысларын таярлаў. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1986. Жалилов Б., Шарипова М. Мактабта драматик асарларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1992; Зуннунов А.С. Педагогик тадқиқот методикаси. Тошкент, 2000; Исматов С. Мактабта Абдулла Қаҳхорнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент, 1988.

[9] .Йўлдошев, О. Мадаев, А. Абдураззоқов. Адабиёт ўқитиш методикасы. Тошкент, 1994, 32-35-bet.

orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda házirge shekem biykarlanbaǵan, hátte zárúrli tómendegidey sabaq túrleri bar: kirisiw, aralas, birlesken, oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túri, oqıwshılardıń bilimin, isenimin hám kónligiwlerin sınap kóriw sabaq túri, juwmaqlaw, tákirarlaw, seminar formasındaǵı sabaq túrleri."[10] Metodistlerdiń miynetlerindegi bul sabaq túrleri qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında da qollanıla beredi. Sonlıqtan, tiykarınan eki máselege dıqqat awdarǵandı maqul kórdik. Birinshisi, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqqa qoyılatuǵın talaplar hám onı shólkemlestiriw formaların úyrenip shıǵıw kerek. Ekinshisi, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda metodlardan paydalanıw usılların izertlep shıǵıw tiykarǵı maqset etip qoyıldı.

Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı:

- Oqıwshılarǵa arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq bolıp, oqıwshılardı bilim hám kónlikpeler sisteması menen qurallandırıladı;
- Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq sabaqtıń maqseti hám wazıypaları, ondaǵı baslı hám ekinshi dárejeli máseleler anıq belgilenedı;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda bilim beriwshilik, tárbiyalıq hám rawajlandırıw maqseti hám olardıń birligi saqlanıwı kerek;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında oqıwshılardı ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawǵa, olardıń sanasına milliy ideya menen ǵárezsizlik ideyalogiyasın sińdiriwge qaratılıwı kerek;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw arqalı xalqımızdıń tariyxın túsindirip, oqıwshılar sanasına óz watanı, xalqı ushın maqtanısh sezimin qáliplestiriw kerek.

Sonday-aq, sabaq barısında hárbir oqıwshıǵa jeke qatınasıqta bolıw, uqıplı, talantlı hám tómen úlgeretuǵın oqıwshılar menen jeke islesiwdi támiyinlew, jaslardı bilimdi ózbetinshe izlep tabıwǵa, bilimdi ózbetinshe iyelewge ádetlendiriw, sabaq barısında oqıwshılarda erkin pikirlewdi, oy-órisi menen uqıplılıǵın rawajlandırıw zárúr.

[10] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» ,2004, 130-131-bet.

Sabaqtıń túrleri qanday bolsa, olardıń dúzilisi soǵan sáykes dúziledi. Hárbir sabaqtıń dúzilisi sabaqtıń maqsetine, didaktikalıq wazıypalarına, qollanılatuǵın metodlar menen kórsetpeli, texnikalıq qurallarǵa, oqıwshılardıń jas hám jeke ózgesheliklerine, sabaqlarda qanday pedagogikalıq texnologiyanı qollanıwǵa, ótkeriletuǵın orınǵa hám ádebiyatshı muǵallimniń sheberligine baylanıslı belgilenedi. Olardıń ayırım basqıshları keńeyiwi de, yamasa tarayıwı da, qollanılatuǵın oqıtıw usılları, quralları hám metodlarınıń orınları menen xızmeti ózgeriwi múmkin. Sonlıqtan házirgi zaman sabaq túrlerin hám olardıń dúzilislerin jańasha islep shıǵıw milliy pedagogikanıń baslı wazıypalarına kiredi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtan basqa túrleri oqıw sayaxatı, seminar, ámeliyat, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar menen úyrenilse de boladı. S.Axmetov, Á.Paxratdinov, Z.Ayjanova, K.Palımbetovlardıń miynetlerinde sabaqtıń túrleri hám baǵdarlama materialların oqıtıw boyınsha metodikalıq pikirler bildirilgen. Bul metodist alımlar ádebiyat sabaqların shólkemlestiriwdiń ózine tán ózgesheliklerin, olarǵa qoyılatuǵın zamanagóy talaplar, ádebiyat sabaqlarında oqıtıwshılardıń iskerligin jolǵa qoyıw hám onı paydalanıw, zamanagóy informaciyalıq hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw, sabaqtıń tásirligin hám sapasın asırıw máseleleri tuwralı metodikalıq pikirler júrgizgen hám bildirgen.

Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılar menen islesiwdiń túrli formalarınan paydalanıw múmkinshilikleri belgili. Sonday-aq topar menen hárbir oqıwshı menen islesiw muǵallimnen sheberlik talap etedi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında hár túrli sabaqlıqlardan paydalanıw ótiletuǵın materiallardıń nátiyjeligin hám sapasın arttırıp baradı. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi. Solay eken, búgingi kúni sabaqtı shólkemlestiriwde qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardıń biri – bul hárbir ótiletuǵın taza temanıń ilimiy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan bolıwı hám oqıwshılardıń imkaniyatın esapqa alǵan halda temanıń kólemin belgilew, onıń quramalıǵın anıqlaw, sabaqta kerek bolatuǵın materiallardı belgilew hám qosımsha kórgizbeli qurallar menen bayıtıw, jáne de sabaqta mashqalalı sharayattı jaratıw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Solardıń ishinde konferenciya sabaǵınıń metodikasına toqtaǵandı maqul taptıq.

Konferenciya sabaǵı haqqında metodist oqıtıwshılar tárepinen tómendegi pikirler bildirilgen: “Konferenciya sabaǵı klasta hám klastan tıs ótiletuǵın sabaqtıń

bir túri. Materiallardı konferenciya sabaǵı arqalı mına maqsetlerde úyrenemiz. Ótiletuǵın material haqqında túsinik, materialdı úyreniwde ilimiy teoriyalıq miynetlerdi tereńnen biliw, materialdı úyreniwde oqıwshılardıń temaǵa túsinigin rawajlandırıw"[11]-dep konferenciya sabaǵınıń maqsetin hám wazıypaların orınlı ashıp kórsetken. Demek, konferenciya sabaǵı oqıwshılardıń qıziǵıwshılıǵı esapqa alınǵan halda ótiletuǵın sabaqtıń túri. Bul sabaq túrin ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasın oqıtıw barısında paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, baǵdarlamada berilgen tema sholıw lekciyasına ıqshamlastırıp berilgen. Ekinshiden, oqıwshılar ǵárezsizlik dáwirindegi poeziya menen IX hám XI klaslarda tolıq tanısıp aladı. Úshinshiden, ǵárezsizlik dáwirde birneshe shayır dóretiwshiligi úyreniledi. Usılardı esapqa alǵan halda usı tema átirapında konferenciya sabaǵın paydalansaq oqıwshılarda qızıǵıwshılıq hám temaǵa túsinigi arta baslaydı. Konferenciya sabaǵın shólkemlestiriw ádebiyatshı muǵallim tárepinen ámelge asırıladı. Muǵallim ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń ideya-tematikalıq baǵdarın, usı dáwirdegi shayırlardıń dóretpeleri boyınsha túsinik beredi. Keminde bir hápte burın akademiyalıq liceydiń oqıwshılarına tómendegi temalar bayanat ushın bólistiriledi.

1. Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasınıń tematikası hám rawajlanıw baǵdarı.
2. I.Yusupovtıń ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyasınıń tárbiyalıq áhmiyeti.
3. O.Sátbaev poeziyasında tariyxıy shınlıqtıń súwretleniwi.
4. N.Tóreshova lirikasında Watan temasınıń jırlanıwı.
5. J.Izbasqanov dóretiwshiliginiń izertleniwi.
6. X.Dáwletnazarov poeziyası.

Muǵallim konferenciya sabaǵın baslamastan aldın oqıwshılardıń tayarlıǵın kórip shıǵadı. Burın hárbir bayanatshıǵa eki pikir bildiriwshiler bekitilip qoyıladı. Olardıń wazıypası hárbir bayanattıń mazmunı hám sapalılıǵına itibar beredi. Sabaq baslanǵannan soń bayanatshılardıń temaları oqıp esittiriledi. Bayanattı oqıw ushın kem degende 6 minut waqıt belgilenedi. Shıǵıp sóylewshiler ushın 3 minut waqıt ajıratıladı. Sonda 6 bayanat ushın 36 minut ketedi. 12 shıǵıp sóylewshige 3 minuttan 36 minut jumsaladı. 72 minut ishinde shıǵıp sóylewshiler hám pikir

[11] **Юсупов Қ**. Қарақалпақ әдебиятында конференция сабағының өтилиў жағдайлары. «Шымбай ҳаўазы» газетасы, 1990, 20-декабрь. **Юсупов Қ.** Бердақ шығармаларын үйрениўде конференция сабақ түринен пайдаланыў. Түркий халықлар әдебиятының гейпара мәселелери ( Илимий мийнетлер ), Нөкис-2004. –Б. 30-32.Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011, 43-44-bet.

bildiriwshiler óz kóz qarasların bildirip, sabaqtı juwmaqlawǵa 8 minut waqıt beriledi. Bunda ádebiyatshı muǵallim sabaqtıń nátiyjelerin aytıp ótedi. Hárbir bayanatshıǵa tiyisli baha beriledi. Shıǵıp sóylewshilerge de bahalar qoyıladı.

Hárbir bayanatshınıń shıǵıp sóylegen sózlerinen mısallar keltirip óteyik.

**Birinshi bayanatshınıń sózi:** Ǵárezsizlik jıllarına kelip qaraqalpaq poeziyasında poema janrında da rawajlanıwlar boldı. Belgili shayırlardan O.Sátbaev, J.Izbasqanov, X.Dáwletnazarovlardıń poemaları baspadan shıqtı. J.Izbasqanovtıń "Kamal", X.Dáwletnazarovtıń "Iyesiz jurt", N.Tóreshovanıń "Jetim qız" poemaları dóretildi. Bul dóretpeler tásirli jazılǵan.

**Birinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** Bul bayanatta ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń rawajlanıw baǵdarın sholıw jasadı. Ondaǵı belgili shayırlardıń dóretpelerinen mısallar keltirip, tek temaları aytılıp ótildi. Meninshe, ayırım shayırlardıń dóretpelerine qısqa tallaw islegende maqsetke muwapıq bolar edi. Máselen, Ǵárezsizlik dáwirde I.Yusupovtıń "Mángi bulaq", "Búlbil uyası", "Mámelek oy", "Poseydonnıń ǵázebi", "Watan topıraǵı" h.t. basqa dóretpeleri kórkem qurılısında realislik hám erteklik, mifologiyalıq syujetlerdiń, obrazlardıń elementleri jámiyettegi, dáwirimizdiń aktual máselelerin kótere alıwı, oqıwshılarımızda joqarı estetikalıq talǵamdı qáliplestiriwge xızmet etiwi menen bahalı sın pikirler aytılıwı kerek edi. Ulıwma bayanat jaqsı jazılǵan dep esaplayman.

Usı formada birneshe shıǵıp sóylewshiler ózleriniń sın pikirlerin bildirip baradı. Bul usıl bir jaǵınan oqıwshılardı bayanat jazıwǵa dóretiwshilik penen qatnas jasawǵa úyretce, ekinshi jaǵınan oqıwshılarda juwapkershilik kúsheyip sabaqqa tayarlıǵı, qızıǵıwshılıǵı artıp baradı. Jáne de bayanatshılardıń hám shıǵıp sóylewshilerdiń sózlerinen úzindiler keltirip óteyik:

**Ekinshi bayanatshınıń sózi:** "I.Yusupov qaraqalpaq poeziyasın janrlıq hám formalıq jaqtan bayıttı. Onıń ǵárezsizlik jıllarında jazılǵan dóretpeleri "Begligińdi buzba sen" (1995), "Búlbil uyası" (1995), "Ómir saǵan ashıqpan" (1999), "Hárkimniń óz zamanı bar"(2004) toplamlarına kirgizilgen.

Shayır lirik qaharmanlardıń ishki dúnyasındaǵı alaǵadalıqlar menen bazıbir túsınbewshiliklerdi, belsendiliktiń jetispewshiligi menen bazar ekonomikasınıń bazıbir nuqsanlarında jasırǵan joq. Máselen, shayırdıń sonǵı toplamlarında orın alǵan "Múnájat", "Kórsetken ráhátli kúniń usıma?", "Bazar jolında", "Men qorıqpayman", "Tók tawındaǵı oylar", "Kendir menen xoshlasıw" hám basqa da qosıqlarında haqıyqatlıqtı tuwrı súwretledı. Shayırdıń "Múnájat" qosıǵında:

Táńirim, insap ber óz bendelerińe,
Bul barısta neshik zamana bolar,
Dárt jamalıp kewillerdiń sherine,
Dáwir dağdarıstan awara bolar.

“Men qorıqpayman” qosığında shayır basqasha oylardı, pikirlerdi bildiredi. “Men qorıqpayman, saylań , meyli saylamań, mağan onsha úmit baylamań”-dep usı jılları deputat saylaw, el-xalıq basshıların lawazımğa qoyıwdıń orınsız tárepleri ashıp kórsetiledi. Ulıwmalastırıp aytqanda, I.Yuspovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyası ádebiyatımızdıń úlken jetiskenligi menen maqtanıshı boldı.”

**Ekinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** “Bayanatshı I.Yusupov poeziyası boyınsha jaqsı pikir bildirip, shıǵıp sóyledi. Biraq kórkem ideyalar, shayırdıń lirikalıq qosıqlarındağı tárbiyalıq áhmiyeti jeterli aytılmadı. Onıń qosıqlarınan úzindiler az keltirilgen. Bayanatta jańalıq az.

**Úshinshi bayanatshınıń sózi:** Ǵárezsizlik jıllarında N.Tóreshova poeziyası belgili orın iyeleydi. Shayırdıń “Sáwir samalı”(1988), “Periyzat”(1991), “Tutqın”, “Jetim qız” qosıqlar toplamları hám poemaları baspadan shiqtı.

N.Tóreshovanıń ǵárezsizlik dáwirindegi lirikası publicistikalıq ruwxınıń ótkirligi, mártligi, oy hám sezimlerdiń ashıqtan ashıq súwretlewi, ózine tán kórkem forması, qosıq qurılısı, ırǵaǵı menen ayırılıp turadı. Shayırdıń “Tutqın”, “Jetim qız” poemaları belgili orındı iyeleydi. Ásirese, shayırdıń “Tutqın”, “Jetim qız” dóretpesi házirgi milliy poeziyamızda elewli hádiyse boldı. Bul dóretpede tariyxıy waqıyalar óziniń realistlik súwretlew ornın taba alǵan. Sonday-aq dóretpede watandı qorǵaw ideyası, adamgershilik, hadallıq, máseleleri jırlanadı.

N.Tóreshova poeziyası menen qaraqalpaq poeziyasın formalıq, tematikalıq hám janrlıq jaqtan bayıtqan belgili shayır.

**Úshinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** “N.Tóreshovanıń boyınsha bayanat jaqsı jazılǵan. Biraq shayırdıń kópshilik qosıqlarına jeterli tallaw islenbegen. Poemadan úzindi keltiriwi kerek edi. Bayanattı jazıw barısında usı tareplerdi ashıp, mısallardı orınlı keltirgende bayanat joqarı dárejede jazılǵan bolar edi.Pikirlew jetispey qaldı.”

**Tórtinshi bayanatshınıń sózi:** “Keńesbay Karimov ǵárezsizlik jılları lirikalıq qosıqlar jazıwda tabıslı miynet etti. Olarda shayır xalqımızdıń búgingi kúni ushın áhmiyetli bolǵan social-jámiyetlik máselelerdi ortaǵa qoydı. Oqıwshılardıń dıqqatın tez awdaratuǵın, jas áwladlarǵa sabaq bolatuǵın áhmiyetli shıǵarmalardı inam etti. Onıń “Araldan keldi”, “Kóńlim múlki” atlı poetikalıq

toplamları poeziyamızdıń tabısı esaplanadı. “Watan haqqında gimn” qosıǵı tásirli jazılǵan.

Qırım bes graduslıq ıssılarında,
Qumları kúydirip tabanlarımdı,
Saratanda esken samallarıńnan,
Qurǵar erinlerim qaq-qaq jarıldı-

dep lirik qaharmannıń tuwılǵan jeri haqqında oyları kórkemlilik penen súwretlengen. Shayırdıń “Boljaw”, “Suw tasıwshı”, “Ata mákán” sıyaqlı qosıqlarında burıngı ózgergen ana tábiyatımız benen oǵan juwapkersizlik penen qaraǵan zamanlaslarımızdıń bazıbir unamsız háreketleri isenimli súwretlengen.”

**Muǵallim:** Bayanat boyınsha sorawlar barma?

**Soraw:** K.Karimov poeziyasında jaslardı adamgershilikke tárbiyalaytuǵın qosıqlarınan mısallar keltiriń.

**Juwap:** Isenemen…

Mıń jıl boyı tabısıp atırǵan,
Ashıqlardı ayra salmaslıǵına,
Boljawlardı pushqa shıǵarıp hám,
Ámiw, Aral qurıp qalmaslıǵına…-

dep kórsetiwi “Boljaw” qosıǵındaǵı tiykarǵı ideyası esaplanadı. Onda zamanlaslardı aqıl-parasatlılıqqa, gumanizmge, sergeklikke tárbiyalaydı.

**Besinshi bayanatshınıń sózi:** “ Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq poeziyası haqqında pikirler bildiretuǵın bolsaq, hárbir shayırdıń dóretiwshiligi xalıq awızeki dóretpeleri, klassikalıq ádebiyat, túrkiy xalıqlar ádebiyatı hám Batıs xalıqları ádebiyatınıń dástúrlik úlgileri menen tıǵız baylanısta rawajlanǵanınan derek beredi. Belgili shayır O.Sátbaev poeziyasın usı kózqarastan bahalaytuǵın bolsaq, onıń poeziyası ideyalıq hám tematikalıq jaqtan júdá keń. Shayır poeziyası watan, ana, tábiyat, tuwılǵan jer, adamgershilik, haqıyqatlıq haqqında temalardan quralǵan.

Orazbay Sátbaev ǵárezsizlik dáwirde eń kózge túsken talantlı shayırlardıń biri. Onıń “Dáslepki qar”(1988), “Ay sıǵalaydı”(1992), “Dónbekshigen dúnyasań”(1995), “Tırnalar”(2007), “Arzıwlar daraǵı” atlı poeziyalıq kitapları basılıp shıqtı. Shayır qosıqlarınıń ideyalıq hám temalıq baǵdarı tiykarınan watanǵa súyiwshilik, ádebiy miyraslardı qádirlew, doslıq, ádep-ikramlılıq, jaqsılıq ideyalarına qurılǵan. Shayırdıń hárbir qosıǵı kórkemlik jaqtan tásirli hám sheber jazılǵan. Máselen, onıń «Jańa ásir bosaǵasında», «Kiyik ǵayı kirgen jamǵırlı

keshte», «Qarabaraqlar», «Sanatsiya», «Pushaymanlıq», «Úshinshi duel», «Áyledi», «Melle shash nar qamıslar», «Qıyalıy dúnya» h.t.b. qosıqlarında ideyalıq jaqtan hárqıylı temalar súwretlengen. «Kitap» qosıǵında tariyxıy ómir shınlıǵı, xalıq ádebiy miyrasların qádirlew ideyası kórkemlik jaqtan ótkir súwretlengen. Qosıq jazıwda shayır ápiwayı hám kórkemlik jaqtan súwretlew usıllarınan orınlı paydalana bilgen. Dóretpede «kitap» sózine obraz júklenip, bul sóz kórkem detal sıpatında xalıqtıń mádeniy ǵáziynesin ańlatıp tur. Shayır qosıqta filosofiyalıq oyların jetkere bilgen. óytkeni, shayırdıń ózi: «Kitaplar-dáwirler tolqınların jarıp ótip, qımbat bahalı júklerin áwladtan-áwladqa qásterlep jetkiziwshi ruwxıylıq kemeleridur» - dep kórkem kitapqa tariyxıy kóz qarastan joqarı baha beredi. Qosıq qatarlarınan mısallar keltirip óteyik:

Dáwirler dáryasın qaq ayırıp,
Sózlerdi mánili, qısqa qayırıp,
Berdaq, Ájiniyazday ne bir shayırın,
Qásterlep altınǵa qaplaǵan kitap[12].

Usı qatarlarında shayır kórkem oy-pikirlerdi tásirli jetkere bilgen.

Haqıyqatında da qosıq qatarların poetikalıq til menen súwretlew sheberligi oqıwshılardıń pikirlew dúnyasına, ruwxıy sezimlerine ádewir tásir jasaydı. olardıń júreginen xalıqtıń ádebiy miyraslarına bolǵan jıllı sezimlerdi oyatıp, kórkem dúnyanı tanıwǵa sebepshi nárse bul mádeniy hám ádebiy miyraslardı tereńnen úyreniw ekenligine túsinigi artadı. Sonday-aq shayırdıń dáwirge bolǵan kóz qarasları «Jańa ásir bosaǵasında» ayrıqsha bayanlanıp, ásirese Aral teńiziniń qurıp ketiw sebepleri, xalıq aralıq ekologiyalıq mashqalalar haqqında, ǵárezsizliktiń xalıqqa alıp kelgen tabısları hám erkinligi tuwralı sezimlerdi kórkem til menen súwretlegen.

Ótmishke aylanǵan hár kúnim ertek,
Tabılmadı qáste Aral dawası,
Álemge jar salar qaytarıp ber dep,
Jańa tuwǵan hárbir bóbek hawazı[13].

Mine, dúnya mashqalalarınıń biri –bul Aral teńizi ekenligin shayır durıs túsine bilgen. Bul teńizdiń suwı qurıp ketiwi, nátiyjede ultannan duzlı qumlardıń kóterilip, xalıqtıń hasıldar jerlerin buzıp, jerlerdi duz qaplap, aqıbetinde elimizdiń hasıl jerleri buzılıp, shólistanǵa aylanıp, mallar ushın jaylawlar tarılıp, barlıq jerler kebirlik appaq qarǵa, shorǵa aylanıp atırǵanın tereń qayǵırıw menen súwretlep,

---

[12] **Сәтбаев О.** Арзыўлар дарағы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010,3-бет.
[13] Сонда-4-бет.

keleshek áwladtıń jasaw jaǵdayı júdá qıyın bolatuǵının shayır: «Álemge jar salar qaytarıp ber dep, Jańa tuwǵan hárbir bóbek hawazı»-degen qatarlar menen poetikalıq til menen jırlaǵan.

**Pikir bildiriwshi**: "Bayanattı jaqsı jazǵan. Óziniń pikirlerin izbe-iz bere alǵan. Shayırdıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasına qosqan úlesi tuwralı az maǵlıwmat bergen. Bayanatshı óz sózlerinde shayırdıń ádebiyattaǵı ornın ashıp beriwge háreket islewi kerek edi."

Solay etip, pikir bildiriwshi oqıwshılar bayanattıń jetiskenligin hám kemshiligin aytadı. Barlıq bayanat oqıladı. Bayanatshılarǵa sorawlar berilip barıladı. Jarıs sózlerge shıqqan pikir bildiriwshilerdiń ǵárezsizlik dáwirdegi poeziya boyınsha túsinigi sezilip barıladı. Olardıń usı dáwirdegi shayırlardıń dóretpeleri boyınsha túsinigi, I.Yusupov, Sh.Seyitov, K.Raxmanov, J.Izbasqanov, X.Dáwletnazarov, O.Sátbaevlardıń lirikalıq qosıqları, epikalıq dóretpeleriniń syujeti, qaharman obrazı, obraz jasawdaǵı sheberligi, shayırlıq stillik ózgeshelikleri túsindiriledi. Sonıń ushın konferenciya sabaǵında oqıwshılardıń poeziyalıq shıǵarmalardı tallawı, dóretpeniń mazmunına túsinigi artadı. Nátiyjede konferenciya sabaǵında oqıwshılardıń poeziyalıq shıǵarmalardı tereńirek túsiniwge hám ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarına pikirlew qábileti rawajlanadı. Sonday-aq akademiyalıq licey oqıwshıları menen ótkerilgen ǵárezsizlik dáwirdegi poeziya boyınsha konferenciya sabaǵı, olardıń ilimiy kóz qarasların, oy-órisin rawajlandırıwǵa baǵdar boladı.

Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq poeziyasına arnalǵan konferenciya sabaǵın basqa sabaq túrlerine salıstırǵanda úlken artıqmashlıǵı bar.

1. Usı dáwir poeziyasına arnalǵan konferenciya sabaǵına oqıwshılar úlken qızıǵıwshılıq hám juwapkershilik penen qatınasadı.
2. Konferenciya sabaǵına tayarlanıw barısında oqıwshılardıń izleniwshiligi, ilimiy miynetlerdi oqıwǵa qızıǵıwshılıǵı artıp, I.Yusupov, J.Izbasqanov, N.Tóreshova, O.Sátbaev h.t.basqa shayırlardıń dóretpelerin tallawǵa uqıbı payda boladı hám artadı.
3. Ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyanı úyreniw ushın saat az berilgen. Usılardı esapqa alsaq, bul sabaq túri arqalı oqıwshılardıń temaǵa túsinigi ádewir tereńlesip baradı, ádebiy shıǵarmalardı durıs túsinip oqıwǵa ıqlası kúsheyedi. Demek, konferenciya sabaǵı-bul oqıwshılarda izleniwshilikti payda etedi.

Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq poeziyasınıń tematikası, ideyalıq baǵdarı haqqında oqıwshılarǵa túsinik beriledi. Watandı qorǵaw teması, watanǵa súyiwshilik máselesi ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq poeziyasında da tiykargı tema boldı hám shayırlar tárepinen jırlandı. Bul temanı disput sabaǵı arqalı úyreniw akademiyalıq licey oqıwshılarında úlken qızıǵıwshılıq oyatadı.

Akademiyalıq liceylerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı materiallardı hárqıylı sabaq túrleri arqalı úyretiw oqıwshılardıń bilimin hám teoriyalıq túsinigin tereńletiwde, kónlikpelerin iyelewde eń áhmiyetli metodikalıq máselelerdiń biri. Dáslep baǵdarlamada berilgen materiallardıń kólemin hám saatın anıqlaw zárúr. Hárbir sabaqtıń qızıqlı hám tásirli bolıwı ushın ótilejaq temanıń kólemine hám maqsetine túsiniw kerek.

Baǵdarlamada berilgen ayırım qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha materiallardı úyretiw barısında konferenciya yaki pikirlesiw (disput) sabaq túrleri menen oqıtqan maqul. Bul pikirlesiw (disput) sabaǵınıń maqseti, wazıypaları, basqıshlarǵa bóliw usılları, olardı bahalaw máselesin dáslep pán muǵallimniń ózi belgilep alıwı kerek. Bul sabaqtı ótkeriw tártibi haqqında toqtap óteyik. Sabaqtıń qurılısı basqa sabaq túrleri sıyaqlı ótkeriledi. Biraq sabaqta berilgen material boyınsha keńirek pikir alısıw boladı. Sonlıqtan, jańa tema basqıshında waqıttı kóbirek beremiz. Sabaqtı qurallandırıw barısında tómendegi metodikalıq adebiyatlardan paydalanamız

1. Orazımbetov Q. (avtor menen) Qaraqalpaq ádebiyatı (Kolledji oqıwshıları ushın sabaqlıq). Nókis. «Bilim», 2010.
2. İlimiy metodikalıq miynetlerden paydalanıw. Axmetov S., A.Paxratdinov, Pirnazarov A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 1988., Yuldoshev Q., Madaev O., Abdurazzokov A. Adabiyot óqitish metodikası. Toshkent-1994., Paxratdinov A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis. «Bilim», 2004.

Kórsetpeli qurallar: Albomlar, shayırdıń súwretleri, toplamlar hám texnikalıq qurallar.

Sabaqtıń maqsetinde oqıwshılardıń sabaqtaǵı ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası boyınsha túsinigi, pikirleri, oy-órisi hám til baylıǵın rawajlandırıw, oqıwshılarǵa berilgen material boyınsha tálim-tárbiya beriw, olarda adamgershilik, Watanǵa súyiwshilik ádep-ikramlılıq qásiyetlerdi qáliplestiriw dıqqatqa alınadı.

Sabaqtıń barısında shólkemlestiriw (Oqıwshılardıń qatnasın, klass tazalıǵın anıqlaw. Sabaq ótiwge múmkinshilik jaratıw.), jańa temada ǵárezsizlik

dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası boyınsha túsinik beriw, oqıwshılarǵa sorawlar túsinikli bolıw ushın klass taxtasına jazılıp qoyıladı. Sorawlar mına tártipte jazılǵanı maqul:

1. X.Dáwletnazarovtıń “Iyesiz jurt” poeması haqqında túsinik;
2. K.Raxmanovtıń “Tuwılǵan jerge” qosıǵı;
3. O.Sátbaevtıń “Jańa ásir bosaǵasında” qosıǵı;
4. Á.Ótepbergenovtıń dástanlıq shıǵarmaları.

Solay etip, bul sorawlar hárbir oqıwshıǵa beriledi. Oqıwshılar sorawlarǵa juwap beredi. Hárbir oqıwshınıń bergen juwaplarına tereń dıqqat awdarılıp, soń bergen juwaplarına juwmaq jasalıp muǵallim tárepinen tiyisli bahalar qoyıladı.

**Birinshi oqıwshı:** X.Dáwletnazarovtıń “Iyesiz jurt” poeması lirik qaharmannıń óz jurtına, ata-anası menen tuwısqanlarına, doslarına degen úlken muhabbat sezimlerin jırlawshı, adamgershilik penen joqarı patriotizmdi ulıǵlawshı dóretpe bolıp tabıladı. Shayır bunda ózi tuwılıp ósip, kámalǵa kelgen “Qıysıq Terek” awılın ayrısha bir lirizm menen esleydi. Lirik qaharmanǵa awılındaǵı hátteki tozıǵı jetken, bir dóńgelegi joq eshek arba da qádirli kórinedi. Avtor sol arqalı jaslıqtıń bir tutas kórinisin kóz aldına keltiredi. Lirik qaharmanǵa kúnde, kún ara pulǵa satılıp, qırqılıp, tros sımlar menen tartılıp, tamırınan úzilip áketilip atırǵan, bir waqıtları ákesi ekken baǵ aǵashları, qádimgi sárwi tallar menen aq tallardıń qaldıqları júdá ayanıshlı kórinedi. Olarǵa lirikalıq qaharman óz ayanıshların bildiredi. Lirikalıq qaharman eń aldı menen awılın maqtanısh etedi, awılǵa degen saǵınıshların ortaǵa saladı, tuwılgan jerge degen nemquraylıǵı ushın sınap mineydi.

**Ekinshi oqıwshı:** K.Raxmanovtıń “Tuwılǵan jerge” atlı qosıǵı poetikalıq jaqtan sheber jazılǵan. Bunı tómendegi qatarlarda kóremiz:

Xalqıń seniń Qaratawday tózimli,
Jollarıńnan keler edim adaspay,
Tańıp jibersede eki kózimdi.
Jigitleriń ózin ǵoshshaq sanaǵan,
Qızlarınıń gózzallıǵı anadan,
Kempirleriń- dilwarlıqtıń uyası,
Ǵarrıların pátya alǵan danadan.

Bul qatarlar shayırdıń tuwılǵan jer, Watan haqqında aytılǵan poetikalıq pikirleri bolıp esaplanadı. Onda lirik qaharman shayırdıń jeke óziniń pikirlerin ǵana sáwlelendiriw menen sheklenip qalmaydı. Ol búgingi zamanlaslarımızdıń

ulıwmalastırılǵan, jetilistirilgen ruwxıylıq kelbetin, Watan tuyǵısın, xalıq mápin, patriotizm ideyaları menen suwǵarılǵan insannıń umtılısın biziń kóz aldımızǵa keltiriwge asıǵıp atırǵanday. Sonlıqtanda bul qosıq búgingi jas áwladlarımız ushın da tárbiyalıq áhmiyetke iye.

**Úshinshi oqıwshı**: O.Sátbaevtıń «Jańa ásir bosaǵasında» qosıǵına dıqqat awdarıp qaraǵanımızda qosıqtıń tematikası júdá keń. Birinshiden, shayır tuwılıp ósken jerine degen súyiwshilik sezimin bildirip watan temasın súwretlese, elge, xalıqqa úlken apatshılıq alıp kiyatırǵan Aral ekologiyasına bolǵan kózqarasın bildirse, úshinshiden, xalıqlar doslıǵı temasın jırlap bere alǵan. Demek, bir qosıqtıń ózinde úsh túrli tema súwretlengen. Bul temalar watanǵa degen súyiwshilik sezimlerge biriktirilgen. Kópshilik shayırlar «Watan» dep watanǵa bolǵan kózqarasların bildirgenin bilemiz. Álbette, bulardıń barlıǵı shayırdıń stiline, súwretlew usıllarına baylanıslı boladı.

**Tórtinshi oqıwshı:** Á.Ótepbergenovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi lirikalarında kózge túsip atırǵan ideyalıq-estetikalıq ozgesheliklerdiń biri sonnan ibarat, ol qaraqalpaq poeziyasına diniy-filosofiyalıq táliymatlardaǵı haqlıq hám hadallıq, iyman-insap, joqarı adamgershilik tuwralı túsinikler menen ideyalardı sheber endirmekte. Onıń "Allańdı umıtpa!", "Allada esap bar", "Alla jańılmas" atlı dástanlarında baslı orında turadı

Ulıwmalastırıp aytqanda, pikirlesiw sabaǵında birneshe oqıwshılardan sorap úlgeriw kerek. Hárbir oqıwshı tiyisli pikirlerin bildirip baradı. Eń jaqsı juwap bergen oqıwshılarǵa reyting tiykarında joqarı baha qoyılıwı kerek.

Ulıwma disput sabaǵı oqıwshılarda úlken tásir qaldıradı. Olardıń pikirlerine qoyılatuǵın bahalar reyting tiykarında boladı. Hárbir oqıwshınıń sorawlar boyınsha pikirleri esapqa alınıp, qızıǵıwshılıǵına itibar beriw tiyis. Sonlıqtan bahalaw kriteriyasın shama menen bılayınsha qoyıw maqsetke muwapıq.

Birinshi oqıwshı X.Dáwletnazarovtıń "Iyesiz jurt" poeması haqqındaǵı berilgen sorawǵa qızıǵıwshılıq penen qatnasıp, pikirlerin izbe-iz bayanlap, stilistikalıq qátelerge jol qoymadı. Berilgen sorawǵa tıyanaqlı hám anıq juwap berdi. Sonlıqtan oǵan «5» bahası qoyıldı.

Ekinshi oqıwshı K.Raxmanovtıń "Tuwılǵan jerge" qosıǵı tuwralı pikirlerin izbe-iz jetkerdi. Biraq stilistikalıq jaqtan azı-kem qátelikke jol qoydı. Sorawǵa tıyanaqlı hám anıq juwap berdi. Oǵan «4» bahası qoyıldı.

Úshinshi oqıwshı O.Sátbaevtıń «Jańa ásir bosaǵasında» qosıǵı boyınsha pikirlerin izbe-iz jetkere aldı. Ol stilistikalıq qátelerge jol qoydı. Oǵan «4» bahası qoyıldı.

Tórtinshi oqıwshı Á.Ótepbergenovtıń dástanlıq shıǵarmaları tuwralı pikirlerin izbe-iz jetkerdi. Biraq stilistikalıq jaqtan azı-kem qátelikke jol qoydı. Sorawǵa tıyanaqlı hám anıq juwap berdi. Oǵan «4» bahası qoyıldı.

1980-90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyasın mashqalalı sabaq túri menen oqıtıw usıllarına dıqqat bólip qaraǵanda bir neshe metodikalıq máseleler ámelge asırıladı. Baǵdarlamada berilgen dramalıq shıǵarmalar tiykarında sabaq jobası islenip shıǵıladı.

**Tema:** 90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyası

**Sabaq túri:** Mashqalalı sabaq

**Sabaqtıń metodı:** Klaster

**Sabaqtıń maqseti:** 1. Bilim beriwshilik: a) Oqıwshılarǵa 90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyası haqqında teoriyalıq hám ámeliy túsinikler beriw; b) Usı jıllardaǵı dramaturgler tuwralı bilimge iye bolıw.

**2.Tárbiyalıq áhmiyeti:** a) Oqıwshılardı ádep-ikramlılıqqa, oqıw hám ilim-bilim iyelewshe tárbiyalaw; b) Milliy qádiriyatlarımızdı qásterlewge, watandı, el-xalıqtı súyiwge tárbiyalaw.

**3.Rawajlandırıw:** a) 1990-jıllardaǵı dramalıq shıǵarmalar boyınsha oqıwshılardıń oy-pikirin rawajlandırıw; b) Dramalıq shıǵarmalar haqqında túsinigin rawajlandırıw, ilimiy kóz qarasın kúsheytiw.

**Kútiletuǵın nátiyje:** a) 90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı boyınsha túsinikke iye boladı; b) Dramalıq shıǵarmalardı tallawǵa túsinigi artıp, erkin pikirlew qábileti qáliplesedi.

**Kórgizbe qurallar:** Sabaqlıq, ilimiy kitaplar, dramalıq toplamlar, dramaturglerdiń portreti, plakat, kespe qaǵaz.

**Sabaqtıń barısı** tiykarınan shólkemlestiriw, taza tema, taza temanı bekkemlew, úyge tapsırma beriw usaǵan basqıshlardan turadı.

Shólkemlestiriw barısında oqıwshılardıń qatnası, klass tazalıǵı, sabaq ótiwge múmkinshilik tuwdıradı. Oqıwshılardıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde taxtaǵa kúnniń súwreti salınadı, onnan nur shashıladı.

1990-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyası

Q.Mátmuratov «Perzent»

V.Bekmurzaevtıń «Báddiwa» draması

S.Jumaǵulovtıń «Ekstrasens»

Nur oqıwshılar járdeminde jasaladı.

**Taza tema** 30-35 minut túsindiriledi. Muǵallim sabaqta 1990-jıllardaǵı dramalıq shıǵarmalar boyınsha jazılǵan alımlardıń ilimiy izertlewlerinen paydalanıp keń hám anıq etip, usı dáwirdegi dramalıq shıǵarmalar tuwralı tolıq túsinik beredi. Bunıń ushın muǵallim tereń teoriyalıq bilimge hám dramalıq shıǵarmalar boyınsha keń maǵlıwmatqa iye bolıwı kerek. Sonlıqtan da muǵallim temanı túsindiriwde kásiplik bilimi, pedagogikalıq hám metodikalıq sheberlikke iye bolǵanı maqsetke muwapıq boladı. Taza temanı túsindiriw barısında tómendegi metodikalıq máselelerdi ámelge asıradı. Birinshiden, tema boyınsha tómendegi maǵlıwmatlar beriledi: «Ǵárezsizlik dáwirinde birneshe dramalıq shıǵarmalar jazıladı. Máselen, S.Jumaǵulovtıń «Ekstrasens» komediyası, Q.Mátmuratovtıń «Perzent» tragediyası, B.Bekmurzaevtıń «Báddiwa» dramaları dóretildi. Bul dramalıq shıǵarmalarda ǵárezsizlik dáwirdegi ayırım insanlardıń xarakterindegi unamlı hám unamsız is-háreketler súwretlengen.

S.Jumaǵulovtıń «Ekstrasens» komediyasında Gúmisgúl, Qalbay, Karim obrazları sátli shıqqan. Ondaǵı syujetlik waqıyalar tómendegilerden ibarat. Gúmisgúl poezda kiyatırıp Qalbay degen awıl jigiti menen tanısadı. Jigittiń aq kókirekliginen paydalanıp oǵan waqıtsha turmısqa shıǵadı. Qalbay Gúmisgúl ekewi oylasıp isbilermenlik islemekshi bolıp, ótirikke táwip bolıp shıǵadı. Kóp adamlardı aldap emlewge kirisedi. Solay etip, ekewi de endi ekstrasens bolıp adamlardı emlewge kirisedi. Onnan kóp aqsha tabadı. Negizinde Gúmisgúl xojalıq bolıwdı oylamaydı. Tek aqsha tawıp Qalbaydı taslap, Karim degen jigitke turmısqa shıǵıp ketiwdi oylaydı. Ol maqsetine jetedi. Solay etip, Gúmisgúl Qalbaydan jasırıp on mıń aqshanı alıp, Karim menen ketip qaladı. Qalbay bolsa, onnan pánt jep, onıń emlew usılı da áshkara boladı. Bul obrazlar arqalı jámiyette ushırasatuǵın insanlardıń jalataylıǵın, eki júzliligin áshkaralap beredi.

Dáwirge baylanıslı ádbiyattıń mazmunı da ózgeredi. Sebebi, jazıwshı ózi jasaǵan dáwirdiń waqıyaları súwretlenedi. Eger burın biz sawdagershilikti

ayıplaǵan bolsaq, bul búgingi kúni ekonomikalıq qatnastıń tiykarǵı quralı bolıp qaldı. Nátiyjede isbilermenler shıǵıp, olar úlken tabıslarǵa erisip atır. Biraq solardıń arasında ayırım unamsız jaqları menen kórinip atırǵan insanlardıń tragediyalıq, dramalıq obrazları kórkem ádebiyatta payda bolmaqta. Usı kóz qarastan qaraǵanda Q.Mátmuratovtıń «Perzent» atlı tragediyası mazmunlı syujetke qurılǵan. Ondaǵı obrazlar, konflikt máselesi de jaqsı ashılǵan. Eki júzli kelinshek Jaqsıbiyke obrazında haram oylıq, turaqsızlıq qásiyetler jámlengen. Ol sum qıyal menen awılda qurǵın jasaytuǵın hayalı ólgen eki ul, eki qızı bar Dosjan degen jigitke turmısqa shıǵadı. Awıldan ketip isbilermenlik penen shuǵıllanadı. Jaqsıbiyke menen birge ósken, jalataylıǵı basım Elmurat penen tabısadı. Ol Jaqsıbiykeni Dosjannan qızǵanadı. Awıldan ketip turmıs qurıwdı ekewi de oylasadı. Olardıń maqseti Dosjannıń mal dúnyasınan paydalanbaqshı boladı. Solay etip, ekewi Dosjannıń dúnyasın isbilermenlikke jumsawdı oylaydı. Olar Dosjandı kóndirip, bul maqsetine de erisedi. Aqılsız háreketi menen Dosjan keyninde Dosjannıń turmısqa shıqqan qızı, eki úkesi menen ákesiniń óler halatı jatqanın kórip jılap jiberedi. Bul dramadan shıǵatuǵın juwmaq ayırım uyatsız Elmurat hám Jaqsıbiyke usaǵan adamlar aqshanıń qulı bolıp, ar-namıs, hújdannan jurday bolıp, olar adam óltiriwge shekem qılmıs isleydi. Dramaturg biziń kóz aldımızda ótip atırǵan usınday jámiyettegi jaǵımsız háreketlerdi «Perzent» dramasında áshkaralaydı.

B.Bekmurzaevtıń «Baddiwa» dramasında házirgi ayırım jaslardıń hayal-qızlardıń namısına tiyetuǵın birin taslap, ekinshisin eriksiz kúsh penen alıp qashıp júrgen, ata-ana ǵarǵısına tap bolǵanlar tuwralı másele kóteriledi. Bunday jaǵdaylar biziń házirgi turmısımızda ushırasadı. Usınday unamsız is-hárekettegi jaslardı áshkaralap, jaslardı durıs joldan júriw kerekligi násiyat etiledi.

**Taza temanı bekkemlew** ushın 20 minut waqıt ajıratıladı. Oqıwshılar 5 toparǵa bólinedi. 1-topar ekinshi toparǵa soraw beredi. 3-topar «baqlawshı» boladı. 2-topar úshinshi toparǵa soraw beredi. 1-topar baqlawshı boladı. Usı tiykarda 80-90-jıllardagı qaraqalpaq dramaturgiyası boyınsha soraw-juwap ótkeriledi. Pikirlerdiń tolıq hám tolıq emesligi «baqlawshılar» tárepinen baqlanıp, pikirleri tıńlanadı hám juwmaq shıǵarıladı.

90-jıllardagı qaraqalpaq dramaturgiyası boyınsha 10 minutlıq óz betinshe jumıs islenedi. Bunda taxtaǵa qattı qaǵazǵa qıyıp islengen 12 aydıń atı jazılǵan tórt múyeshli qaǵazlar turadı. Mısalı:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Yanvar** | **fevral** | **mart** | **aprel** | **may** | **iyun** |

| iyul | avgust | sentyabr | oktyabr | noyabr | dekabr |
|---|---|---|---|---|---|

Muǵallim «yanvar» ayında qaysı oqıwshılar tuwılǵanın soraydı. Oqıwshılar qol kóteredi. Tuwılǵan kúni bar oqıwshını shıǵarıp «yanvar» ayı dep jazılǵan qaǵazdı aladı hám artı betine jazılǵan sorawdı oqıydı. Tapsırma usı usılda dawam etiledi. Topar oqıwshılarınıń qaysısı birinshi juwap berse, sol oqıwshıǵa «qızıl» kartochka beriledi.

**Sorawlar:**

1.1980-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı qalay rawajlandı?

2. 1990-jıllarda qaraqalpaq dramaturgiyasında qaysı janrlıq hám izlenisler kórindi?

3.K.Raxmanovtıń 1980-jılları jazılǵan dramalıq shıǵarmaların tallap ótiń.

4.K.Raxmanovtıń 1990-jılları jazılǵan dramalıq shıǵırmalarında poetikalıq izlenisler qalay boldı?

5.S.Jumaǵulovtıń 1990-jılları jazılǵan dramalıq shıǵırmalarınıń syujeti tuwralı túsinik beriń.

6.M.Nızanovtıń 1990-jılları jazılǵan dramalıq shıǵırmalarınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı boyınsha túsinik beriń.

7. T.Allanazarovtıń «Aydos baba» tragediyasınıń syujetin túsindiriń.

8. T.Allanazarovtıń «Aydos baba» dramasında obrazlarǵa sıpatlama beriń.

9.T.Qayıpbergenovtıń «Mıń tillaǵa bahalanǵan gelle» dramasında tariyxıy shınlıqtıń súwretleniwi.

10. Usı dramalıq shıǵarmanıń bas qaharmanı Aydos baba obrazına sıpatlama beriń.

11. Q.Mátmuratovtıń «Perzent» tragediyasınıń syujeti tuwralı aytıp beriń.

12. S.Jumaǵulovtıń «Ekstrasens» dramasınıń tárbiyalıq áhmiyeti haqqında túsinik beriń.

Bulardan basqa darmalıq shıǵarmalar boyınsha krossvord dúzilse maqsetke muwapıq boladı. Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı artadı. Sebebi, hárbir dóretpeni biliwge hám krossvordtı durıs sheshiwge oqıwshılar háreket etedi.

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| P | e | r | z | e | n | t | | | | |
| A | y | d | o | s | b | a | b | a | | |
| Q | a | l | b | a | y | | | | | |
| G | ú | m | i | s | g | ú | l | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| K | a | r | i | m | | | | | |
| D | o | s | j | a | n | | | | |
| J | a | q | s | ı | b | i | y | k | e |

8) Q.Mátmuratovtıń dramasınıń atı?
9) «Mıń tillaǵa bahalanǵan gelle» dramasınıń qaharmanı?
10)«Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
11)«Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
12)«Ekstrasens» dramasınıń qaharmanı;
13)«Perzent» dramasınıń qaharmanı;
14)«Perzent» dramasınıń qaharmanı;

Hárbir tapsırma juwmaqlanǵannan keyin, muǵallim topar aǵzaların, olarda belsendi qatnasqan, sorawlarǵa durıs juwap bergen oqıwshılardı tiyisli ball menen bahalap barıwı kerek.

1980-90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyası boyınsha ótilgen hárbir sabaq tómendegi talaplarǵa juwap beriwi tiyis:

- Oqıwshılar sabaq barısında tekstten durıs, tez oqıw hám yadlaw jáne de kórkemlep oqıw, mámleketlerimizdiń ǵárezsizligi hám bayramları haqqında, ana watanǵa súyiwshilik, adamgershilik máseleleri boyınsha jaqsı túsinikke iye bolıwı kerek.
- Oqıwshılar 1990-jıllardaǵı dramalıq shıǵırmalardı úyreniw barısında kórkem tekstler boyınsha pikirlerin, obrazlarǵa durıs tusinip pikir júritiw, ádebiyat teoriyasındaǵı bilimlerdi paydalana alıw, ádebiy tariyxıy dáwirlerge, sol zamandaǵı obrazlar, hádiyselerge durıs túsiniw kónlikpelerin iyelewi shárt.
- 1980-90-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyası boyınsha ótilgen konferenciya, mashqalalı, jańa bilim beriw sabaqları ádebiy bilimdi, milliy ideyada tárbiya beriwdi, ádebiy materiallar bir-biri menen baylanıslı bolıwı, ótilgen temanıń mazmunınan kelip shıǵatuǵın tábiyat, jámiyet, ilimiy pikirlewdi óz ishine qamtıǵan bolıwı zárúr.

Ulıwmalastırıp aytqanda hárbir sabaq oqıwshılardıń kórkem ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵın arttıratuǵın bolıwı kerek. Sonda ǵana oqıwshılardıń sanasında óz xalqınıń tariyxına túsinigi artadı, olarda adamgershilik, ádep-ikramlılıq, watanǵa súyiwshilik ideyalar rawajlanıp baradı. Pikirlesiw sabaǵı – bul oqıwshılardıń oy-órisin, pikirlew qábiletin rawajlandırıp, ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

**Bulardan basqa ádebiyat sabaqlarınan is jobaların hám oqıtıwdıń texnologiyalıq kartaların úlgi ushın bılayınsha kórsetiwge boladı:**

| | | |
|---|---|---|
| **Sabaqtıń teması** | Qaraqalpaq folklorınıń túrleri hám izertleniwi | |
| **Sabaq túri** | Birlesken sabaq túri | |
| **Sabaq metodı** | Dástúriy emes. Klaster metodı. | |
| **Sabaqtıń maqseti** | Bilim beriwshilik | Qaraqalpaq falklorınıń túrleri, bir-birinen ayırmashılıǵı, izzertleniwi haqqında bilimge iye boladı |
| | Tárbiya beriwshilik | Oqıwshılar ádebiyat pánine qızıǵıwǵa, kórkem shıǵarmalar oqıwǵa tárbiyalanadı |
| | Rawajlandırıwshılıq | Qaraqalpaq folklorınıń túrlerin hám izzertleniwin úyreniw arqalı olardıń jazba ádebiyatınıń ayırmashılıǵın ajırata biliw kónlikpesi rawajlanadı, yadı rawajlanadı |
| **Sabaqtı qurallandırıw** | Sabaqlıq, kompyuter, proektor, por, taqta | |
| **Kútiletuǵın nátiyje** | Oqıwshılar qaraqalpaq folklorınıń túrleri hám izertleniwi boyınsha bilimge iye boladı. Folklorlıq shıǵarmalardı bir birinen ajırata biliw kónlikpesi payda boladı | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | **Shólkemlestiriw** | | 3 minut |
| 2 | **Taza temanı túsindiriw** | | 15 minut |
| 3 | **Úy tapsırmasın soraw hám bekkemlew** | | 13 minut |
| 4 | **Oqıwshılar bilimin bahalaw** | | 3 minut |
| 5 | **Úyge tapsırma beriw** | | 3 minut |

**Sabaqtıń barısı**

**I. Shólkemlestiriw.**

Oqıwshılar menen sálemlesip, klass tazalıǵı, qatnas barlanadı

**II. Taza tema:** Qaraqalpaq folklorınıń túrleri hám izertleniwi

Taza tema metodikalıq talaplarǵa ılayıq túsindiriliwi kerek

**III. Úy tapsırmasın soraw hám bekkemlew.**

Úy tapsırmasın soraw hám taza temanı bekkemlew ushın oqıwshılardan klaster usılında soraladı hám krosvord sheshedi.

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | | | | | E | s | j | a | n |
| 4 | | | | D | u | w | t | a | r |
| 3 | | | Sh | a | n | i | y | a | z |
| 2 | | E | s | e | m | u | r | a | t |
| 1 | Q | u | r | b | a | n | b | a | y |

1. “Ózbekstan xalıq jırshısı” húrmetli atağı berilgen jırawdı tabıń.
2. Nurabılla jırawdıń balası kim?
3. Qaraqalpaqtıń 62 namasın atqarıp bilgen baqsını tabıń.
4. Baqsılardıń saz áspabı ne?
5. Qıdırniyaz baqsınıń shákirti kim?

Usı sorawlarğa tolıq hám durıs juwap berseńiz krosvordtıń juwabın tabasız. Bul krosvord oqıwshılarğa ekewara yağnıy juplıqlarda orınlansa boladı. Oqıwshılar bilimin bahalaw. Krosvordtı durıs sheshkenler, kesteni dıziwge durıs juwap bergenler bahalanadı.

IV. **Úyge tapsırma beriw:** Qaraqalpaq folklorınıń túrleri hám izertleniwi

**Ádebiyat bağdarlamasında** berilgen materiallardı lekciya, ámeliy, seminar sabaqları menen oqıtıw zárúr. Bul metodikalıq máseleni I.Yusupov dóretiwshiligi tiykarında kórip shığıw maqsetke muwapıq boladı. Shayır poeziyası boyınsha teoriyalıq hám metodikalıq máselelerdi tereńlestiriw maqsetinde lekciya, ámeliy, seminar sabaq túrlerinen paydalanıw usılların kórip shığamız. Dáslep lekciya sabağı tuwralı túsinik berip óteyik:

**Lekciya**-bul sabaq ótiwdiń tiykarğı formalarınıń biri. Lekciya ádebiy bilimdi sóz benen túsindiriw, awızsha bayan etiwdi názerde tutadı. **Lekciya** (latınsha sóz “oqıw degendi” ańlatadı) oqıw materialı, qandayda bir máseleniń, temanıń logikalıq izbe-izligin, belgili bir sistemağa salınğan teksti bolıp esaplanadı. Lekciyağa eki túrli kóz qarasta jantasıwğa boladı. Birinshiden, oqıwdı shólkemlestiriwdiń forması sıpatında, bunda bilimlerdi sóz benen ańlatıw, awızeki bayan etiw metodı qollanıladı. Ekinshiden, lekciya basqa awızeki sóz arqalı ańlatatuğın metodlardan esaplanıp onda oqıw materialın logikalıq izbe-izlikte bayan etiw, qatań belgilengen qurılısı, obrazlı

dálillew, materiallardıń mazmunın ashıp beriwdiń izbe-izligi menen ózgeshelenedı.

Qaraqalpaq ádebiyatı páni boyınsha lekciya hám seminar formasındağı “I.Yusupovtıń dóretiwshiligine” arnalǵan sabaq úlgilerinen mısallar keltirildi. Bul qatıp qalǵan úlgi emes, akademiyalıq liceyde I.Yusupov dóretiwshiligin oqıtıwda hárbir ádebiyatshı muǵallim dóretiwshilik penen qatnas jasap metodikalıq jaqtan ózgerisler kirgiziwi múmkin. Solay etip, akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatı bağdarlaması tiykarında I.Yusupov dóretiwshiligine arnalǵan sabaqlarǵa jańa pedagogikalıq texnologiyalar engiziw arqalı onıń sapasın arttırıw hám nátiyjeligin elede asırıw jaslardıń estetikalıq tárbiyasın bayıtıp, rawajlanıp barıwına óziniń unamlı tásirin jasaydı. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaq túrlerinen paydalanıw oqıtıwshınıń pedagogikalıq sheberliginen hám izleniwshiliginen kelip shıǵadı. Demek, sabaq túrlerinen durıs paydalanıw arqalı oqıwshılardıń qaraqalpaq ádebiyatına bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıp baradı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. Ádebiyat sabaǵınıń mazmunı hám túrlerin túsindiriń.
2. Ádebiyat sabaǵınıń dúzilisi haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Ádebiyat sabaǵınıń aldına qanday talaplar qoyılatuǵının túsindirip beriń.
4. Ádebiyat baǵdarlamasında materiallardı sabaq túrleri arqalı úyreniwdi túsindirip beriń.
5. Ádebiyat sabaǵınıń bir túri - konferenciya sabaǵın ótiw principlerin túsindirip beriń.
6. Ádebiyat sabaǵınıń bir túri - pikirlesiw sabaǵı haqqında túsinik beriń.
7. Akademiyalıq liceylerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı berilgen materiallardı qanday sabaq túrleri menen úyreniw tártibin túsindirip beriń.
8. Kásip óner kolledjlerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı materiallardı sabaq túrleri menen úyreniw tártibin túsindirip beriń.

# IV. ÁMELIY SABAQ MATERIALLARÍ

## 1-tema: Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń tariyxıy rawajlanıwı

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası qashan payda bolǵan degen sorawdıń ortaǵa qoyılıwı zańlı nárse. Bul sorawǵa juwap beriw qıyın. Sol nárse anıq kórkem ádebiyat payda bolǵannan keyin, onı zamanlaslarına, sonday-aq keyingi áwladqa hám olardı basqalardıń qálbine de tásir qıla alatuǵın dárejede jetkiziw tiykarǵı mashqalalardıń biri bolǵanlıǵın seziw múmkin.

Ǵárezsizlik dáwirdiń baslanıwı menen barlıq pánler rawajlanıwdıń jańasha jolına tústi. Solay etip, basqa pánler qatarında ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń ornı girewli bolǵanlıǵın aytıw tiyis. Insanlar burınnan ádebiyattı túsiniw, bahalap biliw, ádebiy hádiyselerdi seziw, bulardıń barlıǵın jaslarǵa jetkiziwdi ózi ushın juwapkershilik dep bilgen. Uzaq tariyxımızǵa názer taslap, jáne de tolıǵıraq maǵlıwmatlardı payda etiwimiz múmkin. Metodika ilimi zamanagóy bilimlendiriw texnologiyaların tereńnen paydalanıw imkaniyatların beredi.

Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasında berilgen ádebiy shıǵarmalardı úyreniw menen baylanıslı bolǵan dáslepki derekler Avesto miyraslarında ushıraydı. Ádebiyattı oqıtıw metodikası páni ótmishtegi bay tájiriybelerdi úyreniw tiykarında házirgi zaman mekteplerindegi qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw procesin shólkemlestiredi.

Kórkem ádebiyattı úyreniwde shıǵıs xalıqlar ádebyatı, sonnan kelip shıǵıp qaraqalpaq xalqı turmısında kóp sociallıq-mádeniy miyraslar úlken áhmiyetke iye bolǵan. Usı kózqarastan qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxı erte dáwirden baslanǵanlıǵı seziledi. Máselen, Berdaq shayırdıń «Nawayıdan sawat ashtım, Fiziliyden dúrler shashtım» sıyaqlı pikirleri bunıń ayqın dálili bolıp esaplanadı. Demek, Berdaq shayır jasaǵan dáwirdiń ózinde-aq oqıtıw eskishe usıllarda bolǵanlıǵı kórinip tur.

Túrkiy xalıqları arasında ádebiyattı oqıtıw dástúrleri júdá erte dáwirlerge barıp taqaladı. Mádeniyattı, ilimdi taratıwshılar bolǵan Á.Xorezmiy, Beriwniy, Ibn Sinalar óz miynetlerinde tálim- tárbiya haqqında ayrıqsha toqtap ótken.Olar ilim alıwdıń hám tárbiyanıń áhmiyeti haqqında bahalı pikirlerin bildirgen. Solardıń biri Orta Aziyanıń ullı oyshılı A.N.Farabiy óziniń ilmiy miynetlerinde kórkem sóylewdiń tárbiyalıq áhmiyetine dıqqat awdarǵan. Onıń «İlimniń kelip shıǵıwı» atlı dóretpesinde kórkem shıǵarmanı tásirli oqıw, úyrenip atırǵan dóretpelerdiń mazmunın qayta aytıp beriw úlken sóz óneri ekenligin aytadı. Ol "oqıwdı,

sheshenlikti iyelegen kórkem sóz ustası, filosof, danıshpan menen teń” dep baha bergen. Farabiy hárbir sóz sheberiniń ózine tán jeke ózgesheligine iye bolıwdı, tálim-tárbiya procesine bul ózgesheliklerge itibar beriw shárt ekenligin ayrıqsha túsindiredi. «Insanlar ruwxıy hám tuwma qabilet, kúsh-quwat bir-birlerinen artıq hám kem boladı». (Farabiy. Aflotun qanunlar mohiyati- Fozil odamlar shahri.T. “Xalq merosi” nashriyoti. 1993. 188-bet).

Farabiydiń pikirinshe, “Hárkim ilim-hikmet úyrenemen dese, jaslıǵınan baslasın, salamatlıǵı jaqsı bolıwǵa umtılsın, ádep-ikramlı bolsın, sóziniń ústinen shıqsın, jaman islerden saqlansın, qıyanet hám jala, hiyleden uzaq bolsın. Sonday-aq, ráhátleniw, azap shegiw, qayǵırıw tiykarǵı, tábiyǵıy sezimler esaplanadı. Olar sebepli pazıyletler hám qábiletler ózlestiriledi. Bunda jas óspirimlerge, jáne rawajlanıwǵa tárbiya oqıw arqalı erisiledi. Tárbiyanıń joqarı imkaniyatı sonnan ibarat, insan jaqsı hám jaman, paydalı hám zıyanlı nárselerdi ajıratıwǵa erisedi. Tárbiya aqıllılıqtı júzege keltiredi. Kimniń tárbiyası bolmasa, ol biymánilikti xoshlaydı. Farabiydin kórkem óner hám ádebiy tálim-tárbiya haqqında bir qatar baqlawları anıq bolǵanlıǵı belgili. Onıń «Úlken muzıka kitabı», «Ritmler klassifikaciyası haqqında kitap», «Muzıka haqqında sóz», «Jazıw óneri haqqında kitap», «Abu Nasırdıń qosıq hám shıǵarmaları haqqında sózi», «Shayırlardıń qosıq jazıw óneri haqqında» t.b. dóretpeleri bar.

Ibn Sinanıń dóretpelerinde tálim hám tárbiya, ayırım pánlerdi oqıw-úyreniwge baylanıslı pikir hám boljawları kóp. Ilimpaz óziniń pedagogikalıq kóz qaraslarında jeke adamnıń tárbiyasına tásir kórsete alıwdı arnawlı túsindiredi. Ol ilim alıwdıń úzliksiz procesi ekenligin, biraq onıń sırların biliwde insan hámme waqıt umtılıwı, háreket etiwi zárúrligin tastıyıqlaydı.

Bilim hám tárbiya haqqında A.R.Beruniy, Maqmud Qashǵariy, Yusup Has Hajib, Álisher Nawayı, Babur, Munıs, Abdulla Avloniy, Ájiniyaz, Berdaq hám taǵı basqalar bahalı pikirlerin bildirgen.

Ótmishte qıssaxanlar, qatıqulaq adamlar, jıraw- baqsılar jámiyetlik turmısta úlken orın tutqanlıǵı jaqsı málim. Mekteplerde diniy dóretpeler, ásirese, qurandı kórkem oqıw, onıń mánilerin ańlap jetiw menen bir qatarda ayırım dóretpelerdiń tekstti, mánisi, hárbir sózdiń kelip shıǵıwı, kórkem dóretpeni túsindiriw ushın kóp usıllar islegen. Mektep hám medereselerde tek túrkiy tilde emes, sonday-aq arab hám parsı tillerinde jazılǵan kórkem kitaplardı oqıw ushın paydalanǵan. Sol dáwirde oqıwshılar shıǵıstıń kórkem klassikleri Ferdawsiy, Sadıy, Xafız, Fiziliy, Nawayı, Bedil usaǵan danıshpan shayırlardıń dóretpeleri menen tanısıw múmkinshiliklerine iye bolǵan. Islam dinine baylanıslı dóretiwshilik baǵdar tálim-

táriyanıń rawajlanıwına ádewir tásiri boldı. Sonlıqtan, hádislerde bul haqqında mınaday kóz qaraslardı kóriw múmkin. «Ilim úyreniw hárbir insan ushın parız», «Bir saat ilim úyreniw, bir keshelik ibadattan jaqsı, bir kúnlik sabaq, bir ay tutılǵan orazadan abzalıraq».

Berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda XIX ásirde mekteplerde ádebiy tálimniń ayrıqsha ornı hám áhmiyeti bolǵan. Bul haqqında Dilshad Barnonıń miynetlerinde qızıqlı maǵlıwmatlar bar: "51 jıl mektepte zeyinli shayır qızlarǵa tárbiya qıldım. Mektepte ayrıqsha hám orta oqıwshılardan 20 hám 30 qız bilim alar edi. 891 qızdı sawatlı etip shıǵardım. Olardıń tórtten bir bólegi talantlı shayır, aqıllı qızlar edi."

Aldıńǵı kóz qarastaǵı zıyalılar Túrkstan mekteplerinde bilimlendiriwdiń jańa tártibin ámelge asırıw ushın gúresti. Nátiyjede, bilimlendiriwde jańa túrdegi mektepler júzege keldi. Bul mekteplerde ana tili tiykarǵı oqıw páni sıpatında oqıtıldı. Oqıw barısımda hár túrli usıllardan paydalanıldı.

1918-jılda Tashkentte qalalıq bilimlendiriw bólimi qasınan metodikalıq shólkem ashıldı. Oǵan Zufar Nasıriy basshılıq etti. Bul bólimde háptelik oqıw rejesi dúzilip, mekteplerde usı reje tiykarında sabaq ótildi. 1918-jıl «Maorif» jurnalında V-VIII klaslar ushın ádebiyat baǵdarlaması járiyalandı. Bagdarlamada kórkem shıǵarmanı oqıwǵa itibar berildi. Dóretpe menen tanısıwdan aldın ádebiyat teoriyasınan maǵlıwmat beriw túsindirilgen. Baǵdarlamada berilgen teoriyalıq maǵlıwmatlardı ótiwde kórkem dóretpelerden mısallar alınıwı zárúr. Olardıń anıq atı, kólemi kórsetiledi. Usı jıllarda mekteplerdiń biri haqqında Aybektiń ómir joldası Zarifa Saidnasırovanıń aytıwınsha, "ana tili hám ádebiyatı, matematika, tariyx, geografiya sabaqları oqıtıladı, barlıq sabaqlıqlar tatar tilinde Qazan hám Orenburgtan keltirilgen".

Abdiraxman Saadiydıń oqıw baǵdarlamasında mektepte úyreniwge tiyisli bolǵan kórkem shıǵarmalardıń dizimi kórsetilgen, ádebiy materallardı tańlaw oqıtıwshı ıqtıyarına tapsırılǵan edi. «Ádebiy oqıw» termini 1921-jılı baǵdarlama shıqqannan baslap mektep turmısında bekkem orın aldı. Ádebiy oqıwda shıǵarmanı ideyalıq-kórkemlik jaqtan tallaw tiykarǵı orındı iyeledi. Jáne de hárbir kórkem materiallar tolıq teksti menen úyrenildi.

Fitrattıń "Ádebiyat qaǵıydaları", "Ózbek ádebiyatı sabaqları" usaǵan metodikalıq miynetleri payda boldı. "Ádebiyat qaǵıydaları" miyneti tek ádebiyat teoriyasına tiyisli kitap bolıp qalmastan, sol waqıtları ádebiyattanıwǵa tiyisli sabaqlıq retinde metodikaǵa say dárejede ótildi. 1930-jılları ádebiyat hám ádebiyattanıw, awızeki dóretpeleri baǵdarındaǵı erisilgen nátiyjeler baǵdarlama

hám sabaqlıqlarǵa kirgizildi. Bul baǵdarlamalar tariyxıy principte dúzilip, onda klassik hám sońǵı dáwir ádebiyatınan úlgiler berildi. Bul baǵdarlamada ádebiyattı oqıtıwda ayırım kórkem shıǵarmalardı ózlestiriw emes, ayırım jazıwshılardıń ómiri hám dóretpelerin túsindiriwge, dóretiwshilerdiń social-siyasiy táreplerin, kemshilik táreplerin ashıwǵa kóbirek itibar berildi.

«Tolıq emes orta hám orta mektepler ushın programmalar» (1938) kórkem shıǵarmalardı oqıtıwǵa tiykarǵı baǵdar boldı. Sál keyinirek dúzilgen «Orta mektep baǵdarlamaları» (1940) da awızeki hám jazba sóylew mádeniyatın jetilistiriwge, oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew múmkinshiliklerin rawajlandırıwǵa dıqqat qaratıldı. Kórkem shıǵarmalardı kórkem oqıwǵa, soraw hám tapsırma, shınıǵıwlar tiykarında dóretpeniń ideyalıq mazmunına ózlestiriw usınıldı. 1934-jılı «Orta mekteplerde ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń tiykarǵı máseleleri» degen arnawlı kitap dóretildi. Onda ádebiyattı arnawlı pán sınatında oqıtıw, balaǵa ádebiy bilim beriwde tiyisli izbe-izlik hám onıń qaǵıydaları bolıw kerekligi kórsetip ótildi.

I.Sultannıń «Ádebiyat teoriyası» (1940) sabaqlıǵınıń jaratılıwı, tek ádebyattıń ulıwma qaǵıydaları, onıń teoriyalıq túsiniklerdi oqıw barısında paydalanıw ushın qolaylı usıl boldı. Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası pániniń rawajlanıwına 1950-jıllardan baslap iskerlik kórsete baslaǵan alımlardıń xızmeti úlken boldı. Solardan S.Dolimov, N.Mallaev, H.Ubaydullaev, K.Axmedov, A.Zunnunov sıyaqlı ilimpazlar bul baǵdardıń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı. Olardıń ádebiyat tanıwına, metodika ilimine baylanıslı miynetleri nátiyjesinde mektepler ushın dúzilgen baǵdarlama hám sabaqlıqlar sapalı islep shıǵarıldı. S.Dolimov, H.Ubaydullaevlar kórkem oqıw haqqında, onıń mazmunı hám áhmiyeti, túrleri haqqında metodikalıq kórsetpeler bergen «Ádebiy oqıw metodikası» kitabında ádebiyattı oqıtıwdaǵı teoriyalıq tiykarlardan baslap, onıń ámeliyatda qollanılıw usılları jazılǵan. Bul kitap tórt bólimnen turadı. Bular ádebiyat metodikası hám onıń teoriyalıq tiykarları haqqında maǵlıwmat, kórkem oqıw, ádebiy oqıw tiykarında klastan hám mektepten tısqarı alıp barılatuǵın isler, jobalastırıw usaǵan metodikalıq máselelerden turadı. Avtorlar teoriyalıq máselelerdi mısallar menen dálillep bere alǵan.

Asqar Zunnunov «Mektepte Ǵafur Ǵulamnıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw» (1977), «Ózbek ádebiyatı metodikası tariyxınan ocherkleri» (1973), «Ádebiyattı oqıtıw metodikası» (1992) miynetlerinde kórkem shıǵarmalardı

tallaw, shıǵarmalardıń janrlıq ózgeshelikleri, ádebiy-teoriyalıq túsiniklerdi ilimiy-metodikalıq jaqtan izertlegen.

M.Mirqasımovanıń "Oqıwshılarda ádebiy tallaw bilimın rawajlandırıw hám jetilistiriw tiykarları" (Toshkent, 2008) degen miynetinde oqıwshılardı ádebiy tallawǵa úyretiw bir ǵana ámelge asırıwǵa bolatuǵın metodikalıq jumıs bolmastan, onda úzliksiz ámelge asırılıp, onıń nátiyjesi mısallar arqalı dálillep berilgen. Kórkem shıǵarmanı tallawdı dáslep ápiwayı túrde tómen klaslardan baslaw kerekligi kórsetiledi. Onıń kórsetiwinshe, baǵdarlama talabına muwapıq V-VII klaslarda ádebiy materiallardı úyreniw barısında oqıwshınıń durıs, tez, erkin oqıw bilimin júzege keliwine, awızeki hám jazba sóylewin, pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa, sózlerdi qollanıw mánisin, onıń dawıs ózgesheliklerin úyreniw máseleleri hám gápler quraw uqıplıqların jetilistiriw, súwretlew qábiletlerin paydalanıp bayan etiw, olardı sheber aytıp beriw, oqıwshını baqlaw usılları yaki súwretlerge qarap erkin gúrriń jazıwǵa úyretiw kerek. Nátiyjede, baslawısh klass oqıwshılarında ádebiy materialdı oqıp úyreniw, onıń mazmunın ózlestiriw, kitap ústinde izleniw kónlikpeleri rawajlanadı. Joqarı klaslarda bunday kónlikpelerdi jane de rawajlandırıw barısında ádebiy shıǵarmanıń qurılısın úyreniw, kórkem obrazǵa túsiniw, estetikalıq qásiyetke tarbiyalawǵa itibar qaratıladı. Bul metodikalıq miynette oqıwshılardı ádebiy tallaw bilimin jetilistiriwdiń ilimiy-metodikalıq tiykarların kórsetip, óz pikirlerin dálillep, Alisher Nawayı, Abdulla Qahharlardıń ómiri hám dóretiwshiliginen mısallar keltirgen.

Belgili metodist, professor Qazaqbay Yuldoshev ádebiyattı oqıtıw metodikası pániniń ǵárezsizlik dáwirdegi rawajlanıwına sezilerli dárejede tásir kórsetip, kóp úles qosıp kiyatırǵan alımlardıń biri. Onıń «Ádebiyattı oqıtıwdıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları» (1996), «Ádebiy sabaqlar» 8-klass ushın (2004), «Ádebiy sabaqlar» 9-klass ushın (2005), Q.Yuldosh va M.Yuldoshlardıń "Badıy tahlil asosları" (Toshkent, «KAMALAK», 2016) sıyaqlı metodikaıq miynetlerinde oqıtıwshılardı kóp ǵana teoriyalıq hám metodikalıq maǵlıwmatlar menen tanısıwǵa, olardıń bilimin teoriyalıq hám metodikalıq jaqtan bayıtıwǵa xızmet etedi. Keltirilgen tallawlar oqıwshılardıń kórkem shıǵarmalardıń mazmunı hám syujetin tereń túsiniwge járdem beredi. Ondaǵı berilgen tallaw úlgileri oqıtıwshılardıń pedagogikalıq iskerligine ámeliy tárepten metodikalıq kórsetpe boladı.

Safa Matjannıń «Mektepte ádebiyattan óz betinshe jumıslar» (1995), «Kitap oqıwdı bilesizbe?» (1993) sıyaqlı metodikalıq miynetlerinde oqıwshılardı kitap oqıwǵa qızıqtırıw, sóylew mádeniyatın ósiriw, oqıwshılardıń óz betinshe islerin shólkemlestiriw, óz ústinde islew, metod hám usıllar haqqında pikir júritedi.

Belgili alım hám metodist B.Tuxlievtıń “Ádebiyattı oqıtıw metodikası” oqıw qollanbası (2010-jılı) ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında girewli orındı iyelep, onda ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha tiykarģı túsinikler, oqıtıwdıń principleri, oqıtıw metodları, sabaqtı shólkemlestiriw hám ótkeriw usılları, sabaqtıń túrleri, oqıtıwdıń metodikalıq usılları haqqında pikirler aytılǵan.

Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı ules qosqan Q.Yuldoshev, B.Tuxliev, Q.Xusanbaeva, Safa Matjanov sıyaqlı talantlı metodistlerdiń miynetleri kóp. Olardıń metodikalıq miynetleri qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxında da salmaqlı orın iyeleydi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxın birneshe basqıshlarǵa bólip kórsetiw múmkin. XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası pán sıpatında payda boldı. Professor Á.Paxratdinovtıń “Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası” miynetinde oqıtıw metodikasınıń tariyxı haqqında birqansha maǵlıwmatlar berilgen. Biz bul miynetke tiykarlanıp tómendegi maǵlıwmatlardı beremiz:

1921-jılı orıs mektepleri ushın ádebiyattı oqıtıwdıń birinshi baǵdarlaması qabıl etildi. 1925-jılı «Kompleksli baǵdarlama» islenip shıǵıldı. 1925-jılı fevralda QQASO birinshi shólkemlestiriwshi sezdinde qaraqalpaq tilinde oqıw quralların dúziw haqqında qarar qabıl etiledi. 1925-jılı S.Májitov tárepinen «Egedeler sawatı» (119 bet), “Álipbe” (80 bet), “Oqıw kitabı” sıyaqlı dáslepki sabaqlıqlar islenip shıǵıldı. 1929-jılı Q.Ayımbetov hám B.Erǵaliyevlar tárepinen «Sawatlı bolıńlar» oqıw kitabı, jámáát avtorlardıń redaktorlawında «Qaraqalpaq tili grammatikasınıń birinshi bólimi», Q.Ayımbetov hám B.Erǵaliyevlardıń avtorlıǵında «Egedeler sawatı», h.t.b. oqıw quralları baspadan shıqtı. 1931-33-jıllarda N.A.Baskakov, A.Qıdırbaev, Q.Irmanovlar avtorlıǵında qaraqalpaq tili sabaqlıǵı dúzildi. 1934-jılı Q.Irmanov, A.Qıdırbaevlar tárepinen Moskvada grammatikanıń birinshi bólimi, 1936-jılı Q.Irmanov, Sh.Sattarovlar tárepinen grammatikanıń birinshi bólimi islendi. 1937-jılı N.Dáwqaraev tárepinen baslawısh klaslar ushın «Oqıw kitabı», sol jılı «Álipbe», 1938-jılı N.Dáwqaraev tárepinen «Qaraqalpaq tiliniń grammatikası hám orfografiyası» dúzildi. 1939-jılı V-VII klaslar ushın, 1940-jılı VII-IX-X klaslar ushın jańadan baǵdarlama qabıl etildi.

XX ásirdiń 40-50-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası birqansha rawajlana basladı. Máselen, 1940-41-jılları N.Dáwqaraev tárepinen 6-klass ushın xrestomatiya, Q.Erimbetov hám I.Saǵitovlar tárepinen 7-klass ushın xrestomatiya-sabaqlıǵı dúzildi. 1949-jılı K.Ubaydullaev tárepinen 8-10-klaslar ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń baǵdarlaması islep shıǵıldı. 1950-jılı

K.Ubaydullaev, S.Axmetov, B.Ismaylovlar tárepinen 8-klass ushın sabaqlıq, sol jılı I.Saǵitov, X.Seyitov, S.Axmetov hám B.Ismaylovlar tárepinen 10-klaslar ushın qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı baspadan shıqtı.

XX ásirdiń 60-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında M.Nurmuxammedov, I.Yusupov, I.Saǵitov, P.Allashov, S.Ámetov, G.Esemuratov, J.Qayırbaev, B.Ismaylov, X.Seyitov, U.Bekmuratovlardıń metodikalıq miynetleri baspadan járiyalandı. Máselen, 1960-jılı I.Yusupov hám I.Saǵitovlardıń 5-klass ushın sabaqlıǵı, I.Saǵitov hám P.Allashovtıń 5-klass ushın sabaqlıq, I.Saǵitov hám B.Qálimbetovlar 6-klass ushın sabaqlıq, S.Ámetov, G.Esemuratov, J.Qayırbaevlar 7-klass ushın sabaqlıq, S.Axmetov, B.Ismaylov, M.Nurmuxammedov, X.Seyitov, I.Yusupov, U.Bekmuratovlar tárepinen 8-9-10-klaslar ushın sabaqlıqlar dúzildi.

XX ásirdiń 70-80-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında belgili alımlar Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, K.Sultanov, S.Axmetov, Á.Paxratdinov, N.Japaqov, K.Mámbetov, K.Kamalov, J.Narımbetov, A.Tájimuratov, A.Pirnazarovlardıń metodikalıq miynetleri salmaqlı orın iyeledı. Máselen, 1975-jılı professorlar Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, K.Sultanov tárepinen joqarı oqıw orınlarınıń filologiya fakulteti ushın “Qaraqalpaq folklorınıń baǵdarlaması”, S.Axmetov, Á.Paxratdinov tárepinen «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń baǵdarlaması» hám «Házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatınıń baǵdarlaması» dúzildi.

Belgili alım Á.Paxratdinov qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında salmaqlı orındı iyeleydi. Ol 1982-jılı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń baǵdarlamasın islep shıqtı hám baspadan shıǵardı. Onıń «Mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń aktyal máseleleri» (1989), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń metodikalıq máseleleri» (1991), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (1992), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (2004), «Pedtexnologiya tiykarları» (2009), «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (2011) usaǵan metodikalıq miynetleri menen qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında tákirarlanbas jol saldı hám oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı úles qostı.

Q.Maqsetov hám Á.Tájimuratovlardıń “Qaraqalpaq folklorı” (1979), N.Japaqov, K.Mámbetov Q.Sultanov, A.Karimovlardıń «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (1983), S.Axmetov, Á.Paxratdinov, K.Kamalov, J.Narımbetovlardıń «Házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (1984),

S.Axmetov, Á.Paxratdinov, A.Pirnazarovlardıń «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (1988) sabaqlıqları baspadan shıqtı.

XX ásirdiń 90-jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası tariyxında Á.Paxratdinov, K.Allambergenov, Q.Orazımbetov, K.Palımbetov, Q.Yusupov hám taǵı basqalar metodikalıq miynetleri menen girewli orın iyeledi. Bul alımlardıń metodikalıq sabaqlıq hám qollanbaları baspada járiyalandı. Máselen, Á.Paxratdinov tárepinen "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (1992), «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» (2004) miynetleri baspadan járiyalandı. I.Ótewliev, Q.Yusupovlapdıń "5-11-klaslar ushın qaraqalpaq tili hám ádebiyatı boyınsha test jumısları" (1994), Q.Yusupovtıń (avtorlap birge) "Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı boyınsha test sınawları" (1995) , S.Axmetov, I.Qádirov, Q.Yusupovlar tárepinen «Bayanlar toplamı» (1995), P.Nurjanovtıń "Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq prozası" (2003), J.Pirniyazovtıń "5-klass ushın ádebiy oqıw kitabına metodikalıq qollanba" (2005), I.Pirniyazov, K.Palımbetov hám R.Berdimuratovalardıń "8-klass ushın ádebiyattı oqıtıw metodikası" (2009), Q.Orazımbetovtıń "Qosıq teoriyası" (2010), Q.Turdıbaev hám Q.Yusupovlardıń «Pitkeriw qánigeligi» (2011), Sh.Allaniyazova, K.Turdıbaev, Q.Yusupovlardıń «Pedagogikalıq ámeliyat» (2011), Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" (2012), S.Qazaqbaevtıń "Kórkem oqıw" (2012), P.Allambergenovanıń «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı páninen óz betinshe jumıslar», B.Genjemuratovtıń "Ádebiy aǵımlar hám jónelisler" (2013), A.Tobanazarovtıń «Kásip-óner kolledjlerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń bazıbir máseleleri» (2015), J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazovalardıń «Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar» (2016), A.Dosımbetovanıń «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı páninen kurs jumısların orınlaw» (2017), «Ádebiyatta kórkemlew quralları» (2017), Q.Yusupov hám I.Mámbetovlardıń «Kamal Mámvetovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları» (2017), Q.Yusupovtıń «Sh.Seyitovtıń prozasın tallaw usılları» (2017), Q.Yusupovtıń «Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri» (2018) atamasındaǵı oqıw-metodikalıq qollanbaları baspadan járiyalanıp, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń rajawlanıwına salmaqlı úles boldı.

**Sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Ádebiyattı oqıtıw metodikası tariyxındaǵı tiykarǵı basqıshlardı aytıp beriń.
2. Shıǵıs xalıqlar ádebiyatındaǵı shayırlardıń bilimlendiriw haqqında kóz qarasların hám pikirlerin túsindiriń.
3. Ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.

4. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.
5. 1930-40-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń qáliplesiwi haqqında túsinik beriń.
6. 1950-60-jıllardaǵı ádebiyattı oqıtıw metodikası haqqında túsinik beriń.
7. 1970-80-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasına talqı jasań.
8. 1990-jıllardaǵı ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń rajawlanıw baǵdarın túsindiriń.

## 2-tema: Ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli qurallar

**Jobası:**

1.Ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli qurallar
2.Texnikalıq qurallardı paydalanıw
3.Kino film, epidioskop
4.Audio hám video magnitofon
5.Kodoskop, kinoproektor

***Tayanısh sózler:*** *qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda kórsetpeli qurallar, sabaqlıq, oqıw qollanbası, xrestomatiya, shınıǵıwlar jıynaǵı, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha sózlik, enciklopediya, xabarnama texnikalıq qurallar, kino film, video magnitofon, televideniye, magnit lentasındaǵı jazıwlar, gromplastika, oqıtatuǵın mashinalar, lingafon kabineti, film, epidioskop, kodoskop, kinoproektor.*

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda hár túrli oqıw quralları, sabaqlıq, oqıw qollanbası, xrestomatiya, shınıǵıwlar jıynaǵı, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha sózlik, enciklopediya, xabarnama h.t.basqalar. Sonday-aq qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha kórsetkish qurallar kóplep qollanıladı. Olardan jazıwshılardıń súwreti, shıǵarmalarınıń tekstti jazılǵan plakat, olardıń ómir bayanlıq sxeması, karta, sızılma, keste, diagramma, albom h.t.b., texnikalıq qurallardıń diafilm, diapozitiv, kino film, video magnitofon, televideniye, magnit lentasındaǵı jazıwlar, gromplastika, oqıtatuǵın mashinalar, lingafon kabineti, film, epidioskop, kodoskop, kinoproektor hám basqalar barǵan sayın keń qollanılmaqta.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında texnikalıq qurallardıń jańa túrleri EVM, kompyuter, internetler paydalanıp atır. Olardan paydalanıp sabaq oqıtıw oqıwshılar arasında úlken qızıǵıwshılıq payda etpekte.

Mektep, kásip óner kolledj hám akademiyalıq liceylerde shólkemlestirilgen ádebiyat kabinetleri, oqıw xanaları málim dárejede kórsetpeli hám texnikalıq qurallar menen támiyinlengen. Qaraqalpaq ádebiyatı pán kabinetlerinde jazıwshı-shayırlardıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha kórsetpeli hám texnikalıq qurallardan paydalanıp, sabaq ótiw muǵallimler ushın qolaylı hám sabaqtıń tásirsheńligi hám sapası artıp baradı. Sonday-aq kórsetpeli hám texnikalıq qurallar qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha sabaqtıń maqseti, wazıypaları, mazmunı, basqıshlarına aldın ala jaqsı tayarlanǵan boladı. Kerek jerinde, óz ornında hám waqtında qollanıladı. Sonda ǵana olardan paydalanıw jaqsı nátiyjeler beredi. Biraq ádebiyat sabaqlarında kórsetpeli hám texnikalıq qurallardı hádden zıyat qollanıw oqıwshılardıń dıqqatınıń bóliniwine, sabaqtıń sapasınıń tómenlewine, nátiyjesiniń azayıwına alıp keliwi múmkin. Sonlıqtan ádebiyatshı muǵallim kórsetpeli hám texnikalıq qurallardı tańlaǵanda jáne paydalanǵanda, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdı shólkemlestirgende dástúriy hám dástúriy emes sabaqlardıń ózgeshelikleri, qollanılatuǵın pedagogikalıq texnologiyalar menen oqıtıw metodların qatań esapqa alıw kerek. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda hár bir texnikalıq quraldıń ózine tán ózgeshelikleri, múmkinshilikleri bar.

Diafilm-bul shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin túsindiriwde zárúrli texnikalıq qurallardıń biri. Onda shayır-jazıwshılar boyınsha súwret, keste, plakat hám sxemalardan paydalanıp hár bir tema ushın qoldan diafilmler tayarlanadı.

Shayır-jazıwshılar dóretiwshiligine baylanıslı shıǵarılǵan tele ocherkti oqıwshılarǵa sabaq barısında kórsetiw paydalı. Sebebi, sabaqta kino kórsetiliw oqıwshılarǵa ilimiy-ámeliy materiallardı túsindiriwde úlken múmkinshiliklerge iye. Sonıń ushın ádebiyat sabaqlarında kino tek ayırım basqıshlarında kórsetiliwi múmkin. Shayır-jazıwshılardıń dóretiwshiligi boyınsha oqıwshılardı ilimiy-ámeliy materiallar hám jańa materiallar menen tanıstırıw, sabaqqa qızıqtırıw, gúrriń ótkeriw, mashqalanı sheshiw, ótilgenlerdi bekkemlew, tákirarlaw hám basqa maqsetlerde qollanıladı. Filmdi kórsetiw áńgime, gúrriń, túsindiriw, lekciya, baqlaw hám taǵı basqa da metodlar menen birgelikte alıp barıladı. İlimiy massalıq hújjetli hám kórkem filmler ádette, oqıwshılarǵa sabaqtan tıs waqıtları ótkeriledi. Bul filmler oqıwshılardıń bilimin jáne de tereńlestiredi. Ulıwma insanıy hám milliy paziyletdi qáliplestiriwge járdem beredi. Respublikalıq televideniye stanciyaları joqarı hám orta arnawlı jáne bilimlendiriw ministrlikleri menen birgelikte oqıwshılar hám studentler ushın pánler boyınsha arnawlı oqıw kórsetiwlerin shólkemlestirmekte. Olardıń baǵdarlamaları arnawlı túrde bastırılıp shıǵarıladı. Shayır-jazıwshılar dóretiwshiligine baylanıslı arnawlı oqıw kórsetiwlerin sabaq barısında kóriwge boladı. Onıń metodikası ápiwayı. Shayır poeziyasına baylanıslı

sabaq barısında, sabaq basqıshlarında kórsetiledi.Kino kórsetilip bolǵannan keyin oqıwshılardıń qatnasında filmdi talıqlaydı.

Shayır-jazıwshılar dóretiwshiligine baylanıslı videomagnitofon keń paydalanadı. Onda metodikalıq mashqalalar kóriledi. Sonday-aq, videomagnitofonnan paydalanıw muǵallimlerdiń tálim-tárbiya barısın shólkemlestiriwdegi múmkinshilikleri keńeyedi. Videomagnitofonǵa shayırlar poeziyası boyınsha sabaqlar, shayır dóretiwshiliginıń tárbiyalıq áhmiyeti kórsetiledi.

Kompyuterdiń islenip shıǵıwı menen shayırlar dóretiwshiligin kompyuterlestiriw jańa zaman talabına aylandı. Onıń oqıtıw procesinde qollanılǵanına kóp waqıt bolǵan joq. Biraq usı azǵana waqıt ishinde kompyuterdiń oqıtıwdaǵı áhmiyeti oǵada kúshli sezilmekte. Sebebi, kompyuter shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin úyreniwde oqıwshınıń qızıǵıp oqıwı ushın zamanagóy texnikalıq qural sıpatında bilim beriwde hám bilimdi ózlestiriwde úlken imkaniyatlarǵa iye.

Mektep, kásip óner kolledj hám akademiyalıq liceylerde kompyuter oqıwshılardıń oqıw hám esaplaw menen qurallandırıwda keń qollanılmaqta. Máselen, oqıwshılar shayır-jazıwshılar dóretiwshiligi boyınsha slaydlar islewge úyrenedi. Sonday-aq onıń járdeminde ámeliy jumıslar, lekciya tekstlerin tayarlaydı. Kompyuter járdeminde shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin klasta hám sabaqtan sabaqlarda úyreniwge boladı. Házirgi waqıtları internet texnologiyasınan tiykarlanǵan jaslardıń respublikalıq kompyuter xabar tarmaqların dúziw máselesi qoyılmaqta. Olardıń – túsiwi menen oqıw orınları, oqıwshılar ushın kompyuter tarmaqları hám internet penen baylanısıw múmkinshiligi tuwıladı. Oqıwshılar bolsa kompyuter tarmaqları arqalı házirgi zaman xabar texnologiyası haqqında kóp nárseni bilip aladı. Ózleriniń bilimin tolıqtırıwǵa hám ámelde qollanıwǵa úyrenedi. Shayır-jazıwshılar dóretiwshiligi boyınsha jazılǵan lekciya tekstler menen tanısıp shıǵadı.

İnternettiń oylap tabılıwı nátiyjesinde dúnya júzi pedagogikalıq iliminde ózgeris júzege keledi. İnternet arqalı oqıwshılar shayır-jazıwshılardıń ómiri hám doretiwshiligine baylanıslı miynetler menen tanısadı. Máselen, N.Dáwqaraev, A.Murtazaev, Q.Bayniyazov, K.Mámbetovlardıń Ájiniyaz shayır boyınsha izertlew jumısların internet tarmaqlarına kirgizilgen bolıwı kerek. Shayırdıń bir neshe qosıqların internet tarmaqlarına kirgizilse maqsetke muwapıq boladı. Óytkeni, internet-bul dúnya júzlik maǵlıwmatlar fondı. Onıń menen kompyuter

tarmaqları arqalı baylanıs jasań, 1-2 minut ishinde qálegen ilim-pán, texnika, texnologiya boyınsha ózińdi qızıqtırǵan máselege juwap alıwǵa boladı.

Respublikamızdıń internettiń iske qosılıwı sebepli pútkil xalqımız, hár bir oqıw ornı menen, muǵallim, oqıwshı student oǵan qosılıw hám onıń menen jumıs islew, kórkemli maǵlıwmatlardı alıw, jiberiw hám tarqatıp beriw múmkinshiligine iye boldı. Elektron pochta, elektron kitapxana, elektron muzey xızmetlerinen paydalanıw, qońsılas respublikalar hám dúnya júzindegi barlıq mámleketlerde jumıs islew, olardıń paydalana alatuǵın jaslar menen baylanıs jasaw, maǵlıwmatlar almasıw imkaniyatları júzege keledi. İnternet muǵallimniń bilim beriwdiń, oqıwshı hám studenttiń bilim alıwdaǵı múmkinshiligin ámelge asıradı.

Birinshiden, shayırdıń súwreti paydalanıp taxtaǵa ildirilip qoyıladı. Onıń súwreti boyınsha sıpatlama berilip, qaysı dáwirde súwrettiń salınǵanlıǵı, súwrettiń estetikalıq talaplarǵa juwap beriliwi, súwretke qarap shayırdıń neshe jasta ekenligi, onıń túr-túsi haqqında maǵlıwmat beriledi. Ekinshiden, shayırdıń lirikası boyınsha plakatlar islenip, onda sóz sheberiniń qosıqlar toplamı, lirikalıq qosıqlarınan úzindiler jazıladı. Sonday-aq Ájiniyaz shayır lirikasınıń ilimpazlar tárepinen tematikalıq hám ideyalıq jaqtan bóliniwi tómendegi tártipte túsiriledi:

- Watan teması hám óz dáwirine kóz qaras;
- Filosofiyalıq lirika;
- Didaktikalıq lirika;
- Muhabbat lirikası.

Oqıwshılarǵa shayırdıń poeziyasındaǵı ózgeshelikleri tuwralı keń túsinikler beriledi. Sonday-aq qaraqalpaq poeziyasındaǵı ideyalıq-tematikalıq bóliniwler, basqa shayırlar menen salıstırǵandaǵı kórkemlik ózgeshelikler jaslarǵa keńnen túsindiriledi. Óytkeni, Ájiniyaz shayır qaraqalpaq poeziyasın janrlıq jaqtan bayıttı. Ádebiy tildi ádewir jetilistirdi. Bul máseleni ashıp beretuǵın dárejede plakatqa tómendegi úlgide jazıwlar jazılıwı kerek:

- Ájiniyazdıń jazba ádebiyatqa bolǵan kóz qarası;
- Milliy aǵartıwshılıq ádebiyattı payda etiw jolındaǵı pikirleri;
- İslam teması haqqındaǵı oyların yadtan shıǵarmawımız kerek.

Akademiyalıq licey oqıwshıları shayırdıń poeziyadaǵı sheberlik qırlarına túsinip baradı. Shayır talantın kórsetpeli qurallardıń járdeminde ádewir jetilistirip, jáne de onıń talantı haqqında maǵlıwmatlar aytıladı. Máselen, sóz sheberi birinshiden, awızeki xalıq poeziyasın óz dóretiwshilik penen jetilistirgenin, ekinshiden, onıń dóretiwshiligindegi «Qız Meńesh penen aytısı», «Bozataw»

poeması sıyaqlı dóretpeleri awızeki dóretpelerdiń úlgilerine ádewir jaqın ekenligi túsindiriledi. Oqıwshılarǵa Ájiniyaz shayır shıǵıs klassik shayırlarınıń dástúrlerin tereńnen ózlestirip, Nawayı, Fizuliy, Maqtumqulı dástúrlerin jaqsı iyelegeni aytılıp ótiledi. Taxtaǵa bul haqqında sxema túrinde kórsetpeli qurallar paydalanılıp barılǵanı maqul.

**Ájiniyaz shayırdıń ustazları**

**Á.Nawayı Fizuliy Maqtumqulı**

Ullı sóz sheberiniń obraz jasaw sheberligine, stil, tili hám kórkemlik sheberligine baylanıslı teoriyalıq maǵlıwmatlardı oqıwshılarǵa jetkerip beriw zárúr. Bunnan tısqarı onıń qaraqalpaq poeziyasındaǵı tutqan ornı, hár tárepleme janrlıq jaqtan bayıtqanlıǵı aytıladı.

Ájiniyaz lirikasında watan teması hám ózi jasaǵan zamanǵa kózqarası boyınsha oqıwshılarǵa túsinik beriw barısında tómendegi kórsetpeli qurallardan paydalanıp sabaq ótse maqsetke muwapıq boladı:

- Magnitofon plenkasına shayırdıń «Ellerim bardı», «Bardur», «Ayrılsa» qosıqlarınan úzindiler jazdırıp, onıń naması menen yaki bolmasa kórkem oqıw usılları túsindiriw oqıwshılarda qızıǵıwshılıq payda etedi.
- Shayırdıń qosıqlarınan úzindilerdi slaydlarǵa jazdırıp, onı kórsetiw, olar da ádewir qızıǵıwshılıq oyata aladı.

**1-slayd**

Elinen ayrılǵan diywana bolar,
Yarınan ayrılǵan biygana bolar,
Hárreler usha almay pármana bolar,
Uyası buzılıp paldan ayrılsa.

Bul slaydtaǵı qosıq qatarlarına tómendegi baǵdarda túsinik beriledi. Ájiniyaz poeziyasında Watan teması eń baslı orınǵa kóteriledi. Ol tuwılǵan elin shın maǵanasında saǵınadı.Bul ideya basqa filosofiyalıq qosıqlarında da keńnen orın alǵan. Máselen, onıń «Ayrılsa» qosıǵında usı mazmun sáwlelengen.

**2-slayd**

Giyne qılıp eldi taslap ketkennen,
Qádirin bilmes jerde xızmet etkennen,
Jat jerlerde músápirlik shekkennen,
Urıp-soǵıp qorlasada el jaqsı.

Bul slaydqa kirgizilgen qosıq qatarlarında tuwılıp ósken eldiń qádir-qımbatı, ana watanıń ullıǵı tásirli súwretlengen.

**3-slayd**

Xalıq soraǵan atalıqqa,
İs júrgizip qapalıqqa,
Kúsh berip gilkiy salıqqa,
Xalıqtı postırıw shul kerek.

3-slayd boyınsha oqıwshılarda óz pikirlerin bılayınsha bildirse maqsetke muwapıq boladı. Ájiniyaz qaraqalpaq awılların aralap ósken shayır. Sonıń ushın da xalıq turmısı onıń qáleminen shette qalǵan emes. Ol awıl kádqudaların saldamlı, bilimli hám ádalatlı adamlar sıpatında sezedi. Biraq olardıń kópshiligi insapsız, xalıqtıń táǵdiri menen sanasa bermeytuǵın adamlar bolǵan. Ózi zorǵa kúnin kórip otırǵan xalıqqa salıqtı kóbeyte beredi.Bul azday olardıń xalıqtan para talap etiwleri keshirim bolmaytuǵın jaǵday. Bunday jaǵdaylar menen olar ózleriniń kádqudalıq ataqlarına da daq túsiredi. Shayırdıń pikiri boyınsha patsha, xan, biy, aqsaqallar hám basqalardıń xalıq ádalatlıǵı ushın gúresiwi kerek. Basshı eldi ádalatlıq penen basqarıw kerek.

**4-slayd**

Bul dúnyanıń kórki - adam balası,
Sol adamnıń kókke jeter nalası.

Ájiniyaz shayırdıń bul qosıq qatarlarında dúnyaǵa kóz qarası, filosofiyalıq oyları sáwlelengen. Óytkeni, dúnyanıń rawajlanıwı, qızıǵı insan balasına ǵárezli ekenligi súwretlenedi. İnsan –bul qúdiretli kúshke iye. Ol dúnyanı rawajlandırıp qoymastan, bul dúyanıń kórki ekenligi úlken maqtanısh penen aytıladı.

**5-slayd**

Ashıq-yarsız, búlbil-gúlsiz,
Kiyik –shólsiz, sona –kólsiz,
Ziywar aytar, jurcız-elsiz,
Adam bir diywana megzer.

Bul slaydtaǵı qosıq qatarları oqıwshılarǵa úlken tásir qaldıradı. Olar hár qıylı pikirlewi múmkin. Muǵallim olardıń pikirlerin bilip barǵanı maqul. Sebebi, qosıq qatarlarında kórsetilgendey adamlar arasında joldaslıq, doslıq, adamgershilik eń kúshli qásiyet bolıp, olardıń Watan, el átirapında birigiwleri kerekligi jırlanadı.

**6-slayd**

Qasqaldaqqa bir aǵarı may pice,
Ǵańqıldasıp qonar kólin tanımas,
Patshanıń dáwleti qaytayın dese,
Kózine may pitip, elin tanımas.

Oqıwshılar bul qosıq qatarlarındaǵı pikirleri tereńnen oy juwırtıwı lazım. Óytkeni, bul qosıq qatarları danalıq penen aytılǵan sózler. Shayırdıń kózqarası menen aytqanda, insan balası biyik mártebelerge kóterilgen menen ondaǵı adamgershilik, kishipeyillik, insanlıq qásiyetler joǵalmaw kerekligi uqtırıladı. Sol sıyaqlı Ájiniyaz shayır hár qanday xandı xalıqtıń ayırıp qaramaydı. Sonıń ushında bir xanlıq ishinde bolıp atırǵan basqınshılıq urıslar onıń zeynine tiyedi. Bozataw waqıyasında sonshama xalıq qırılıp, bul hádiysege xan aralaspaǵan bolıp ózin shetke alıwı, shayırdı oylandıradı.

Oqıwshılarǵa kórsetpeli qurallardıń barlıq túrlerinen paydalanıwǵa boladı. Biraq búgingi kúnde jańa pedagogikalıq texnologiyanıń jetiskenliklerin esapqa alıp, kompyuter arqalı slaydlar paydalanıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sonlıqtan, oqıtıwshılar sabaq barısında temalardı slaydlar arqalı túsindiriw, jaslarda úlken qızıǵıwshılıq oyatıp baradı. Slaydlarǵa kirgizilgen mısallardıń tárbiyalıq áhmiyeti kúshli bolıwı kerek.

**7-slayd**

Adam ulı adam qádirin bilmese,
Onnan dúzde otlap júrgen mal jaqsı,
Aytqan sózdiń maǵanasın bilmese,
Ol adamnan tilsiz ósken lal jaqsı.

Oqıwshılar slaydlartaǵı qosıq qatarlarına pikirlerin bildirip baradı.

**Oqıwshınıń pikiri:** Adam balası-bul ómirde aqıllı hám parasatlı bolıp jasawdı kúsegen. Sol sebepli bul dúnyanıń ózi de tálim hám tárbiya úlgileri menen tolıp tasqan. Bunıń tiykarı ata-analardıń parasatlı sózlerinen baslanıp, sońǵı danıshpanlardıń didaktikasına barıp taqaladı. Sonıń ushın da didaktika hár bir dáwir shayırlarınıń eń baslı teması bolıp kelgenligi málim. Sol sıyaqlı shayır poeziyası tálim–tárbiyaǵa tolı didaktika bolıp tabıladı. Adamzattıń dúnyada jasaw maqseti ádalatlı túrde kún keshiriw, bul ómirdiń jaqsı hám jamanlıqlardıń aqıbetin seziw. Biraq barlıq adam ómirde bir tekli emes. Kópshilik tárbiyaǵa mútáj bolıp keledi. Ájiniyaz shayır adamlar arasındaǵı topaslıqtı kóbirek tárbiyadan izleydi. Onıń pikiri boyınsha adamlar kóbirek sózi arqalı ayrıladı. Sebebi, adamgershiliktiń ózi de dáslep til arqalı belgili boladı.Sonıń ushın da hár qanday adam oylanıp sóylewi kerek. Egerde ádebiyatshı muǵallim belgili qosıqshı Dawıtbay Qayıpovtıń Ájiniyaz shayır qosıqları boyınsha atqarǵan nama qosıqların magnitofon plenkasına jazdırıp, 4-5 minut oqıwshılarǵa sabaq barısında qoyıp berse, sabaqtıń tásirsheńligi hám kórsetpeliligi artıp baradı. Máselen,

Sóylegende sózdiń parqın bilmegen,

Adam degen menen insan bolarma? ( «Bolarma»)
Pazıylet bilmegen adam,
Tórt ayaqlı malǵa megzer. ( «Megzer»)

Oqıwshılarǵa magnitofon plenkasınan shayır qosıqların esittiriw birinshiden, sabaqta muzıka menen baylanıstırıp ótken bolamız. Ekinshiden, sabaqtıń sapası hám texnikalıq qurallardan paydalnıw ózgesheligi artıp baradı.

**Sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Ádebiyat sabaǵında qollanılatuǵın kórsetpeli qurallar haqqında túsinik beriń.
2. Kórsetpeli qurallar hám onıń túrleri haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Ádebiyat sabaǵında kórsetpeli qurallardan paydalanıw usılların túsindirip beriń.
4. Ádebiyat baǵdarlamasında materiallardı kórsetpeli qurallar menen úyreniwdi túsindirip beriń.
5. Konferenciya sabaǵında kórsetpeli qurallardıń qollanıwın túsindirip beriń.
6. Pikirlesiw sabaǵında kórsetpeli qurallardıń qollanıwı haqqında túsinik beriń.
7. Akademiyalıq liceylerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı berilgen materiallardı oqıtıwda kórsetpeli qurallardan paydalanıw tártibin túsindirip beriń.
8. Kásip óner kolledjlerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı materiallardı oqıtıwda kórsetpeli qurallardan paydalanıw tártibin túsindirip beriń.
9. Ádebiyattı oqıtıwda kórsetpeli qurallardan paydalanıwdıń áhmiyetin túsindiriń.
10. Kórsetpeli qurallardan paydalanıwdıń ózgesheliklerin túsindiriń.
11. Ádebiyat sabaǵında kórsetpeli qurallardı bayıtıwdıń usılların atap ótiń.
12. Ádebiyat sabaǵında texnikalıq kórsetpeli qurallardan paydalanıwdıń áhmiyetin hám ózgesheliklerin túsindiriń.

## 3-tema: Sabaqtan tıs jumıslardı ótkeriw usılları

**Jobası:**

1.Sabaqtan tıs alıp alıp barılatuǵın jumıslardıń mazmunı hám túrleri
2.Sabaqtan tıs jumıslardı ótkeriw usılları
3.Ádebiy konferenciya hám ádebiy keshe

***Tayanısh sózler:*** *ádebiy kórkem kesheler, dógerek jumısları, dógerek jumısları, ádebiy dóretiwshilik dógerek, dramalıq dógerek, kórkem oqıw hám kórkem gúrriń etiw dógerek.*

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde eń áhmiyetli pedagogikalıq hám metodikalıq máselelerdiń biri – bul klastan hám sabaqtan tısqarı jumıslardı tereńnen úyreniw bolıp tabıladı. Oqıw jumısları jaqsı shólkemlestirilgen klaslarda da kórkem sóylew mádeniyatın puxta iyelemegen, ádebiyattan jeterli bilimge iye bolmaǵan oqıwshılardı ushıratıw múmkin. Bunıń tiykarǵı sebebi klastan tısqarı jumıslardı durıs shólkemlestirmegenlikten boladı. Klastan tıs oqıw, dógerek jumısları, oqıwshılardıń ádebiy dóretiwshilik jumısları, ádebiy kórkem kesheler hám dógerek jumısları, ǵa jeterli dıqqat awdarılmasa, onda oqıwshılardıń bilim dárejesine, olardaǵı bilimniń tereń hám bekkem bolıwına keri tásirin tiygizedi.

Qaraqalpaq ádebiyatınan ótkeriletuǵın klastan tıs jumıslar barısında oqıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alıw kerek. Qaraqalpaq ádebiyatınan sabaq alıp baratuǵın hárbir oqıtıwshı klastan tıs jumıslardı úyreniwi, shólkemlestiriwi, soǵan qarap jumıslardı ótkeriw barısında ayırım máselelerge itibar beriwi, sóylesiwler, gúrrińlesiw hám oqıwshılardı qızıqtırǵan máseleler boyınsha jazba jumıslar, dóretiwshilik isler shólkemlestiriw usılı menen puxta bilim beriwi tiyis.

Oqıwshılardıń nelerge qızıǵıwı hám klastan tısqarı jumıslardı anıqlaw maqsetinde olarǵa sorawlar beriliwi múmkin. Bul sorawlardı beriw arqalı oqıwshılardıń kórkem shıǵarmalarǵa qızıǵıwshılıǵın anıqlaw múmkin. Oqıwshılardıń uqıbı hám qızıǵıwshılıǵı úyrenilip shıqqannan soń tiykarǵı jumıslarǵa, klastan tıs jumıslardı durıs shólkemlestiriw usıllarına ótemiz. Bul jumıslardı qızıqlı shólkemlestiriw ushın oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın hám jas ózgesheliklerin esapqa alıp jıynaw kerek. Olardıń klastan tıs jumıslardı úyreniw hám onı durıs shólkemlestiriw maqsetinde oqıtıwshı kitapxana menen jaqsı baylanısta bolıwı kerek. Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın esapqa alıw hám onı ámelge asırıw maqsetinde ayırım shıǵarmalar bolmasa temalar tiykarında jarıslar shólkemlestiriledi.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde ádebiy bilim beriw hám tárbiya máseleleri ayrıqsha orındı iyeleydi. Oqıwshılarǵa baǵdarlamada berilgen materiallardı ádebiy konferenciya, keshe, dógerek jumısları, albom hám jurnallar, diywalı gazeta shıǵarıw, ádebiy sayaxat ótkeriw, kitapxana menen baylanıs máselelerin shólkemlestiriw arqalı úyretip baramız. Bunday jumıslardı ótkeriw barısında oqıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıp qaraqalpaq, ózbek, túrkmen, qazaq hám jáhán ádebiyatınıń úlgileri menen tanıstırıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden

esaplanadı. Sol arqalı oqıwshılardıń sanasına watanǵa súyiwshilik, milliylik, kishipeyillik, mehir hám muhabbat sıyaqlı joqarı insanıylıq pazıyletlerdi sińdire alıw, olardıń ruwxıy dúnyasın hár tárepleme milliy ideyalarǵa say rawajlandırıw kerek. Kórkem shıǵarmalardıń kórkemlik qásiyetlerin úyretiw tiykarında oqıwshıda sın pikirlew qábiletin, kónlikpelerin hám uqıplılıqların payda etiw zárúr.

Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, kásip óner kolledji hám akademiyalıq licey oqıwshıları klastan tıs jumıslardı úyreniw arqalı ádebiyattıń sóz óneri ekenligi, xalıq awızeki dóretiwshiligi, qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı, janrlar haqqında tereń maǵlıwmatlarǵa iye boladı. Jáne de olar ádebiyat boyınsha klastan tıs jumıslardı ótkeriw barısında kórkem shıǵarma qaharmanına jeke pikirin bildiw, shıǵarma mazmunın ayta alıw, túrli janrlardaǵı kórkem tekstlerdi kórkemlep oqıw, shıǵarmalardaǵı bayanlanǵan sezim-tuyǵılarǵa túsiniw, qaharmannıń tiykarǵı ruwxıy pazıyletlerin hám nuqsanların shıǵarmadaǵı tiykarǵı hám ekinshi dárejeli waqıyalardı ayıra biliw, úyrenilgen shıǵarmanıń ápiwayı jobasın dúziw, usı joba tiykarında qısqa kólemli shıǵarma jaza alıw kerek.

Dógerek jumıslarında, ádebiy konferenciya hám keshe, klastan tıs oqıw arqalı xalıq awızeki dóretpelerin, XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı, XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı, XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı, XXI ásirdiń 20-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha jazıwshı-shayırlardıń dóretpelerin úyreniwi tiyis. Klastan tıs jumıslarda ádebiyat boyınsha úyrengen bilim hám kónlikpelerin oqıwshılar ámelge asırıwı kerek. Máselen, kórkem estetikalıq mashqalalardı súwretlewde ádebiy túr hám janrlardıń ózine tán ózgesheliklerin ajıratıw, kórkem shıǵarma qaharmanına pikir bildiriwde shıǵarma mazmunına tiykarlanıw, sózdiń tuwra hám awıspalı mánilerin kórkem shıǵarmada qalay qollanılǵanlıǵın ańlaw, tekstti kórkem hám obrazlı oqıw, insanıylıq jaqsı qásiyetlerdi sińdire alıw sıyaqlı bilim-kónlikpe, uqıplılıqlardı qáliplestirip barıw hárbir oqıwshı ushın juwapkershilik wazıypa bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması hám sabaqlıǵı tiykarında klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriw hám ótkeriw júdá paydalı. Ádebiyat baǵdarlamasına kirgizilmey qalǵan jazıwshı-shayırlardıń dóretpelerin klastan tıs jumıs túrleri, ádebiy keshe, konferenciya, dógerek jumısları arqalı oqıwshılarǵa úyretiw maqsetke muwapıq boladı.

5-11-klaslarda, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde **dógerek jumısları** baǵdarlama tiykarında ótkerilip barıladı. Dógerek jumısları oqıwshılar ushın bir tematikalıq jobada dúzilgeni maqul. Sonlıqtan, dógerek

jumısları boyınsha metodistlerdiń pikirine súyenip, olardan siltemeler hám metodikalıq baǵdarlar alǵanımız maqsetke muwapıq boladı.
Ádebiyat boyınsha dógerek jumıslardı shólkemlestiriw, onı ótkeriw, jumıstıń mazmunı hám wazıypaları haqqında belgili metodistler S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Yuldoshev, A.Abdurazzoqov, Á.Paxratdinov, B.Tuxliev hám taǵı basqalardıń miynetlerinde pikirler aytılǵan.

S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Axmedovlardıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası" miynetinde dógerek jumısına toqtap: «Ádebiyat hám ádebiy oqıw materiallarına baylanıslı bolǵan dógerekler tiykarınan úsh túrli:
1. Ádebiy dóretiwshilik dógerek. 2. Dramalıq dógerek. 3.Kórkem oqıw hám kórkem gúrriń etiw dógerek»[14], – dep bólip ótedi. Bul dógerek jumıs túrlerine pikir bildirip ótken. Bul pikirlerdi rawajlandırıp Q.Yuldoshev, O.Madaev, A.Abdurazoqovlardıń "Ádebiyat oqıtıw metodikası" atamasındaǵı miynetinde ádebiyat dógerek jumısların tómendegi túrlerge ajıratıp: «1.Ádebiy dóretiwshilik dógeregi. 2.Kórkem oqıw dógeregi. 3.Drama dógeregi. 4.Ádebiy úlketanıw dógeregi»[15], – dep ataydı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha prof. Á.Paxratdinov: "Dógerek jumısların ádebiy dóretiwshilik dógerek, dramalıq dógerek, kórkem oqıw hám kórkemlep sóylep beriw dógerekleri"[16], -dep úsh túrge ajıratıp kórsetedi. Á.Paxratdinov tárepinen aytılǵan pikirler S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Axmedovlar tárepinen dógerek haqqında aytılǵan pikirlerge jaqınlasıp, hátteki dógereklerdi bóliw usılı birdey bolıp ketkenligi seziledi.

Mektepte, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın dógerek jumısların basqasha usıllarda toparǵa ajıratıw múmkin.

1. Epikalıq dógerek.
2. Lirikalıq dógerek.
3. Dramalıq dógerek.
4. Klaslarǵa qarap bólinetuǵın dógerek jumısları:

a) 5-klasta ádebiy dógeregi
b) 6-klasta kórkem oqıw dógeregi
v) folklor boyınsha ótiletuǵın dógerek jumısları
g) XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın dógerek jumısı
d) XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın dógerek jumısı

[14] **С.Долимов, Х.Убайдуллаев, Қ.Ахмедов "Адабиёт ўқитиш методикаси". Тошкент-1967, 421-бет.**
[15] Қ.Йўлдошев, О.Мадаев, А.Абдуразоқов "Адабиёт ўқитиш методикаси". Тошкент-1994, 87-бет.
[16] Ә.Пахратдинов "Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы". Нөкис "Билим", 2004, 220-бет.

Mektepte, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde dógerek jumısların ótkeriw tártibi, temalardıń ózgeshilikleri, forması haqqında máselelerge toqtap ótkenimiz maqul.

Dógerek jumısları klasta ótiletuğın jumıslardan ózgeshelenip turadı. Dógerekte oqıwshılar ózlerin qızıqtıratuğın jańalıqlar menen tanısadı. Jumıstıń mazmunı qızıqlı hám janlı bolıwı kerek. Ádette, dógerek aǵzaları hártúrli klaslardan jıynaladı. Oqıwshılar bul dógerekke jıllıq jobasında berilgen materiallardı úyreniw ushın birlestiriledi. Sonlıqtan, oqıwshılar joqarıdaǵı dógerek túrleriniń birine aǵza boladı. Dógerek basshısı dógerek jumısınıń tematikasın onıń túrine qarap islep shıqqanı maqul.

Epikalıq dógerek jumısına tartılatuğın oqıwshılar ertek, gúrriń, povest, romanlardı kóbirek oqıǵan bolıwı tiyis.

5-9-klass ushın epikalıq hám lirikalıq dógerek jumısları ápiwayı hám jeńil temalardan ibarat bolıwı kerek. Óytkeni, oqıwshılardıń jas ózgeshelikleri, olardıń qızıǵıwshılıqları esapqa alınadı.

X-XI klasta, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde epikalıq hám lirikalıq dógerek jumıslarına beriletuğın temalar biraz quramalı bolıwı kerek. Oqıwshılar berilgen temalar átirapında awızsha hám jazba túrde pikirler bildire alıwı, bayanat jasap biliwi, bir-birine sorawlar beriwi kerek. Bul epikalıq dógerek jumısına dúnya ádebiyatınan, qaraqalpaq ádebiyatınan kóp mısallar keltiriledi. Sh.Aytmatov, R.Gamzatov, M.Aybek, N.Dáwqaraev, M.Dáribaev, Á.Ótepov, A.Dabılov, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Qayıpbergenov, Sh.Seyitov, U.Pirjanov, Á.Paxratdinov, S.Ismayılov, K.Karimov, X.Dáwletnazarov, O.Sátbaev, N.Tóreshova, G.Nurlepesova hám taǵı basqalardıń dóretiwshiliginen tematikalıq joba dúzilgeni durıs.

Dógerek basshısı ádebiy shıǵarmalardı tallaw hám onı túsindiriw arqalı oqıwshılarǵa teoriyalıq bilim beriwi tiyis. Oqıwshılardı qosıq, gúrrińlerdi kórkem oqıwǵa qızıqtıra alıwı kerek. Sonday-aq, dógerek aǵzaları arasında qosıq jaza alatuğın óz dóretpeleri menen respublikalıq gazeta hám jurnallarǵa qatnasatuğın talantlı oqıwshılar da ushırasadı. Bunday talant iyelerin dógerek jumısına belsendi qatnastırıp, olardıń dóretpelerin túsindiriw hám tallaw kerek.

Dógerek jumısların bir ayda bir yaki eki ret ótkeriw kerek. Bul waqıt aralıǵında dógerek aǵzaları temalarǵa jaqsı tayarlanıp keledi. Dógerek jumısların kúndelik sabaqlar ótkeriletuğın klasta emes, oqıwshılardı qızıqtıratuğın dárejede bezelgen, jaqsı hám taza bólmelerde ótkergen maqul. Óytkeni, ádebiyat bólmesindegi shayır-jazıwshılardıń súwretleri, diywalǵa qıstırılǵan danalıq sózler,

kórkem shıǵarma mazmunı tiykarında salınǵan súwretler oqıwshılarǵa biraz zawıq baǵıshlaydı. Dógerek aǵzaların qızıqtıratuǵın máselelerdiń biri jumıs jobasın mazmunlı hám tásirli dúziw kerek. Jumıstıń ulıwma mazmunı tańlanǵan temalardıń tárbiyalıq áhmiyetine hám kórkemligine baylanıslı boladı. Qaysı dógerek jumısınıń tematikası bolmasın, bári de bir jıllıq etip dúziledi. Solay etip, usı jobada dógerek aǵzalarınıń maqsetleri hám pikirleri esapqa alınǵanı maqul. Bir jılǵa dúzilgen dógerek jumısınıń jobası temalarǵa bólinip jazıladı.

Ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde ádebiyat boyınsha ádebiy dóretiwshilik dógerek jumısları ótkeriledi. Bul jumıs túri mektep turmısında ádewir sınalǵan. Bul boyınsha ótkeriletuǵın jumıstıń maqseti eki túrli xarakterge iye. Jumıstıń bir túri klasta alǵan bilimin bekkemlew hám tolıqtırıwǵa, ádebiy shıǵarmalar yamasa ayırım jazıwshılardıń dóretiwshilik jolı menen hár tárepleme tolıq tanısıwǵa qaratılǵan boladı. Sonlıqtan, bul dógerekte joqarı klass oqıwshıları tartıladı. Kolledji hám akademiyalıq liceylerde dóretiwshilik dógerek jumısın ádewir jetilistiriw kerek. Óytkeni oqıwshılar akademiyalıq liceyde óz betinshe pikirlew qábiletin rawajlandırıp baradı. Sonlıqtan, bul oqıw orınlarında klastan tıs jumıs túrleriniń qalay qollanıw kerekligine toqtawdı maqul kórmedik. Dógerek jumısları hám klastan tıs kórkem oqıw jumıslarında ádebiyat boyınsha úyrengen bilim kónlikpelerin oqıwshılar ámelde asırıwı zárúr. Máselen, tiyisli jámiyetlik siyasiy, kórkem estetikalıq mashqalalardı súwretlewde ádebiy túr hám janrlardıń ózine tán ózgesheliklerin ajıratıw, kórkem shıǵarmada qaharmanına pikir bildiriw, shıǵarma mazmunın túsiniw, sózdiń tuwra hám awıspalı mánilerin kórkem shıǵarmada qalay qollanılǵanlıǵın ańlaw, tekstti kórkem hám obrazlı oqıw, insanıylıq jaqsı qásiyetlerdi sińdire alıw sıyaqlı bilim-kónlikpe, uqıplılıqlardı qáliplestirip barıw hárbir oqıwshı ushın juwapkershilikli wazıypa bolıp tabıladı.

Belgili metodistler Q.Yuldoshev, Á.Paxratdinovlar óz miynetlerinde bul dógerek jumısı tuwralı bahalı pikirlerin bildirgen. Á.Paxratdinov "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" qollanbasında: "Ádebiy tvorchestvolıq krujok: Mekteptegi bul krujok oqıwshılar ushın eń awır, eń qıyın jáne de eń qızıqlı krujoklardıń biri bolıp esaplanadı. Sonıń ushın mekteptegi bul krujok aǵzalarınıń klastaǵı eń saylandı oqıwshıları tartılıwı kerek boladı. Usı ádebiy tvorchestvolıq krujoktıń óz aldına qoyatuǵın tiykarınan eki wazıypası boladı. Birinshi wazıypa: Krujok aǵzaları qaraqalpaq ádebiyatın mektepte tereń úyreniw. Ekinshi wazıypa:

Bul krujoktıń aǵzaları mektepte ózlerinshe ádebiy tvorchestvolıq isti rawajlandırıwǵa aktiv iniciatorlardıń biri bolıwdan ibarat”[17],– dep kórsetedi.

Sonlıqtan dóretiwshilik dógerek jumısınıń temaların pán muǵallimi oqıwshılardıń bilim kónlikpelerin esapqa alǵan halda tereń mazmunlı hám qızıqlı temalar átirapında qurıwı kerek. Tómendegi temalardı alǵanı maqsetke muwapıq:

1. Axmed Yugnakiydiń “Haqıyqatlar sıylıǵı” dóretpesinde turmıs shınlıǵınıń súwretleniwi.
2. Yusup Has Hajıbtıń “Baxıtqa baslawshı bilim” shıǵarmasında bilimniń táriyipleniwi.
3. Noǵay zamanınıń jıraw-shayırları.
4. Jiyen Amanlıq ulınıń “Posqan el” shıǵarmasında tariyxıy shınlıqtıń jırlanıwı.
5. Kúnxojanıń “El menen”, “Nege kerek?” qosıqlarınıń ideyalıq mazmunı.
6. Ájiniyaz shayırdıń “Ayrılsa”, “Kerekti” qosıqlarınıń ideyalıq mazmunı.
7. Saadıydiń “Gúlistan” shıǵarmasınıń syujeti.
8. “Qırıq qız” dástanında xalıqlar doslıǵınıń jırlanıwı.
9. K.Sultanovtıń “Ájiniyaz” romanınıń mazmunı.
10. Berdaqtıń “Xalıq ushın”, “Jaqsıraq” qosıqlarında bilimniń, ádep-ikramlılıqtıń súwretleniwi.
11. “Amangeldi” dástanınıń ideyalıq mazmunı.
12. S. Májitovtıń “Baǵdagúl” dramalıq syujeti.
13. N.Dáwqaraevtıń “Alpamıs” draması.
14. S.Nurımbetovtıń “Xanalas” dástanınıń syujeti.
15.G.Esemuratovanıń prozalıq shıǵarmalarında awıl temasınıń súwretleniwi.
16. I.Yusupovtıń “Watan topıraǵı” poemasınıń ideyalıq mazmunı.
17. A.Bekimbetovtıń “Awır táǵdirdi jeńiwshiler” povestindegi baslı qaharmanlarǵa sıpatlama.
18. S.Xojaniyazovtıń “Súymegenge súykenbe” dramasınıń tárbiyalıq áhmiyeti.
19. K.Karimovtıń “Aǵa biy” pomanınıń janrlıq ózgesheligi.
20. K.Karimovtıń “Ullı Dasht bórileri” pomanınıń syujeti.

Dóretiwshilik dógerek jumısınıń tematikası usı baǵdarda dúzilip, dógerek aǵzaları usı temalar boyınsha bayanat jasaydı. Bayanat boyınsha basqa dógerek

[17] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис “Билим”, 1992, 278-бет.**

aǵzaları shıǵıp sóyleydi. Oqıwshılarda dógerek jumısına bolǵan qızıǵıwshılıq ádewir jetilisip baradı.

Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması tiykarında dramalıq dógerek jumısın shólkemlestiriw kerek. Bul dógerek jumısı oqıwshılardıń ádebiyatqa, dramalıq shıǵarmalarǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Dramalıq dógerek jumısınıń ózine tán ózgeshelikleri bar. Bul nárseler dógerek jumısına qoyılatuǵın talaplardan kelip shıǵadı. Dramalıq dógereginiń aǵzaları ádebiyat teoriyası, shıǵarmalardı tallaw usılları, janrlar hám olardıń ózgeshelikleri, dramalıq shıǵarmalardıń payda bolıw sebepleri menen tanısıp baradı. Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqları esapqa alınıp dógerekke aǵza etip qabıl etiledi. Sonlıqtan, dógerek aǵzaları dramalıq shıǵarmalardıń mazmunı, syujeti, qaharmanlarınan xabardar bolıwı kerek. Dógerek aǵzalarına dramalıq janr boyınsha teoriyalıq maǵlıwmat beriw, anıq ózgeshelikleri menen tanıstırıw ádebiyat muǵalliminiń baslı wazıypası esaplanadı.

Ádebiy dóretiwshilik dógerek jumısları sıyaqlı dramalıq dógerek jumısında klastan tıs oqılatuǵın materiallar tiykarında jumıs ótkeriw kerek. Bul dógerek kórkem shıǵarmalardıń saxnaǵa qoyılıw máseleleri menen de shuǵıllanadı. Jumıstıń eń áhmiyetli bókleriniń biri dramalıq dóretpeni saxnalastırıp qoyıwdan ibarat. Usı waqıtları dógerek aǵzaları dramanıń mazmunı hám tekstlerdi kórkem oqıw menen tanısadı. Ayırım dógerek aǵzaları monologtı kórkem oqıydı, saxnalıq kórinislerdi qoyadı. Dramalıq dógerek jumısında eń áhmiyetli máselege tayarlıq boladı. Dógerekte saxnalıq kóriniske tayarlıq barısında dógerek aǵzaları obraz jarata alıwı kerek.

Dógerek jumısınıń tematikasına S.Májitovtıń «Baǵdagúl», Á.Ótepovtıń «Teńin tapqan qız», Q.Áwezovtıń «Tilek jolında», J.Aymurzaevtıń «Qádirdan doktor», Á.Shamuratovtıń «Qırıq qız», J.Aymurzaevtıń «Berdaq» pesalarınan tısqarı gárezsizlik dáwirdegi saxnalıq shıǵarmalardan paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Sonday-aq, tek belgili jazıwshılardıń dóretpelerinen paydalanıp qoymastan, talantlı qálemkeshlerdiń saxnalıq shıǵarmalarınan paydalanıwǵa boladı. Hárqanday tańlap alınǵan saxnalıq dóretpeniń tárbiyalıq áhmiyetine dıqqat awdarıw kerek. Dógerek aǵzaları teoriyalıq bilimin arttırıw maqsetinde kino hám teatrlarda kórgen dóretpeleri haqqında, artistlerdiń saxnada qalay oynaǵanı tuwralı pikir alısıp barǵanı maqul. Nátiyjede pikirlew qábileti rawajlanadı, saxnalıq shıǵarmalarǵa túsinigi artadı, dógerek jumısına qızıǵıwshılıǵı kúsheyip baradı.

Kórkem oqıw hám kórkem bayanlap beriw dógeregi boyınsha da bazıbir metodikalıq pikirlerdi bildirgenimiz durıs shıǵar. Klastan tıs jumıslardıń ishinde kórkem oqıw dógerek jumısı mektep turmısında áhmiyetli orındı iyeleydi. Bul dógerek jumısı 5-11-klaslardıń baǵdarlama materialları tiykarında shólkemlestirilgeni maqsetke muwapıq. Dógerek aǵzalarına hárbir klastan 4-5 oqıwshı saylap alınǵanı maqul. Jumıstıń jobası pán muǵallimi tárepinen sheber dúzilgen jaǵdayda ǵana dógerek aǵzaları arasında qızıǵıwshılıq artadı. Bul dógerekte oqıwshılardı jáne de qızıqtıratuǵın nárseler radıo hám magnitofonlar. Oqıw texnikası menen tanıstırıw ushın radıodan kórkem oqıw yaki bolmasa tásirli oqıǵan sózlerin magnitofon plyonkasına jazıp tıńlaw áhmiyetli usıllardan esaplanadı. Dógerek aǵzaları belgili tájiriybege iye bolǵannan keyin mektepte ótkeriletuǵın ádebiy keshelerde yadlaǵan tekstlerin oqıp beriwi kerek. Sonday-aq, dógerek aǵzaları kórkem oqıwǵa arnalǵan qalada, mektepler arasında ótkerilgen mádeniy oraylarda óz talantın kórsetiwi múmkin. Kórkem oqıw dógereginiń aǵzaları shayır hám jazıwshılardıń dóretiwshiligine baylanıslı ádebiy keshelerge qatnasıp baradı.

Ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde **ádebiy konferenciya hám ádebiy keshe** ótkeriw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Kópshilik metodistler ádebiy konferenciya menen ádebiy kesheni birdey klastan tıs jumıstıń túrleri dep qaraydı. Negizinde ilimiy metodikalıq izertlew jumıslarında bul máseleni basqasha túsindiredi. Belgili metodistler A.S.Zunnunov[18], K.Juraev[19], Q.Yuldoshev[20], S.Ismatov[21] hám taǵı basqalardıń miynetlerinde bul másele boyınsha azı kem metodikalıq pikirler aytılǵan. Á.Paxratdinovtıń “Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası” miynetinde konferenciyanı jazıwshılardıń kórkem dóretpelerine arnalıp ótkeriliwi kerekligi aytıladı. Bul pikirdi basqa da alımlar qollap quwatlaydı. Bizińshe konferenciya eki baǵdarda ótkerilgeni durıs boladı. Birinshiden, jazıwshı-shayırlardıń kórkem dóretpelerine arnalsa, ekinshiden, jazıwshılardıń dóretpelerine tiykarlanıp ilimiy baǵdarda ótkergenimiz maqsetke muwapıq. Konferenciya ótkeriw jobaların qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimi islep shıǵadı. Máselen, I.Yusupov dóretpeleri boyınsha konferenciyanı mına baǵdarda

[18] Зуннунов А.С., Хотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. «Адабиёт ўқитиш методикаси». Т., «Ўқитувчи», 1992.
[19] Жўраев К. Мактабда Ойбекнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент «Ўқитувчи», 1973.
[20] Йўлдошев Қ., Мадаев О., Абдураҳмонов. «Адабиёт ўқитиш методикаси». Т., «Ўқитувчи», 1999.
[21] Исматов С. Мактабда Абдулла Қаҳҳорнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент «Ўқитувчи», 1979.

jobalastıramız. Shayırdıń dóretpelerine sholıw túrinde ádebiyatshı muǵallimniń kiris sózi boladı.

1. Kiris sóz.
2. I.Yusupovtıń watanǵa baylanıslı lirikası.
3. “Joldas muǵallim” poeması haqqında.
4. Shayırdıń “Qara tal”, “Seksewil”, “Kewil kewilden suw isher” qosıqların kórkem oqıw.
5. “Poseydonnıń ǵázebi” poemasınıń mazmunı.
6. “Dala ármanları” poemaların tallaw.
7. “Tumaris” poemasınıń ideyalıq mazmunı.
8. “Aktrisanıń ıǵbalı” poemasınıń mazmunı.
9. “Búlbil uyası” poemasınıń mazmunı.
10. “Qaraqalpaq haqqında sóz” poemasında obrazlarǵa sıpatlama beriń.

Ádebiy konferenciyanı oqıwshılar menen birlikte ótkeriwge boladı. Sebebi, bul klass oqıwshıları ádebiyat baǵdarlaması boyınsha A.Dabılov, T.Jumamuratov, T.Qayıpbergenov, S.Xojaniyazov, I.Yusupov dóretiwshiliklerin úyrenedi.

Klastan tıs jumıslardıń maqseti oqıwshılardıń kórkem ádebiyatqa bolǵan túsinigin hám qızıǵıwshılıǵın arttırıwǵa tiykar boladı. Joqarıdaǵı shayırlardıń birewine baylanıslı kitap oqıwshılar konferenciyasın úsh túrde ótkeriw múmkin. Tematikalıq baǵdarda konferenciya shayırlardıń bir shıǵarması, dóretiwshilik jolı yamasa shayır jasaǵan dáwiri tiykarında ótkeriledi. Bul konferenciya oqıwshılardıń kórkem shıǵarma boyınsha sabaq barısında alǵan bilimlerin birlestiriwge, sóz sheberiniń ómiri hám dóretiwshilik jolı menen tereń tanısıw, ideyalıq hám kórkemlik jaqtan belgili bir áhmiyetli orın tutatuǵın shıǵarmalarǵa qızıǵıwshılıǵın arttırıw, olardıń ádep-ikramlılıq, gózzallıq sezimlerin rawajlandırıwdan ibarat. Konferenciyalar oqıwshılardıń belgili bir tema ústinde islewine, ózleri unatıp júrgen kórkem shıǵarma hám kórkem obrazlar haqqında erkin gúrrińlesiwge tolıq jaǵday jasaydı.

Bunı J.Aymurzaevtıń dóretpesi boyınsha kórip shıǵayıq:

Tema: J.Aymurzaev-kórkem sóz ustası.

Maqseti: J.Aymurzaevtıń “Hákisliler” (1954), “Qosıqlar” (1933), “Qosıqlar” (1956), “Ullı watan qosıǵı” (1959), “Tasqın” (1946), “Meniń batırlarım” (1949), “Qaharmanlıq gúreske” (1942), “Shayır sózi”, “Jańa áwladlarǵa” (1951), “Dańqlı doslar” (1954), “Aydın jolda” (1955), “Ámiwdárya boyında” (1967), “Qızketken” (1972), “Ómir shaydasıman” (1986), “Jetpis toǵızınshı báhár” (1989),

J.Aymurzaev. Shıǵarmaları, I tom, (1961), I tom, (1962), J.Aymurzaev. Shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı, (1989), "Ulım tıńla", Qosıqlar hám poemalar (1996), "Jetimniń júregi" (1993) sıyaqlı toplamlarına arnalǵan kitap oqıwshılar konferenciyasın keń túrde ótkeriw arqalı jazıwshı shıǵarmaların jámiyetshilikke eń jaydırıw, qaraqalpaq xalqın, onıń úrp-ádetin, tábiyatın qádirlew sezimlerin tárbiyalawdı iske asırıw.

Konferenciya ótilmesten aldın ádebiyat muǵallimi basshılıǵında belsendi oqıwshılardı jıynap alıp keńesip aladı. Bul keńeste konferenciyanıń teması, ótkeriletuǵın waqtı anıq belgilenedi. Sonday-aq konferenciyada islenetuǵın jumıslar oqıwshılarǵa bólistirilip beriledi. Konferenciyaǵa tayarlanıw hám onıń is jobasın shama menen tómendegi tártipte dúzedi:

| **q/t** | **Jumıstıń mazmunı** | **Orınlana tuǵın waqıt** | **Orınlawshı** |
|---|---|---|---|
| 1 | Kitap oqıwshılar konferenciyası hám onıń wazıypaları haqqında gúrrıń ótkeriw | 29.IV.2017 | Ádebiyat muǵallimi, kitap oqıwshılar belsendisi. |
| 2 | Konferenciyaǵa tiyisli bolǵan ádebiyatlar dizimin beriw hám óz betinshe oqıwdı uyımlastırıw | 29.IV.2017 | Kitap oqıwshılar belsendisi. |
| 3 | Konferenciya jobasın tallaw hám wazıypalardı belgilew | 29.IV.2017 | Ádebiyat muǵallimi, kitapxanashı. |
| 4 | Konferenciya teması hám baǵdarlaması súwretlengen plakatlar islew | 03.V.2017 | Kitapxanashı |
| 5 | Kórkem oqıw boyınsha gúrrıń tayarlaw | | Ádebiyat muǵallimi |
| 6 | S.Xojaniyazovtıń dramalıq shıǵarmaları | 10.V.2017 | Kitapxanashı, oqıwshılar |
| 7 | Saxnalıq dóretpege oqıwshılardıń tayarlıǵın baqlaw | 15.V.2017 | Dógerek aǵzaları |
| 8 | Dógerek aǵzalarınıń qatnasıwında saxnalıq kórinis | 18.V. 2017 | Ádebiyat muǵallimi, dógerek aǵzaları |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | tayarlaw | | |
| 9 | Konferenciyaǵa arnap diywalı gazeta shıǵarıw | 19.V.2017 | Dógerek aǵzaları |
| 10 | Bayanatshı, kórkem gúrriń aytıwshılar | 20.V.2017 | Ádebiyat muǵallimi |
| 11 | "S.Xojaniyazov belgili dramaturg" degen temada súwretlengen albom tayarlaw | 20.V.2017 | Kitapxanashı, redkollegiya aǵzaları |
| 12 | Konferenciyaǵa qatnasıwshılar hám sózge shıǵıwshılar menen pikir alısıwdı uyımlastırıw | 22.V.2017 | Ádebiyat muǵallimi |
| 13 | Konferenciya boyınsha ádebiy kórgizbe shólkemlestiriw | 23.V.2017 | Kitapxana xızmetkerleri |
| 14 | Konferenciyaǵa qatnasıwshılardı eń keyingi sınaqtan ótkeriw | 24.V.2017 | Ádebiyat muǵallimi |
| 15 | Konferenciyanı ótkeriw hám onı juwmaqlaw | 25.V.2017 | Mektep kitapxanashısı, oqıwshılar belsendileri |

Konferenciya ótkerilmesten burın hámme klaslarda S.Xojaniyazovtıń shıǵarmaların oqıw tapsırıladı. "S.Xojaniyazov - belgili dramaturg", "S.Xojaniyazovtıń "Súymegenge súykenbe" dramasınıń mazmunı", «"Súymegenge súykenbe" dramasınıń syujeti», «"Súymegenge súykenbe" dramasınıń baslı obrazlarına sıpatlama beriń» h.t.b. temalarda jazba jumıs ótkeriliwi kerek. Ayırım shıǵarmalarınan úzindiler yadlanıwı, kórkem oqıwǵa hám dramalıq shıǵarmaların saxnalastırıw jumıslarına tayarlıq kóriliwi kerek. Sonıń menen birge usı jumısta "Súymegenge súykenbe" draması boyınsha shıǵarma jumısın, kitaplar boyınsha pikir alısıwlar muǵallim tárepinen tekserilip, olar dógerekte kórip shıǵılıp, eń saylandıların tańlap alıp, diywalı gazetada járiyalanadı. S.Xojaniyazovtıń dramalıq shıǵarmalarına arnalıp tómendegi sorawlar oqıwshılar tárepinen shıǵarılǵan plakatlarǵa jazılıp qoyılıwı da múmkin. Máselen:

1. S.Xojaniyazovtıń "Arıwlar"[22] dramasınıń ideyalıq tematikası.
2. "Erkebaydıń epkini" dramasınıń syujeti hám kompoziciyası.
3. "Mamanbiy" dramasınıń mazmunı.
4. "Jaslar" dramasınıń ideyalıq mazmunı.

[22] **Хожаниязов С. Арыўлар. Нөкис "Қарақалпақстан", 1987.**

5. “Bunı da kóreyik” dramasınıń janrlıq ózgeshelikleri.
6. “Júrek nusqawı” dramasınıń syujeti.
7. “Baxıt jolı” shıǵarmasınıń baslı qaharmanlarına sıpatlama.
8. “Biziń bahadır” dóretpesiniń syujeti.
9. “Tóreniń tutqan jeńgesi” dramasınıń kórkemliligi.
10. “Súymegenge súykenbe” dramasınıń mazmunı.
11. “Súymegenge súykenbe” dramasınıń qaharmanlarına sıpatlama beriń.
12. Dóretpede qaysı dáwirdegi waqıyalar súwretlenedi?
13. Dramalıq shıǵarmadaǵı obraz jasaw máseleleri.

**Konferenciya jobasın tómendegishe dúziwge boladı:**

1. Kiris sóz.
2. Bayanat: S.Xojaniyazovtıń dramalıq shıǵarmalarında jaslar teması.
3. Bayanat: S.Xojaniyazov qaraqalpaq dramaturgiyasın rawajlandırıwǵa salmaqlı úles qosqan talant iyesi.
4. Bayanat: S.Xojaniyazovtıń “Súymegenge súykenbe” dramasınıń syujeti.
5. “Súymegenge súykenbe” draması tiykarında saxnalıq kórinis.
6. Kórkem oqıw: Aysánem, Parshagúl, Áwez, Ǵodalaq sózleri, monologları.
7. Oqıwshılardıń shıǵıp sóylewleri.
8. Dramaturgtiń ádebiyattaǵı ornı.
9. Juwmaqlaw.

Usı joba boyınsha konferenciyanı ótkeriw ushın barlıq nárse burın tayarlanadı. Baǵdarlamada kórsetilip ótilgendey-aq islenetuǵın jumıslar anıq belgilenedi. Konferenciya bolatuǵın bólmege kórgizbe shólkemlestiriliwi kerek. Kórgizbeniń birinshi bólimi S.Xojaniyazovtıń shıǵarmaları, dramaturgtiń ómirine, dóretpelerine tiyisli bolǵan súwretler, dramaturg haqqında aytılǵan pikirler bolıwı kerek. Al, kórgizbeniń ekinshi bólimin oqıwshılardıń dóretiwshilik isleri menen bezeliwi shárt. Máselen, kitap oqıwshılardıń S.Xojaniyazovtıń shıǵarmaları tiykarında jazılǵan jazba jumısları, pikirleri, kúndelikleri, albom, qosıq, súwretleri orın aladı. S.Xojaniyazovtıń ómiri hám dóretpeleri boyınsha ádebiyat muǵallimi menen kitapxanashı tárepinen ótkeriletuǵın konferenciyalar da oqıwshılardıń bilim kólemin rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Bul konferenciyanı ótkeriwdegi maqset klastan tıs oqıw ushın usınılǵan dramalıq shıǵarmalardı hár tárepleme túsinip alıwǵa arnaladı. Bul konferenciya tómendegi usılda ótiledi:

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń qısqasha alǵı sózi menen ashıladı. Bunda muǵallim konferenciyanıń maqsetin túsindiredi. Oqıwshılardı konferenciya talapları menen tanıstıradı. Bunnan keyin konferenciyaǵa tayarlanǵan oqıwshılar ózleri oqıǵan kitapları haqqında sóylep beredi. (Berdaq, Ótesh, Omar, A.Dabılov, S.Nurımbetov, T.Qayıpbergenov, I.Yusupov, S.Xojaniyazov, T.Mátmuratov h.t.basqalardıń shıǵarmaları). Konferenciyanı oqıw jılı dawamında eki yamasa úsh márte ótkerilse, sonıń birewin XIX ásirdegi shayırlarǵa, birewin XX ásirdegi qaraqalpaq shayır-jazıwshılarǵa arnawǵa boladı.

Jazıwshılardıń ómiri hám dóretpelerin úyreniwde esap beriw konferenciyası da úlken orındı tutadı. Bul konferenciya kitapxanashı, ádebiyat muǵallimi hám klass basshısı tárepinen shólkemlestiriledi. Ádebiyatshı muǵallim bul jumıslardı ótkeriw arqalı ádebiyattan alǵan bilimlerin jáne de rawajlandırıwǵa tásir jasaydı. Oqıwshılar sóz mánisin tereń túsinedi.

Ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde klastan tıs alıp barılǵan jumıs túrleri barısında oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew qábiletin rawajlandırıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Bul másele boyınsha belgili metodistler Q.Yuldoshev[23], B.Tuxliev[24], Q.Husanboeva[25], Á.Paxratdinov[26]lardıń miynetlerinde bazıbir pikirler aytılǵan.

Klastan tıs alıp barılǵan jumıs túrleri barısında oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew qábiletin rawajlandırıw máseleleri tiykarǵı maqsetlerden esaplanadı. Ádebiy kesheni, klastan tıs oqıwdı, dógerek jumısların ótkeriwde oqıwshılarǵa hárqıylı tapsırmalar beriledi. Sonlıqtan bunday tapsırmalardı orınlawda jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde ádebiyat páni boyınsha eń áhmiyetli metodikalıq máselelerdiń biri – bul klastan tıs oqıw. Bul máseleni ámelge asırıw ushın klasta ótiletuǵın materiallar menen málim dárejede baylanıs kerek. Bul haqqında metodistler hárqıylı kózqarasların bildiredi. Belgili metodist Á.Paxratdinov: «Mektepte ótiletuǵın klastan tısqarı oqıwdı qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimi múmkinshiligi bolǵansha klasta ótiletuǵın sabaq penen baylanıstırıp barıw

---

[23] Қ.Йўлдошев. Ўқитувчи китоби. Методик қўлланма. Тошкент “Ўқитувчи”, 1997 й.
[24] Б.Тўхлиев. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент, 2010 й.
[25] Қ.Ҳусанбоева. Адабиёт-маънавият ва мустақил фикр шакиллантириш омили. Тошкент, 2009 й.
[26] Ә.Пахратдинов. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, “Билим”, 2004 ж.

kerek»[27],-dep metodikalıq pikirin bildiredi. Usıǵan jaqın pikirlerdi metodist J.Pirniyazov: «Muǵallim baǵdarlamadaǵı berilgen shıǵarmalardı sabaq barısında oqıtıw menen bir qatarda oqıwshılardıń bos waqtınan ónimli paydalana biliwi ushın qosımsha klastan tıs oqıwǵa hárqıylı usınadı. Bul oqıwshılardıń baǵdarlamadaǵı berilgen hárbir shıǵarmanı durıs ózlestiriwine hám olardıń úyindegi waqtın miynetsiz bosqa ótkeriwine járdemin tiygizedi.»[28],- dep klastan tıs oqıwdıń áhmiyetin aytıp ótken. Biraq bul pikirler klastan tıs oqıwdı shólkemlestiriw, onı ótkeriw sıyaqlı máselelerdi sheshe almaydı. Metodistlerdiń pikirlerin esapqa alıp 5-9-klaslarda klastan tıs oqıwdıń metodikalıq jaqtan ótiliw usıllarına dıqqat awdarǵandı maqul kórdik.

Klastan tıs jumıslardıń bir túri - bul klastan tıs oqıw bolıp esaplanadı. Bul máseleniń áhmiyetli táreplerine belgili metodistler Q.Yuldoshev, O.Madaev, A.Abdurazzoqovlardıń metodikalıq qollanbalarında pikirler aytılǵan. Biraq, ayırım metodistler kórkem oqıwdı ádebiy dógerek jumısınıń bir túri sıpatında qaraydı. Ózbek ádebiyatınıń metodistleri K.Oripov, M.Obidovalar kórkem oqıwdıń tariyxına, ádebiy janrlardı kórkem oqıwdıń ózgesheliklerine ayrıqsha itibar qaratqan[29]. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha izertlewshi prof.Á.Paxratdinov "klastan tısqarı oqıw"[30] - dep qaraydı. Al, mekteplerdegi ádebiyat baǵdarlamasında 5-klastan baslap 9-klassqa shekem klastan tıs oqıw ushın saatlar ajıratılǵan. Usı klaslarda bilim hám tárbiya máselelerin sheshiwde klastan tıs oqıwdı shólkemlestiriw hám onıń mazmunı úlken áhmiyet atqaradı.

Oqıwshılarǵa klastan tıs oqıwdıń maqseti:

1. Klasta ótilgen oqıw sabaqları hám sonday-aq basqa sabaqlar boyınsha alǵan bilimlerdi keńeytiw hám tereńlestiriw.
2. Kitapxanadan kerekli kitaptı, al kitaptan kerekli materiallardı taba biliwge úyretiw.
3. Kitap oqıwǵa qızıǵıwshılıqtı hám háreketsheńlikke tárbiyalaw.
4. Kitap ústinde óz betinshe islew, uqıplılıǵın jetilistiriw.
5. Oqıwshılardıń jeke qızıǵıwshılıǵın arttırıw bolıp tabıladı.

Klastan tıs oqıw sabaqlarında muǵallim dáslep bir hápte ishinde oqıwshılardıń nelerdi oqıǵanlıǵın hám qalay oqıǵanlıǵın tekseredi. Oqılǵan shıǵarmalar boyınsha gúrriń ótkeredi, bunnan sońǵı háptede klastan tıs nelerdi

[27] Ә.Пахратдинов Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004-жыл, 219-бет.
[28] Ж Пирниязов. Әдебий оқыў. 5-класс ушын методикалық қолланба. Нөкис, «Билим», 2003. 22-23-бетлер.
[29] К.Орипов, М.Обидова. Ифодали ўқиш. Тошкент, "Ўқитувчи" 1994. 136-бет.
[30] Ә.Пахратдинов. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим" 2004. 219-бет.

oqıytuǵınlıqların aytıp tapsırma beredi. Klastan tıs oqıw ushın usınılatuǵın materiallar múmkin bolǵanınsha klasta oqıw sabaqlarında ótilgen materiallar menen logikalıq túrde tıǵız baylanısqan bolıwına itibar beriw shárt. Bunıń ózi oqıwshılardıń klasta alǵan bilimlerin keńeytiw hám tereńletiw menen birge oqıwdı turmıs penen baylanıstırıwǵa hám balanıń oy-órisin keńeytiwge járdem etedi. Sonlıqtan 5-9-klaslardıń ádebiyat pániniń muǵallimleri oqıwshılarǵa ılayıqlı bolǵan kórkem ádebiyatlardıń, gazeta-jurnaldaǵı materiallardıń dizimin burın anıqlap alıwları shárt. Sonday-aq, oqıwshılarǵa ılayıqlı bolǵan hár túrli kerekli materiallardı gazeta-jurnallardan qıyıp alıp, albom jasap, onnan paydalanıw jumısları da maqsetke muwapıq keledi.

5-9-klaslarda klastan tıs oqıw ushın berilgen materiallardıń mazmunı, ideyalılıǵı hám kólemi jaǵınan sáykes keletuǵın qosıqlardı yadlatıw, olardı deklomaciya (taqmaqlap) hám xor etip aytıp beriw de úlken áhmiyetke iye. Bunday jumıslardı klastan tıs jumıslardıń waqtında ótkergen maqul. Klass oqıwshılarınıń kórkem shıǵarmalardı oqıwdaǵı qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde klass kitapxanasın shólkemlestiriwge ayrıqsha kewil bóliw kerek. Oqıwshılar ózleriniń oqıp shıqqan kitapların tapsırsa, sol arqalı klass kitapxanasınıń fondın kóbeytiwge boladı. Bul iske ata-analardıń da kewilin awdarıw kerek. Klass kitapxanasında bolǵan kitaplardı hám onnan paydalanıwdı dizimge alıp barıw jáne xoshametlew kerek.

Muǵallim klastan tıs oqıw sabaǵınıń bolatuǵın kúnin hám waqtın oqıwshılarǵa birneshe kún burın eskertkeni maqul. Oqıwshılarǵa ózleri oqıp kelgen kitapların klassqa alıp keliwlerin eskertip ótedi. Alıp kelgen kórkem shıǵarmaların partanıń ústine shıǵarıp teris awdarıp qoyıwların usınadı. Bunnan soń ádebiyatshı muǵallim oqıwshılardıń úyde kim qanday kórkem shıǵarma oqıǵanlıǵın sorap anıqlay baslaydı.

**Muǵallim**: - Qáne, Islambek, sen qanday kórkem shıǵarma oqıdıń?

**Islambek**: - Men T.Qayıpbergenovtıń “Sekretar” povestin oqıp keldim.

**Muǵallim**: - Bul dóretpe qaysı dáwirdegi waqıyalardı súwretleydi?

**Islambek:** - Ullı watandarlıq urıs jıllarındaǵı qaraqalpaq xalqınıń, jas balalardıń sol jıllardaǵı turmısı haqqında bayan etedi.

**Muǵallim: - Tazagúl, sen qaysı dóretpelerdi oqıdıń?**

**Tazagúl:** - I.Yusupovtıń “Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq” poemasın qızıǵıwshılıq penen oqıp shıqtım. Shıǵarma maǵan júdá unadı.

**Muǵallim: - Shıǵarmada qanday tema súwretlenedi?**

**Tazagúl:** - XIX ásirdiń aqırlarındaǵı túrkmen hayal-qızlarınıń turmısı tuwralı waqıyalar dóretpede súwretlenedi. Bir túrkmen qızı ájayıp gilem toqıydı. Onıń toqıǵan gilemleri haqqında xan esitip, onı sarayǵa aldıradı. Xan oǵan zulımlıq isleydi. Qız xan ushın gilem toqıwdan bas tartadı. Aqıbetinde qızdı zindanǵa taslaydı.

**Muǵallim:** - Tursıngúl, sen qaysı kórkem shıǵarmanı oqıdıń?

**Tursıngúl:** - Sh.Seyitovtıń "Kóp edi ketken tırnalar" povestin oqıp shıqtım. Shıǵarma urısqa ketken jawıngerlerdiń turmısınan alınǵan. Jas balalardıń urıs aqıbetinen jetim qalıwları súwretlenedi. Shıǵarmadaǵı waqıyalar Petka tilinen bayanlanadı.

Solay etip, muǵallim oqıwshılarǵa bir-eki soraw beriw arqalı qanday shıǵarmalar oqıǵanın, oqıǵan shıǵarmalarınıń mazmunın qalay ózlestirgenin anıqlap aladı. Ádebiyatshı muǵallim oqıwshılardıń klastan tıs oqıǵan kitapları jóninde qısqasha gúrriń ótkerip klass dápterine bahalar qoyadı, geypara oqıwshılardı xoshametleydi hám endigi bolatuǵın klastan tıs oqıwǵa usınılǵan qosıqlardıń atların aytıp, geypara oqıwshılarǵa ádebiy kitaplar beredi.

Klastan tıs oqıw sabaǵında kórkem oqıwdıń talaplarına ayrıqsha itibar qaratılıwı kerek. Kórkem oqıwdıń óz aldına qoyatuǵın maqseti - kórkem shıǵarmanıń sóz óneri ekenligin tanıtıw, onıń barlıq ideyalıq kórkemlik sıpatın túsindiriwge úyretiwden ibarat. Sonlıqtan da ádebiy shıǵarmanı dáslepki oqıwda muǵallim oqıwshılarǵa úlgi bolarlıq túsinikli, tásirli oqıwı kerek. Ayırım jaǵdayda shıǵarma ekinshi ret qaytalanıp oqılıwı da múmkin. Bunda muǵallim ótilip atırǵan shıǵarmanıń mazmunın oqıwshılardıń yadında qaldırıw, bekkemlew sıyaqlı maqsetlerdi gózleydi. Oqıw dáwirinde shıǵarmanıń túsiniksiz orınları túsindiriledi. Tekstke túsindiriw beriledi. Shıǵarma úshinshi ret te oqıladı. Biraq bul shıǵarmanı tallawdan keyin ǵana júrgiziledi. Buǵan kólemli shıǵarmalardıń qızıqlı hám mazmunlı bólimleri tańlanıp alınadı. Bul arqalı muǵallim óz oqıwshıların yadlawǵa tiyisli tekstlerdi tolıq uǵınıwǵa tayarlaydı.

Klastan tıs oqıw boyınsha ótkeriletuǵın sabaqtıń eń baslı shártleriniń biri kórkem oqıw. Oqıwshılar kórkem tekstti tásirli oqıp, úyreniwge ádetleniw maqsetinde de ótilgen materialdı bekkemlew maqseti menen de oqıwı múmkin. Bulardan basqa da kóplegen maqsetler bar. Olardıń ishinen oqıǵanınan óz túsingenin sóylep beriw, tekstke joba jazıw, til kórkemligin anıqlaw sıyaqlı

talaplardı eskertiw zárúr. Klastan tıs oqıwǵa berilgen kórkem shıǵarmalardıń tekstin kórkem oqıw ushın tómendegi talaplardı esapqa alıwı kerek.

Oqıtıwshı anıq sóylewi, barlıq klass oqıwshılarına jeterli, túsinikli sóylewi, stil hám orfografiyalıq jaqtan durıs sóylewi talap etilip, ol óz sózine úzliksiz dıqqat awdarıp barıw kerek. Onıń sóylegen sózleri oqıwshılar ushın úlgi bolıwı tiyis. Klastan tıs oqıw sabaqlarında oqıwshılardıń sóylegen sózlerine, olardıń sózdi durıs aytıwına, kemshiliklerin dúzetip, anıq hám tásirli oqıwına hám sóylewine dıqqat qaratıladı.

Klastan tıs oqıwda kórkem shıǵarmalardı kórkem oqıwdıń eń baslı shártlerinen biri - bul dawıstıń hár túrli qubılısları arqalı ádebiy shıǵarmalardıń ideyalıq-emociyalıq sıpatın tereń ashıp beriwden ibarat. Shıǵarmanı oqıwda metodistlerdiń kórsetiwi boyınsha intonaciyanıń mınaday túrlerine dıqqat awdarıw talap etiledi: Teksttiń xarakterine baylanıslı oqıwda dawıstı kóteriw yamasa páseytiw, kúsheytiw múmkin. Bul qubılıstı hárbir shıǵarmanıń janrlıq ózgesheligi talap etedi.

Klastan tıs oqıwǵa berilgen kórkem shıǵarmalar boyınsha oqıwshılardı kórkem oqıwǵa úyretiw maqsetinde texnikalıq qurallardan paydalanǵan durıs boladı. Ertek, gúrriń, dramalıq shıǵarmalardıń qalay oqılıwı kerekligi jóninde magnitofon plyonkasına jazdırılıp alınǵan tekstlerdi oqıwshılarǵa esittirgen maqul boladı. Solay etip, klastan tıs oqıw arqalı oqıwshılardıń ádebiyat pánine bolǵan qızıǵıwshılıǵın hám túsinigin arttıra alamız.

**Kórgizbe múyesh.** Oqıwshılardıń ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde klastan tıs jumıslardıń ele izertlenbey atırǵan bir túri – bul kórgizbe múyesh bolıp tabıladı. Bul jumıs túrin ámelge asırıwdıń metodikalıq táreplerine dıqqat awdarıp hám izertlep ótkenimiz maqul. Kórgizbe múyeshti shólkemlestiriwdiń maqseti: oqıwshılardı qaraqalpaq ádebiyatı pánine bolǵan súyiwshiligin kúsheytiw.

Oqıwshılarǵa hárbir pán muǵallimi ádebiyat baǵdarlaması tiykarında qatnas jasap, olarǵa belgili kórkem shıǵarmalardı qayta oqıp keliw, jazıwshı-shayırlardıń dóretpeleri boyınsha albomlar dúzetip keliw, kórkem dóretpelerdiń mazmunı tiykarında hárqıylı kórinistegi súwretler salıp keliw juwapkershilik penen tapsırıladı. Bul jumıstı tapsırıw ádebiyatshı muǵallimniń juwapkershiligi hám sheberligi nátiyjesinde iske asadı. Birinshiden, ádebiyatshı muǵallim baǵdarlama materialların túsinip hám tolıq oqıp shıǵıp jumısqa kirisiwi tiyis. Ekinshiden,

hárbir klastıń jas ózgesheliklerin esapqa alıwı, sonıń menen birge olardıń pánge qızıǵıwshılıqların esapqa alıwı kerek.

Kórgizbe múyesh ótkeriw usılları muǵallimniń metodikalıq sheberlikleri arqalı ámelge asırılıp baradı. Sonlıqtan qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması tiykarında tematikalıq, ulıwma temalarǵa baylanıslı kórgizbe múyesh shólkemlestiriw oqıwshılar ushın kóp paydalı nárselerdi beredi.

Baǵdarlama tiykarında kórgizbe múyesh shólkemlestiriw – bul sol klassqa sabaq beriwshi ádebiyatshı muǵallim arqalı ámelge asırıladı. 5-7-oqıwshılarına tómendegi tapsırmalar beriledi:

- Qaraqalpaq folklorı;
- Qaraqalpaq folklorın atqarıwshılar;
- Aytıslar: Qız-jigitler aytısı, juwap aytısı;
- Dástanlar hám onıń túrleri;
- “Edige” dástanı. Dástannıń teması hám obrazları;
- “Qırıq qız” dástanı. Dástandaǵı obrazlar;
- Orxon-Enisey, Avesto, Kodekus-Kumanikus jazba estelikleri;
- Qorqıt ata esteligi, Xoja Axmet Yassawiy dóretiwshiligi;
- Yusup Has Hajıbtıń “Baxıtqa baslawshı bilim” dóretpesi;
- Axmet Yugnakiydiń “Haqıyqatlar sıylıǵı” dóretpesi;
- Jiyen jırawdıń “Posqan el” tolǵawı;
- Kúnxojanıń “El menen”, “Nege kerek” qosıqları;
- Ájiniyazdıń “Ayrılsa”, “Kerekti” qosıqları;
- Berdaqtıń “Qashan ráhátlanadursan” qosıǵı;
- Saadıydiń “Gúlistan” dástanı;
- Al Beruniydiń “Ata-babalardan qalǵan estelikler” h.t.b. tapsırmalar usı baǵdarda aytıladı.

8-klass oqıwshıları ádebiyat baǵdarlaması tiykarında tómendegi temalar beriliwi kerek:

- “Qoblan” dástanı hám onıń syujeti;
- “Máspatsha” dástanı hám onıń qaharmanları;
- Kúnxojanıń ómiri hám dóretiwshiligi;
- Ájiniyazdıń ómiri hám dóretiwshiligi;
- Berdaq shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi;
- Ótesh shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi;
- Omar shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi;

- “Ǵárip-ashıq” hám “Góruǵlı” dástanları;
- Gúlmurat shayırdıń ómiri hám dóretpesi;
- Sarıbay shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi;
- Sıdıq shayırdıń dóretpeleri;
- Annaqul shayırdıń ómiri hám dóretpesi;
- Alisher Nawayınıń dóretiwshiligi;
- Maqtımqulınıń dóretpeleri;
- Abay shayırdıń dóretpeleri;
- Jańabay shayırdıń ómiri hám dóretpeleri;

IX-XI klass, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerdiń oqıwshılarına tómendegi temalar beriledi:

- Qazı Máwliktiń dóretpeleri;
- A.Muwsaevtıń ómiri hám dóretpeleri;
- S.Majitovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- N.Dáwqaraevtıń ómiri hám dóretpeleri;
- A.Dabılovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- S.Nurımbetovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- Á.Shamuratovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- J.Aymurzaev dóretiwshiligi;
- T.Qayıpbergenovtıń dóretiwshiligi;
- I.Yusupovtıń dóretiwshiligi;
- T.Jumamuratov dóretiwshiligi;
- U.Pirjanovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- T.Mátmuratovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- K.Raxmanovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- Sh.Seyitovtıń ómiri hám dóretpeleri;
- G.Esemuratovanıń dóretiwshiligi;
- S.Bahadırovanıń ómiri hám dóretpeleri;
- T.Qabulovtıń poeziyası;
- Q.Kamalovtıń dóretiwshiligi;
- K.Karimovtıń dóretiwshiligi;
- J.Izbasqanovtıń dóretiwshiligi;
- O.Ábdiraxmanovtıń dóretiwshiligi;
- M.Nızanovtıń dóretiwshiligi.

Oqıwshılarǵa kórgizbe múyeshtiń maqseti hám wazıypaları túsindiriledi. Olar bir yaki eki ay ishinde berilgen temalar boyınsha albom, bukletler, súwretler dúzetip keledi. Olardıń tayarlap kelgen jumısları boyınsha juwmaq jasaladı. Eń

jaqsı islengen jumıslar muǵallim tárepinen bahalanıp, olarǵa bahalar qoyılsa maqsetke muwapıq boladı. Sebebi oqıwshılar óz miynetleri arqalı alǵan bahaları menen maqtanıp júriwi múmkin. Solay etip, kórgizbe múyeshtiń áhmiyeti tómendegilerden ibarat:

- Oqıwshılardıń baǵdarlamada berilgen materiallardı tereń hám túsinip ózlestiriwi ushın paydalı tárepleri kóp;
- Berilgen tapsırmalardı orınlaw barısında sol shayır hám jazıwshınıń dóretiwshiligin kóbirek oqıwına májbúr boladı;
- Berilgen temalar boyınsha súwretler, albom hám bukletler tayarlap keliwi olardıń ádebiyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın oyatadı;
- Oqıwshılar tárepinen tayarlanıp kelgen tapsırmalar muǵallim ushın kórsetpeli qural bolıp xızmet etedi.

Sonday-aq, klastan tıs jumıstıń bul túri – oqıwshılardıń ádebiyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın kúsheytip qalmastan, ádebiyat bólmesiniń bezeliwine hám kórsetpeli qurallar menen bayıtılıwına kóp nátiyjeler beredi. Sonlıqtan, ádebiyatshı muǵallimler bunday jumıslardı sabaq barısında emes, klastan tıs waqıtları tez-tez ótkerip tursa maqsetke muwapıq boladı.

**Diywalı gazeta hám jurnal.** Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde diywalı gazeta hám jurnal eń kerekli metodikalıq jumıslardan esaplanadı. Diywalı gazeta – bul mekteptiń turmısındaǵı júz berip atırǵan jańalıqlar, ádebiy jańalıqlar, oqıwshılar tárepinen jazılǵan hárqıylı temalardaǵı maqalaları, gúrrińleri, qosıqları tuwralı maǵlıwmat beretuǵın ádebiy dóretiwshilik oray esaplanadı. Bul haqqında belgili metodist Á.Paxratdinov: "Diywalı gazetada ádebiy krujoktıń tájiriybeleri, mekteptegi sport, den-sawlıq máseleleri, mekteptegi qáte-kemshilikler haqqında boladı. Diywalı gazeta shama menen tómendegidey bólimlerden turadı: 1) Bas maqala. 2) Biziń mektebimizdiń kúndelikleri. 3) Yumor beti. 4) Ádebiy bet. 5) Sport. 6) Pochta yashigi."[31] - dep diywalı gazetaǵa beriletuǵın temalar tuwralı metodikalıq kórsetpe beredi. Biz bul metodikalıq pikirlerdi qollay otırıp, onı basqasha formada diywalı gazetanı shólkemlestirgen maqul dep esaplaymız. 1.Mektep turmısı. 2.Lirika beti. 3.Proza beti. 4.Satiralıq hám yumorlıq qosıqlar - dep diywalı gazetaǵa orın belgilesek maqsetke muwapıq boladı. Joqarıdaǵı ilimpazdıń aytqan pikirleri basshılıqqa alınadı. Óytkeni, ádebiyat boyınsha shıǵarılatuǵın diywalı gazeta – mekteptiń turmısı, oqıwshılar jámááti, úlgeriw máselesi, mádeniyatlı sóylew, ádebiyattı

---

[31] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. "Билим", 1992. 288-бет.**

túsinip oqıw, jalqaw, keshigiwler tuwralı sóz etiledi. Gazeta izbe-iz shıǵarılıp juwmaǵı tiyisli orınlarda qaralıp otıradı. Al, bunnan basqa ádebiyat boyınsha dógerek aǵzalarınıń shólkemlesken orayı bolıp xızmet etetuǵın diywalı gazeta da bolıwı múmkin. Gazetanıń ataması dógerek aǵzalarınıń oylasıǵı menen qoyılıwı hám hárqıylı mazmunda quralıwı múmkin. Máselen, ádebiyattıń áhmiyetli máseleleri, ádebiyatqa baylanılı hárqıylı temada krossvord, oyın, tapsırma, soraw, ádebiyat haqqında alımlardıń pikirleri, shayırlardıń qosıqları, oqıwshılardıń dóretpeleri, naqıl-maqallar sıyaqlı temalardı óz ishine alıwı múmkin. Bunda diywalı gazeta arnawlı shıǵarıladı.

Sonlıqtan diywalı gazetanı tómendegi tematikaǵa bólgenimiz maqul:

1. Hár ayda shıǵarılıp turatuǵın "Jas ádebiyatshı" diywalı gazetası.

2. Sánege baylanıslı shıǵarılatuǵın diywalı gazeta.

"A.Dabılov - lirik shayır", "I.Yusupov - qaraqalpaq klassik shayırı", "T.Qayıpbergenov - xalıq jazıwshısı", "T.Qabulov - lirik shayır", "Ájiniyaz - qaraqalpaq klassik poeziyasınıń maqtanıshı" sıyaqlı temalarda diywalı gazetalar shıǵarıladı. Bul jıl dawamında ózgertilip turılıwı kerek. Nátiyjede oqıwshılardıń ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵı artadı. Mektepte ádebiyatqa baylanıslı ádebiy jurnal eki ayda bir márte shıǵarılıwı kerek. Bul jurnaldı ádebiyatshı muǵallimler menen birgelikte dógerek aǵzaları oylasıp tómendegi mazmunda shólkemlestiredi:

Ádebiyatqa baylanıslı jurnalǵa "Sóz óneri", "Dilwar", "Bulaq kózleri" dep atamalar dógerek aǵzaları hám ádebiyatshı muǵallimler tárepinen oylasıp qoyıladı. Mektepte, kásip óner kolledji hám akademiyalıq liceylerde ádebiyatqa baylanıslı diywalı gazeta hám jurnallar shıǵarılıwı ushın ádebiyatshı muǵallimlerge tómendegi talap qoyıladı:

- Diywalı gazeta hám jurnalǵa ádebiyatshı muǵallimler basshılıq etedi;
- Diywalı gazeta hám jurnallardıń dúziliwine, avtorlarına, kórkem sın maqalalardıń temasın tańlawǵa járdemlesedi;
- Olar diywalı gazeta hám jurnaldıń sapalı, mazmunlı shıǵarıwına másláhátler beredi;
- Diywalı gazeta hám jurnallarda járiyalanatuǵın maqalalardıń áhmiyetin, stillik, orfografiyalıq táreplerine itibarlı boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi diywalı gazeta hám jurnallardıń waqtında shıǵarılıwına janlı qatnas jasap, shólkemlestiriwshilerge paydalı másláhátler aytıp turadı. Ádebiy diywalı gazeta hám jurnal áhmiyetli máselelerdi bayanlap baradı.

Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha shólkemlestirilgen kórgizbe múyeshler oqıwshılardıń izleniwshiligin hám estetikalıq sezimlerin arttırıp barsa, diywalı gazeta hám jurnallar oqıwshılardıń jazba pikirlew qábiletin, dóretiwshiligin, uqıbın qáliplestirip baradı.

Mámleketlik bilimlendiriw standartlarınıń talapları boyınsha oqıwshılardıń jas ózgesheligin hám ádebiy shıǵarmalar haqqındaǵı túsinigin esapqa ala otırıp ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerdiń baǵdarlamasında jeńilden awırǵa, ápiwayıdan qospalıǵa degen pedagogikalıq princip basshılıqqa alınıp temalar kirgizilgen. Bul temalardıń barlıǵın klasta ótip bolıw múmkin emes. Usılardı esapqa alıp ayırım materiallardı pedagogikalıq psixologiyadan paydalana otırıp klastan tıs jumıs túrleri arqalı ámelge asırıw múmkin. Ádebiy keshelerdi ótkeriw barısında slayd, interaktiv metodtıń túrleri zigzag, insert, múyeshler metodların paydalansa boladı.

## 4-tema: Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń basqa ilimler menen baylanısı

Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasında berilgen materiallardı texnikalıq hám informaciyalıq texnologiyalar arqalı úyreniw zárúr. Bunnan basqa radıo, televideniye, audio hám video materiallar ádebiyattı oqıtıwda basqa pánler menen baylanısın tereńlestirip hám áhmiyetli wazıypanı atqaradı. Metodist alım S.Matjanovtıń kórsetkenindey: "Baǵdarlama hám sabaqlıqlarda berilgen ádebiyattıń materialları kórkem óner, til bilimine kirispe, qosıq, estetika, tariyx, kino óneri menen baylanıslı dárejede mazmunın tapqan. Tariyxıy temadaǵı shıǵarmalar kino óneri menen baylanıssa, gózlengen nátiyjege erisedi. Ádebiy qaharmanlardıń xarakteri, óz-ara baylanısları túsindirilgende etika hám milliy ideya, ruwxıylıq pánleri menen baylanıspasa nátiyje bolmaydı. Bizińshe, máseleni solay qoyıw kerek, oqıwshılar teoriyalıq bilimsiz kórkem shıǵarmanı túsindiriw, tallaw múmkin emesligin ańlap jetsin" (S.Matjanov. Maktabda adabiyotdan mustaqqil ishlar "Uqituvchi", 1996, 19-bet). Demek hárbir pán tek óz nızamlılıqları menen jasamastan, basqa pánlerdegi imkaniyatlardı esapqa alıp, usı arqalı óz múmkinshiliklerin jáne de keńeytedi. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası ádebiyattanıw, ádebiyat tariyxı, til ilimi, tariyx, estetika, pedagogika, social-gumanitar pánleri menen tıǵız baylanıslı ótiledi. Kórkem ádebiyat dúnyadaǵı haqıyqatlıqtı, ilimiy texnikalıq pánler túsindire almaǵan táreplerin túsindiredi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası ádebiyattanıw ilimi, ádebiyat teoriyası hám ádebiyat tariyxı menen baylanıslı úyretiledi. Ádebiyatshı muǵallim

ádebiyat teoriyası, ádebiy sını hám ádebiyat tariyxın bilmey turıp qaraqalpaq ádebiyatınan sabaq beriwi múmkin emes. Bul tájiriybe ámeliyatta tolıq sınalǵan. Sonlıqtan muǵallimniń teoriyalıq bilimi hám metodikalıq sheberligi joqarı bolıwı tiyis. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda ádebiyattanıw pánine baylanıstırıp sabaq ótiw júdá paydalı. Máselen, erte dáwirde dóretilgen mádeniy hám ádebiy miyraslar dáslep ádebiyat tariyxı páninen bahasın aladı. Kórkem dóretpeler ádebiy sın arqalı bahalanadı. Kórkem shıǵarmanıń mazmunı hám forması, ádebiyattıń jámiyetlik turmıstaǵı ornı, kórkem ádebiyattıń ózine tán ózgeshelikleri, jazıwshılardıń sheberligi haqqında maǵlıwmatlar ádebiyat teoriyası arqalı túsindiriledi.

Til-bul kórkem ádebiyattıń janlı materialı. Jazıwshı tilden kórkem shıǵarmadaǵı óziniń tiykarǵı ideyaların ashıwda, qaharmanlardı sıpatlawda paydalanadı. Ádebiyatshı muǵallim sabaq ótiw barısında til nızamlılıqların basshılıqqa alıwı zárúr.

Pedagogika teoriyası-bul oqıw menen tárbiyanıń bir-birine qatnası, tárbiyanıń rawajlanıw barısı menen baylanıslı muǵallimniń basshılıǵı hám oqıwshınıń óz betinshe islewi. Ádebiyatshı muǵallim sabaq barısında oqıwshılardı mudamı pedagogikalıq hám psixologiyalıq jaqtan baqlap barıwı zárúr. Hárbir oqıwshınıń xarakterin tereńnen biliwi tiyis.

Tariyx – bul ádebiyattı oqıtıw menen tıǵız baylanısadı. Usı kózqarastan qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda tariyxıy maǵlıwmatlardı, dáwirdi baylanıstıra alıwı tiyis. Sebebi ádebiyatshı muǵallim tariyxtı bilmey turıp, ádebiyat tariyxın biliwi múmkin emes. Sonlıqtan ayırım kórkem shıǵarmalardıń dóretiliw tariyxı, tariyxıy dóretpede berilgen qaharmanlardıń obrazları, onda súwretlengen waqıya, hádiyseler, Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, I.Yusupov, T.Qayıpbergenovlardıń ómiri hám dóretiwshiligin tereńnen úyreniw ushın tariyx pánin jetik biliwi kerek. Sonday-aq baǵdarlamada berilgen qaraqalpaq ádebiyatı tariyxına baylanıslı maǵlıwmatlardı biliwi ushın sol dáwirdiń tariyxın jaqsı úyrenip shıǵıwı tiyis. Máselen, Jiyen jırawdıń «Posqan el» poemasın túsindiriw ushın XVIII ásirdegi tariyxıy waqıyalar menen ádebiyatshı muǵallim tanısıp shıqqan bolıwı kerek. Al, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq dóretpelerin túsindiriw ushın dáslep ádebiyatshı muǵallim XIX ásirdegi qaraqalpaq tariyxın tereńnen úyrenip shıǵıwı zárúr. Nátiyjede, oqıwshılardıń bul materiallarǵa túsinigi artıp, tariyxıy maǵlıwmatlarǵa iye boladı. Sonday-aq ádebiyat sabaǵı geografiya páni menen baylanıstırılıp ótilse, sabaq qızıqlı boladı.

Geografiya páni – bul qaraqalpaq ádebiyatındaǵı ushırasatuǵın tariyxıy atamalardı oqıwshılardıń biliwi ushın úlken áhmiyetke iye. Sabaq barısında baǵdarlamadaǵı berilgen jazıwshılardıń ómiri, tuwılǵan ornın, shıǵarmalarında berilgen tariyxıy orınlardı, awıl, el-xalıq haqqında atamalardı geografiyalıq karta arqalı túsindirip beriw oqıwshılarda qızıǵıwshılıq payda etedi. Bul jaǵınan geografiya páni menen tıǵız baylanasadı. Baǵdarlamadaǵı berilgen “Qırıq qız”, “Alpamıs”, “Máspatsha”, “Qoblan”, “Góruǵlı”, “Sháryar” dástanların oqıtıw barısında olarda ushırasatuǵın Túrkstan, Sarkop, Xorezm, Buxara h.t.b.tariyxıy atamalardı geografiyalıq karta arqalı oqıwshılarǵa túsindiriw tiyis. Jáne de baǵdarlamadaǵı berilgen Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar hám basqa da shayırlardıń kórkem dóretpelerinde ushırasatuǵın jer-suw, awıl, qala usaǵan tariyxıy atamalardı geografiyalıq karta menen túsindirip sabaq ótiw oqıwshılardıń ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Mısalı: Kúnxoja shayırdıń “Jaylawım” qosıǵında berilgen:

“Ata jurtım Túrkstannan kelgeli,
Ata-babam qonıs basqan jaylawım...
...Qamıs orıp altaw-jetew oraqlı,
Teris tóbe, Uzın qayır jaylawım.
...Erjan ataw menen shıǵısı Írza,
Balıq awlap Toqtas, Mantıq boyınan...
Jaylawım Jalayır, Kópir hám Bóget,...
Áwel-ha óskenim Kók ózek boyı, ...
Kól saǵa, Ayırsha, Terbenbes teńiz,

Ásirese Ayırshada óskenbiz.”[32] Bul qosıq qatarlarında berilgen **Túrkstan, Teris tóbe, Uzın qayır, Erjan ataw, Toqtas, Mantıq boyı, Jalayır, Kók ózek boyı, Ayırsha, Terbenbes** usaǵan jer-suw, awıl-el atamaların geografiyalıq kartadan oqıwshılarǵa kórsetiw birinshiden, shayırlardıń tuwılıp ósken mákanın, jasaǵan ornın bilse, ekinshiden, umıtılıp ketken ata-babamızdıń jasaǵan ortalıǵın tereńnen bilip, jáne de jaslardıń xalqınıń tariyxına, tuwılǵan jerine túsinigi artıp baradı. Bul usıllardı ádebiyat sabaqlarında ónimli paydalanıw metodikalıq talaplardan esaplanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında matematika páni menen baylanıstırıp sabaq ótiw paydalı metodikalıq usıllardıń biri. Matematikalıq oylaw – oqıwshılardıń oy-órisin, aqılın rawajlandıradı.Sonlıqtan qaraqlpaq ádebiyatınıń

[32] Күнхожа. Ел менен. (Таңламалы шығармалары). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989, 3-4-бетлер.

talantlı sóz zergerleri matematikalıq máselelerdi kórkem shıǵarmalarda orınlı hám sheberlik penen paydalanadı. Máselen, belgili shayır T.Jumamuratovtıń "Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek" poemasında matematikalıq másele berilgen. Bundaǵı maqset shopan úsh balasınıń aqılın hám oylaw dárejesin sınamaqshı bolıp 17 maldı kesirsiz bólip alıwdı tapsıradı. Sonnan úzindi keltireyik:

On jeti maldı bólińiz,
Tiykarın sózdiń bilińiz,
Bálkim men ólip ketemen,
Tirimde bólip ketemen,
Bar maldı eki bólińiz,
Birin úlkeniń alıńız,
Jası on segizge jetti.
Kómek berdi, miynet etti.

Bar maldı úshke bólińiz,
Birin ortanshıń alıńız,
Jası on altıǵa jetti,
Shamalı xızmet etti.
Bar maldı toǵızǵa bólińiz,
Birin kishińizge beriń,
Jası on ekiden ótti,
Erjetse eter xızmetti,
Sizler solayınsha bólińizler.

Ǵarrınıń úsh balası ári oylanadı, beri oylanadı. Sirá durıs bólinbeydi. Aqırı qazıǵa baradı. Biraq qazı mallardı durıs bóle almaydı. Tek óziniń paydasın oylap, mallardı ózlestirmekshi boladı. Balalar onıń bólgenine qanaatlanbaydı. Bunnan keyin Aqılbek degen balanıń úyine izlep baradı. Aqılbektiń usı jerde aqıllıǵı hám ádilligi kórinedi. Ol máseleniń shártine durıs túsinip, mallardı ádil bólistiredi. Bunday matematikaǵa baylanıslı mısallardı baǵdarlamada berilgen basqa da kórkem materiyallardan tabıwǵa boladı.

Kórkem ádebiyattı oqıtıw arqalı oqıwshıda jańasha sezimler payda bolıp hám olar tárbiyalanıp jetilisedi. Olarda estetikalıq sezimler rawajlanadı. Estetika-bul qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası menen óz-ara tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan oqıwshılardıń estetikalıq sezimleri kórkem shıǵarmalardı oqıtıw arqalı qáliplestirilip barıladı. Baǵdarlamadaǵı berilgen materiallar arqalı oqıwshılarda watanǵa súyiwshilik, adamgershilik, jaqsılıq hám gózzallıq sezimleri qáliplesedi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası filosofiya ilimi menen tıǵız baylanısadı. Baǵdarlamada berilgen materiallar arqalı oqıwshılarǵa tereń bilim berip, olardıń dúnya túsiniklerine bolǵan kózqaraslarıń rawajlandıramız. Sonlıqtan kórkem ádebiyat dúnyanı biliwdiń ózine tán tiykarı. Kórkem ádebiyat dúnyanı hár tárepleme tásirli hám kórkem etip súwretleydı. Máselen, Ájiniyaz, I.Yusupov, T.Qayıpbergenov h.t.basqalardıń poetikalıq dóretpelerin oqıtıw arqalı oqıwshılar sanasında filosofiyalıq, estetikalıq, gózzallıq siyaqlı ruwxıy sezimler qáliplesip baradı. Solay etip ádebiyattı oqıtıwda basqa pánler menen tıǵız baylanıstırılsa ádebiyat sabaǵı sapalı hám nátiyjeli ótiledi.

**Soraw hám tapsırmalar:**

1. Ádebiyattı oqıtıw metodikası qaysı pánler menen baylanıslı úyreniledi?
2. Ádebiyat oqıtıw metodikasınıń búgingi baspa sóz benen baylanısı degende nelerdi túsinemiz?
3. Ádebiyat sabaǵın tariyx páni menen baylanıstırıń.
4. Ádebiyat sabaǵın estetika páni menen baylanıstırıń.
5. Ádebiyat sabaǵın pedagogika páni menen baylanıstırıń.
6. Ádebiyat sabaqlıqlarında ótiletuǵın temalardan birin tańlap hám onı basqa pánler menen baylanıslı oqıtıw boyınsha sabaq jobasın tayarlań.
7. Ádebiyat sabaǵın matematika páni menen baylanıstırıń.
8. Ádebiyat sabaǵın geografiya páni menen baylanıstırıń.
9. Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq dóretpelerinen tańlap, onıń miynetlerinen basqa pánlerge baylanıstırıp referat tayarlań.

## 5-tema: Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń prinsipleri

**Jobası:**

1. Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń ilimiy teoriyalıq tiykarları
2. Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń túrleri
3. Tariyxıy princip
4. Mazmun hám forma birligi principi
5. Pedagogikalıq princip
6. Epikalıq shıǵarmalardı tallap úyreniw

***Tayansh sózler**: tariyxıy princip , mazmun hám forma birligi principi, kórkem shıǵarmalardıń mazmunı,pedagogikalıq princip, filologiyalıq tallaw,didaktikalıq tallaw, kórkem shıǵarmanı tallaw.*

«Hámme nárseni oqıy beriw jaramaydı. Qálbinde tuwılǵan sorawlarǵa juwap bere alatuǵın kitaplardı oqıw kerek.» (L.N.Tolstoy). Kórkem shıǵarmanı tallaw hám kórkem shıǵarma ústinde islew basqıshları eń áhmiyetli máselelerdiń biri.Tallawdıń maqseti, wazıypası, dúzilisi, ózine tán mazmunı bar. Hár bir dóretiwshiniń shıǵarması menen baylanıslı tallaw hám ózine tán ózgeshelik penen úyreniw talap etiledi. Safo Matjannıń pikirinshe: "Haslında kitap oqıwshı jazıwshı sıyaqlı dóretiwshi. Ol dóretpe úyreniw barısında avtordıń iskerligin tákirarlaw jolınan bardı. Jazıwshı dóretiwshiliginiń qunlılıǵı sonda, ol qıyalında payda bolǵan pikirlerdi, ideyalardı ádebiy qaharmanlardıń is-háreketi, gúresleri mısalında anıqlastırsa, kitap oqıwshısı kerisinshe, ádebiy qaharman is-háreketi, gúresleri tásirinen ulıwma juwmaq shıǵarıw jolın tutadı. (Safo Matjan. Maktabda adabiyotdan mustaqil ishlar. 49-50-bet). Barlıq tallawlar ushın qoyılatugın tiykraǵı talap-ilimiyligi. Teoriyalıq tiykarlarǵa, kórkem estetikalıq talaplarǵa juwap bere alatuǵın tallaw oqıwshınıń haqıyqıy járdemshisi bola aladı.

Kórkem shıǵarmanı tallawda oqıwshılardıń jas ózgeshelikleri esapqa alınıwı kerek. Akademiyalıq liceydiń oqıwshılarına tallap úyretken maqul boladı. Sonlıqtan kórkem shıǵarmalardı tallaw barısında onıń tárbiyalıq áhmiyetine hám janrlıq ózgesheliklerine ayrıqsha toqtap ótiw zárúr. Folklor yaki jazba ádebiyat úlgisi, dóretiwshiniń ómir bayanın, epikalıq, lirikalıq, dramalıq shıǵarmalardı dóretiw sheberliklerin tallaǵanda pedagogikalıq maqsetlerdi kózde tutqan maqul. Bul táreplerine itibar berilmese gózlegen tiykarǵı maqset nátiyjesiz bolıp qala beredi. Metodist alım M.Mirqasımova kórsetip ótkenindey: "Ádebiy tallaw qosıq yaki prozalıq shıǵarmalardı kórkem oqıwdan baslanadı. Oqıw dawamında dóretiwshi jaratqan oy-pikirler túsiniledi, ózlestiriledi. Oqıwshınıń kóz aldında jaratılǵan poetikalıq sheginis yaki hayat, sırtqı hám ishki háreketler,tuyǵılar arqalı seziledi. Usınıń tásirinen kórinislerdi jaratıwda shayır ya jazıwshınıń sheberligi kerek".

Ádebiyat baǵdarlamasında berilgen kórkem shıǵarmalardı tallawǵa tiyisli geypara pikirler, kirisiw sabaqları, ádebiy oqıw, shıǵarmalardıń mazmunın ózlestiriw hám bekkemlewge baylanıslı temalardıń ishinde de qısqasha sóz boladı.

Biraq, bular kórkem shıǵarmanı tallawdıń ózi emes. Ádebiy shıǵarmanı tallaw- ádebiyattı úyreniwdiń eń qıyın hám juwapkershilikli bólimi.

Baǵdarlamadaǵı berilgen kórkem shıǵarmalardı anıq tallawǵa shekemgi júrgizilgen jumıs túrleriniń óz aldına qoyatuǵın maqsetleri bar. Óz usıllarına iye. Bulardıń bárin jıynaqlap aytqanda tallaw jumısına kirispe sıpatında dep qarawǵa boladı.Usıǵan qarap shıǵarmanı tallawdı óz aldına tallawǵa shekemgi jumıslardı óz aldına bir-birinen bólek turǵan, bir-birinen ǵárezsiz nárse sıpatında qarawǵa bolmaydı. Tallawdıń sapalı ótkeriliwi, oǵan oqıwshılardıń jeterli túsingen bolıwı sol jumıslarǵa da tikkiley baylanıslı.

Ádebiy shıǵarmanı tallawdı, onıń úzindilerin tallaw arqalı oqıwshılar onıń ideyalıq mazmunı, obrazları menen janrlıq sıpatlar menen tanısadı.Shıǵarmanıń avtorı tuwralı belgili túsinikke iye boladı. Shıǵarmanı tallaw barısında tekstti tutas túrinde de, ayırım bóleklerge ajıratıp ta úyreniwge tuwra keledi. Biraq soǵan qaramastan tallaw pedagogikalıq jaqtan talapqa juwap beretuǵın, izbe-izlikte júrgiziliwine kesent keltirmeydi. Sonıń menen birge shıǵarmanı tallawda tiykarǵı bir qatar principleri bar. Solardıń ayırımlarına dıqqat awdarǵanımız maqul.

**Tariyxıy princip** boyınsha ádebiy shıǵarmalardı tallawda súwretlengen shınlıq turmısqa jazıwshınıń qatnası menen xarakterlenedi. Kórkem shıǵarmanıń teması, ideyası, onda súwretlengen waqıyalardıń qanday dáwirge tiyisliligi, sol dáwirdiń qalayınsha sáwlelengenligin úyrengende, jazıwshınıń ózi jasap turǵan dáwirge kózqarasın da dıqqattan shette qaldırmaw kerek. Basqa xalıqlardaǵı sıyaqlı qaraqalpaq mekteplerindegi ádebiyat baǵdarlamasında túrli dáwirdegi shıǵarmalar bar. Sonlıqtan da hár bir dáwirdiń shıǵarmaların úyreniwdegi usıllar birdey emes. Shıǵarmanı tallawǵa baylanıslı oqıwshılardıń dıqqatın awdaratuǵın máselelerdiń iri baslıları: a) shıǵarmada qanday waqıya sáwlelengenligi; b) usı waqıyalar qanday baǵıttan sáwlelengenligin anıqlawdan ibarat. Ádebiy shıǵarma shınlıq turmıstıń kórkemlik sáwlesi sıpatında ózi dóregen tariyxıy jaǵdaydan ǵárezli, sonıń menen birge ol tariyxıy ádebiy fakt sıpatında turmısqa kúshli tásir tiygizedi. Onı ózgertiwde háreketsheń qural bola aladı. Baspa sóz arqalı yamasa awızsha taralıw menen de shıǵarma oqıwshılar jámiyetshiliginiń sanasına, erkine tásir etedi.Sonlıqtan da onı tallaǵanda shıǵarmada sáwlelengen oy-pikirler, sol oy-pikirlerdiń qaysı dáwirge tiyisli ekenligin anıqlaw, negizinde shıǵarmalardıń jámiyetlik siyasiy áhmiyetin tanıstıwǵa názer awdarılıwı kerek. Hár bir

shıǵarmaǵa tiyisli bolǵan tariyxıy qatnas muǵalimnen sol shıǵarmalardıń ózi sáwlelendirip otırǵan dáwiri menen baylanısın anıqlaydı. Shıǵarmanıń avtorın óz watanın perzenti sıpatında túsindiriwdi qatań talap etedi. Biraq, hár bir shıǵarmaǵa tariyxıy qatnastı anıqlawdıń shegi bolıwı tiyis.Geyde, ol ayırım shıǵarmalarǵa, bolmasa jazıwshılardıń ómirbayanına baylanıslı qaraltırılıwı múmkin.

**Mazmun hám forma birligi principi** boyınsha shıǵarmanı tallaw-áhmiyetli orın tutadı. Tallaw barısında shıǵarmanıń mazmunı menen forması organikalıq birlikte úyreniledi. Ulıwma qabıl etilgen qaǵıyda tiykarında, mazmunsız forma bolıwı yamasa formasız mazmun bolıwı múmkin emes. Bular tereń filosofiyalıq másele, olar bir-birisiz jasay almaydı. Mazmun jetekshilik etedi. Forma oǵan baǵınıshlı. Biraq formadan tısqarı turǵan mazmundı biliw qıyın. Demek, bular háreketsheń terminler. Kórkem shıǵarmanı úyreniwdiń birden-bir tuwrı jolı mazmunnıń qanday formada berilgenligi yamasa formanıń qanday mazmunda sáwlelendirgenligin anıqlaw bolıp esaplanadı.

Kórkem shıǵarmalardıń mazmunı - bul onıń ideyalıq-tematikalıq tiykarı yaǵnıy shıǵarmada sáwlelengen turmıs shınlıǵı, ogan jazıwshı tárepinen berilgen baha. Bılayınsha aytqanda, shıǵarmanıń ideyalıq-tematikalıq mazmunı degende jazıwshı ideyalarınıń sistemasına, súwretlengen waqıyalarǵa aytamız. Demek, kórkem shıǵarmanıń qalǵan elementleriniń barlıǵı obrazlar siteması, kompoziciyası, til onıń forması boladı. Biraq kórkem shıǵarmanıń mazmunı menen formasın usılayınsha bóliniwi shártli xarakterge iye emes.

Pedagogikalıq princip múǵallimniń ulıwma didaktikalıq qaǵıydalardı, pedagogikalıq jaǵdaylardı esapqa alıwdı talap etedi. Oqıwshılardıń ádebiy tayarlıǵın, tallap atırǵan temanıń ulıwma temalar arasında alatuǵın ornı, ajıratılǵan saattıń kólemi, oqıwshılardıń jas ózgesheligi menen klass jaǵdayları tallawda alınıwı talap etiledi. Kórkem shıǵarmanı tallaw barısında onıń ózine tán bolǵan ózgesheligi esapqa alınadı, hátteki bir janrdaǵı shıǵarma bolmasın, ol hár túrli pedagogikalıq sheberlikti, ótiw usılın talap etiwi múmkin. Solay etip, baǵdarlamadaǵı kórkem dóretpelerdi tallawda tómendegi máselelerge itibar beriw kerek: 1.Shıǵarmanıń teması. 2.Qatnasıwshılardıń obrazı. 3. Kompoziciyası 4.Tili. 5.İdeyalıq mazmunı, emociallıǵı. 6.Janrlıq sıpatı. 7.Tárbiyalıq áhmiyeti.

Bul arnawlı xarakterge iye emes, sonlıqtan shıǵarmanı qalay tallaw múmkinligin ádebiyatshı muǵallim hár bir shıǵarmanıń sıpatına qarap tańlaydı. Shıǵarmanıń teması tuwralı licey oqıwshılarına túsinikler beriledi. Ayrım

shıǵarmalardı tema ózinen-ózi belgili boladı. Máselen, Ájiniyazdıń «Sáwdigim», «Bozataw», Berdaqtıń «Amangeldi», «Aydos baba» hám taǵı da basqalar. Sonıń menen birge oqıwshılardıń temanı tereńirek túsiniwine itibar beriw kerek. Sonday-aq shıǵarmanıń temasın onıń ideyalıq mazmunı menen baylanıstırıp úyreniw talap etiledi.

Qatnasıwshılardıń obrazın túsindiriw muǵalliminen juwapkershilik talap etedi. Kórkem ádebiyattıń tiykarǵı obektti-adam, onıń jámiyetlik qatnasıqları, baylanısları. Jazıwshı adam obrazın tiykarında ómirin, turmıs tirishiligin, basqalar menen qatnasıqların súwretleydi. Kórkem ádebiyatta orın alǵan hár túrli waqıyalarǵa, metodlarǵa, stilge, janrlarǵa baylanıslı adamnıń súwretleniwi hár qıylı bolıp keledi.

Ádebiy shıǵarmalardıń obrazıń tallaǵanda shıǵarmanıń kólemine, janrlıq sıpatına baylanıslı olardı baslı hám ekinshi dárejeli qaharmanlarǵa ajıratıw zárúr. Ádebiy shıǵarmalardıń kompoziciyasın úyretiw barısında turmıs shınlıǵın sáwlelendiriwinde ádebiy shıǵarmalar áhmiyetli bolıp, olardıń arasındaǵı baylanıs hám bulardiń tutas shıǵarmaǵa bolǵan qatnası esapqa alınadı. Ádebiy shıǵarmalardıń kompoziciyası bir sxemaga qurılmaydı. Óytkeni, insan xarakterleri, waqıyalar, olardıń rawajlanıw, baylanısıw, shiyelenisiw múmkinshiligi bir qıylı emes. Sol sebepli kompoziciyası hár túrli qurıladı. Lirikalıq janrda adam xarakterin jasaw, waqıyalardı rawajlandırıw maqset etiledi.

## Epikalıq shıǵarmalardı tallap úyreniw

Kórkem ádebiyat jaslardı ómir shınlıǵın tereń túsiniwge úyretetuǵın ruwxıy qurallardıń biri. Oqıwshılardıń oy-órisin ósiriwde, olardıń jazba hám awızsha sóz baylıǵın, sawatlılıǵın rawajlandırıwda ádebiyat pániniń wazıypaları hám xızmeti úlken. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasında prozalıq shıǵarmalardı úyreniw áhmiyetli máselelerdiń biri. Ulıwma bilim beretuǵın orta mektep, kásip óner kolledj hám akademiyalıq liceylerde prozalıq shıǵarmalardı baǵdarlamada kórsetilgen saatlardıń kólemine muwapıq úyreniw, sonday-aq oqıwshılarǵa prozalıq shıǵarmalar boyınsha tómendegidey talaplardı úyretiw zárúr:

- Prozalıq shıǵarmalar boyınsha oqıwshılarǵa tiykarǵı tálim tárbiya beriw, olardıń ilimiy oy-órisin rawajlandırıw.
- Prozalıq shıǵarmalarda súwretlengen dáwirdiń xarakterli belgilerin úyretiw.
- Úyrenilgen shıǵarmalardaǵı baslı obrazlardıń ózgesheliklerin hám áhmiyetin úyretiw.

Prozalıq shıǵarmalardı oqıtıw arqalı oqıwshılarda mınaday bilim kónlikpelerin úyretiw hám qáliplestiriw:

- Kórkem shıǵarmanı forma hám mazmun birliginde ózlestiriwin, shıǵarmanıń janrlıq túrin, shıǵarmada qoyılǵan tiykarǵı mashqalanı anıqlay alıw.
- Syujet, kompoziciya elementlerin, obrazlar sisteması hám kórkemlik ideyalıq áhmiyetin anıqlay alıwın úyretiw eń áhmiyetli máseleler bolıp tabıladı.

Gúrrińlerdi, povestlerdi hám romanlardı oqıtıw metodikasına itibar berilip, bul janrlardıń oqıtılıwındaǵı ózgeshelikler, sabaq tipleri, interaktiv usıllardıń túrlerinen paydalanıw máselelerin biliw kerek. Sonday-aq prozalıq shıǵarmalardı oqıtıw metodikasınıń ózgesheliklerine toqtalıp, prozalıq shıǵarmalardı kórkemlep oqıw usılları, prozalıq shıǵarmalardı klasstan tıs jumıslar arqalı úyreniw sıyaqlı máselelerge metodikalıq kórsetpeler beriliw zárúr.

Qaraqalpaq ádebiyatınan berilgen prozalıq shıǵarmalardıń oqıwshılar tárepinen mazmunın ózlestiriw házirgi zaman metodikasındaǵı eń áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı.

## 6-tema: Lekciyanı oqıtıw texnologiyaları

**Lekciya**-bul sabaq ótiwdiń tiykarǵı formalarınıń biri. Lekciya ádebiy bilimdi sóz benen túsindiriw, awızsha bayan etiwdi názerde tutadı. **Lekciya** (latınsha sóz "oqıw degendi" ańlatadı) oqıw materialı, qandayda bir máseleniń, temanıń logikalıq izbe-izligin, belgili bir sistemaǵa salınǵan teksti bolıp esaplanadı. Lekciyaǵa eki túrli kóz qarasta jantasıwǵa boladı. Birinshiden, oqıwdı shólkemlestiriwdiń forması sıpatında, bunda bilimlerdi sóz benen ańlatıw, awızeki bayan etiw metodı qollanıladı. Ekinshiden, lekciya basqa awızeki sóz arqalı ańlatatuǵın metodlardan esaplanıp onda oqıw materialın logikalıq izbe-izlikte bayan etiw, qatań belgilengen qurılısı, obrazlı dálillew, materiallardıń mazmunın ashıp beriwdiń izbe-izligi menen ózgeshelenedı.

### "I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi" degen temada lekciya formasındaǵı sabaǵın ótiw texnologiyası.

| **Sabaq ótiletuǵın topar, bólim** | **Oqıw predmeti** | Temanıń oqıw baǵdarlamasındaǵı tártip nomeri, ajıratılǵan saat |
|---|---|---|
| 3-kurs, 3- | Qaraqalpaq ádebiyatı | №21 |

| | | |
|---|---|---|
| topar gumanitar bólimi | | 2 saat |
| Sáne, may, 2018-jıl | Topar oqıwshılarınıń sanı: 25 | Pán muǵallimi: Yusupova Gúlsáwir |
| **Rejesi** | **I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi**<br>1.I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi tuwralı maǵlıwmatlar<br>2. I.Yusupov lirikasınıń ideyalıq hám tematikalıq baǵdarı<br>3. I.Yusupov poeziyasınıń janrlıq ózgeshelikleri<br>4. I.Yusupovtıń epikalıq dóretpeleri<br>5.I.Yusupovtıń ádebiyatta tutqan ornı | |
| Tiykarǵı túsinikler hám terminler | I.Yusupov XX ásirdiń 50-jıllarınan baslap XXI ásirdiń 10-jıllarına shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń shayırı, awdarmashı, dramaturg, jazıwshısı. Onıń poemalarınıń janrlıq ózgesheligi. Qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı. | |
| Sabaqtıń maqseti | I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligin tereńnen úyreniw; Oqıwshılarda shayır dóretiwshiligi boyınsha bilim kónlikpelerin jetilistiriw, shayırdıń lirikalıq shıǵarmalarınıń mazmunı, formalıq ózgesheliklerin túsindiriw, shıǵarmalarınıń kórkemlik dúnyasın ańlaw, shayırdıń ádebiyatımızda tutqan ornın belgilew hám anıqlaw, túsinip alıw. | |
| Muǵallimniń wazıypası | Motivaciyalıq wazıypası. Bul tema boyınsha tereń mazmunǵa iye sorawlardı qoyıp, oqıwshılardı ótilip atırǵan temaǵa, sonday-aq keyingi temaǵa jáne de basqa ádebiy terminlerin úyreniwge, qızıqtıra alıw.<br>Úyretiwshiniń wazıypası. Temanıń tiykarǵı mazmunı menen tanıstırıw, olardıń óz-ara baylanıslılıǵın ashıp beriw.<br>Rawajlandırıwshı wazıypa. Oqıwshılarda tereń | |

| | | |
|---|---|---|
| | pikirlewshi sın kóz qarasların qáliplestiriw | |
| Oqıw iskerliginiń natiyjeliligi | Oqıwshı I.Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında tolıq maǵlıwmatqa iye bolıp, onı yadtan aytıp bere alıwı kerek. Shayırdıń lirikalıq hám epikalıq shıǵarmalarınıń mazmunın hám formalıq ózgesheliklerin durıs anıqlawı kerek. Shayırdıń kórkem dóretiwshilik sheberliginiń sırın anıqlaw zárúr. I.Yusupovtıń qaraqalpaq ádebiyatın rawajlandırıwǵa qosqan úlesin tereńnen túsindiriw kerek | |
| Oqıtıw metodları hám úyreniw texnikası | Insert, múyeshler, klaster, gúrrińlesiw | |
| Oqıtıw quralları | Taxta, slaydlar, kitap, jurnal, jazıw qaǵazları | |
| Oqıtıw sharayatı | Kabinet, auditoriya | |
| Bul sabaqtı ótpesten aldın oqıwshılardıń biliwi shárt bolǵan bilim, kónlikpe, tájireybe hám materiallar | XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı 80-90-jılları tematikalıq, ideyalıq, kórkemlik hám janrlıq jaqtan rawajlandı. Usı ulıwma baǵdardı biliwi, shayır poeziyalıq shıǵarmalarınıń mazmun hám janrlıq jaqtan bóliniwlerin, teoriyalıq tiykarların ózlestirgen bolıwı, hárqanday lirikalıq dóretpelerdi kórkemlep oqıp, ózinshe dóretiwshilik penen talıqlay alıw sheberliklerin biliwi kerek. Sonday-aq I.Yusupov poeziyasınıń, prozalıq hám dramalıq shıǵarmalarınıń baspa sózde járiyalanıwın biliwi tiyis. | |

**Tarqatpa material. Kishi toparlardıń jumısların bahalaw kestesi**

| **Kishi toparlar** | **Tapsırma** | **Juwaptıń anıqlılıǵı, durıslılıǵı** | **Túsinikliligi hám qısqalılıǵı** | **Oqıwshılardıń belsendeliligi** | **Toplaǵan balı** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi | | | | |
| 2-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |
| 3-kishi topar | 1.Tapsırma<br>2.Tapsırma<br>3.Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |

**Tarqatpa material**

**Kishi toparlarǵa tapsırma: I.Yusupov lirikasınıń tematikası hám mazmunı**

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **I.**Yusupov lirikasınıń tematikası hám nazmunı | | |
| I.Yusupov lirika-sında watan teması, qosıqlar-dıń atamaları | Filosofiyalıq lirikası | Didaktikalıq lirika | Muhabbat lirikası |
| | I.Yusupov shıǵarmalarınıń janrlıq jaqtan bóliniwi | | |
| muxammes | ǵázzeller | Tórtlik | Poema drama |

**Tarqatpa material: "Delfa" metodı -** bul oqıwshılardıń dóretiwshilik pikir júritiw, bildirilgen pikirlerdi salıstırıp baha beriw kónlikpelerin qáliplestiretuǵın metodlardan biri. Onda belgili ólshemlerge muwapıq neytral variantlar tańlanadı hám olardan áhmiyetligi ajıratıladı.

| Neytrallıq | I.Yusupovtıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı neler menen belgilenedi? | Bahalaw, tańlaw |
|---|---|---|
| 1 | Shayırdıń ómiri tuwralı maǵlıwmat | |
| 2 | I.Yusupov dóretiwshiliginde Nawayı dástúrleri | |
| 3 | I.Yusupov dóretiwshiliginde túrkmen teması | |
| 4 | I.Yusupov poeziyasında doslıq teması | |

| | | |
|---|---|---|
| 5 | Shıǵıs poeziyası úlgilerin jaqsı bilgenligi | |
| 6 | I.Yusupov poeziyasınıń janrlıq ózgesheligi | |
| 7 | I.Yusupovtıń dramalıq shıǵarmaları | |
| 8 | Muhabbat temasınıń jırlanıwı | |
| 9 | "Búlbúl uyası" dóretpesiniń syujeti | |
| 10 | "Máńgi bulaqlar" awdarmaları | |
| 11 | Ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyası | |

**Seminar haqqında túsinik**

**Seminar** - (latınsha sóz bolıp, derek, awıspalı mánisi mektep) oqıw ámeliy shınıǵıwlardıń formalarınıń biri. Joqarı oqıw orınlarında ilimiy dógerekte, konferenciyada qollanıladı.Onıń tiykarǵı úsh túri bar:

1. Úyrenilip atırǵan pán yamasa kurstı tereń járdem beretuǵın seminar sabaǵı.
2. Ayırım mashqala tiykarǵı kerekli úyreniw ushın ótkeriletuǵın seminarlar.
3. Izertlew xarakterindegi seminar.

Ol tómendegi funkciyalardı atqaradı:

- Studentlerge (oqıwshılarǵa) professional bilim beriw hám tárbiyalaw;
- Óz betinshe izleniw kónlikpesin ósiriw;
- Logikalıq pikirlewge úyretiw;
- Sóylewdi ósiriw, ilimiy diskussiyalar alıp barıwǵa úyretiw;
- Studentlerdiń, oqıwshılardıń bilimin tekseriw, bahalaw;
- Teoriyalıq bilimlerdi ámeliyat penen baylanıstırıw.

**"I.Yusupovtıń prozalıq hám dramalıq shıǵarmaları" degen temada seminar formasında shólkemlestirilgen sabaǵın ótiw texnologiyası**

| Sabaq ótiletuǵın kurs, topar, bólimi | Oqıw predmeti | | Temanıń oqıw baǵdarlamasındaǵı tártip nomeri hám ajıratılǵan saatı |
|---|---|---|---|
| 2-kurs, 204- topar gumanitar tálim bólimi | Qaraqalpaq ádebiyatı | | №15<br>2 saat |
| Ótiletuǵın sabaqtıń teması | I.Yusupovtıń prozalıq hám dramalıq shıǵarmaları<br>**Rejesi:** | | Pán muǵallimi |

| | | |
|---|---|---|
| | 1.I.Yusupov prozalıq shıǵarmalarınıń syujeti<br>2. “Seydan ǵarrınıń gewishi” gúrrińiniń teması hám ideyalıq mazmunı, obrazları<br>3. “Ómirbek laqqı” draması<br>4. “Qırıq qız” draması | |
| Tiykarǵı túsinikler hám terminler | I.Yusupov qaraqalpaq ádebiyatına qosqan úlesi. Prozalıq hám dramalıq shıǵarmalarınıń kórkemlik ózgeshelikleri | |
| Sabaqtıń maqseti | 1. I.Yusupovtıń “Ǵarri tuttaǵı gúz” ocherkler hám gúrrińler toplamı haqqında túsinik beriw<br>2. I.Yusupovtıń “Ómirbek laqqı” pessasınıń syujetin túsindiriw<br>3. I.Yusupov poemaları haqqında teoriyalıq maǵlıwmatlar beriw<br>4. I.Yusupovtıń “Ájiniyaz” operasınıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı<br>5. I.Yusupovtıń dramalıq shıǵarmalarınıń kórkemligi | |
| Muǵallimniń wazıypaları | Motivaciyalıq wazıypa: Bul tema boyınsha tereń mazmunǵa iye sorawlardı qoyıp, I.Yusupovtıń prozalıq hám dramalıq shıǵarmaları boyınsha ádebiy terminlerdi tereńnen úyretip, oqıwshılardıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın arttırıw kerek.<br>Úyretiwdiń wazıypası: Temanıń tiykarǵı túsinikleri, mazmunı menen tanıstırıw, olardıń óz-ara baylanıslılıǵın ashıp beriw. | |
| Oqıw iskerliginiń nátiyjeliligi | **Oqıwshı:**<br>1.I.Yusupovtıń dramalıq hám prozalıq shıǵarmalarınıń qaharman obrazları, syujeti tuwralı aytıp beriw;<br>2.I.Yusupovtıń prozalıq shıǵarmalarınıń poeziyalıq shıǵarmalarınan ózgesheliklerin túsindiriw; | |

| | | |
|---|---|---|
| | 3. “Ómirbek laqqı” dramasınıń syujeti hám kórkemlik ózgeshelikleri;<br>4.“Ájiniyaz” operasında kórkem obrazlardıń jasalıw usılların biliwi kerek;<br>5. “Seydan ǵarrınıń gewishi” gúrrińiniń syujetin túsindiriwi kerek;<br>6.XX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına I.Yusupov dóretiwshiliginiń tásiri;<br>7.I.Yusupovtıń dramalıq shıǵarmalarında monolog hám dialoglardıń qollanılıwı. | |
| Oqıtıw metodları hám úyreniw texnikası | Kórgizbeli qurallardan, tarqatpa material paydalanıw, kishi toparlarǵa bólinip birgelikte islew, soraw-juwap, dedukciya h.t.b. | |
| Oqıw quralları | Taxta, slaydlar, dápter, gazeta, ruchka, jurnal | |
| Oqıtıw sharayatı | Kabinet, auditoriya | |
| Bul sabaqtı ótpesten aldın oqıwshılardıń biliwi shárt bolǵan bilim, kónlikpe hám tájiriybeleri | Oqıwshı I.Yusupovtıń dramalıq hám prozalıq shıǵarmaların úyrenbesten aldın kórkem ádebiyattıń túrlerge bóliniwi, lirikalıq dóretpeniń ayırmashılıqları, ideyalıq-tematikalıq, kórkemlik ózgesheliklerin, kórkem súwretlew quralları hám usılları jóninde teoriyalıq bilimlerge iye bolsa maqsetke muwapıq boladı. | |

**“I.Yusupovtıń poemaları” degen temada seminar formasındaǵı sabaǵınıń texnologiyalıq kartası (úlgi)**

| Texnologiyalıq basqısh, waqıt | Iskerliktiń mazmunı | |
|---|---|---|
| | Muǵallim | Oqıwshı |
| Tema boyınsha sabaq ótiwge tayarlanıw | Oqıwshılardıń xabar, sabaq processinde ámelge asırıwı kerek bolǵan tapsırmalar menen támiyinlew maqsetinde:<br>-Pikirlew ushın sorawlar tayarlaydı; | Seminar sabaǵına tayarlanadı |

| | | |
|---|---|---|
| | -Testler, tema boyınsha tekstler, sabaq ótiwge tayarlaydı;<br>-Tema boyınsha kórgizbeli qurallar hám tarqatpa materiallar tayarlaydı, sabaq ótiw metodların tańlaydı. Sabaq ótiwdiń texnologiyalıq kartasın tayarlaydı. | |
| 1 basqısh. Kirisiw Dáslepki tema menen baylanıstırıw Temanı úyreniw motivaciyası 6-8 minut | 1.1. Dáslepki sabaqta ótilgen tema boyınsha qısqasha soraw metodı qollanıp, ótilgen tema yeske túsiriledi.<br>1.2. I.Yusupovtıń poemaları boyınsha tema aytıladı, onı ótken tema menen baylanıstıradı.<br>1.3. Temanıń maqseti, sabaqtıń nátiyjesi hám onı ótke-riw rejesin járiya qıladı<br>1.4. Tekstler hám oqıw shınıǵıwlarınıń wazıy-pası, olardı oqıwshılar-dıń bilimin tereńlestiriwge tásirin kórsetip beredi | Tiykarǵı túsiniklerdiń mazmunın aytıp beredi. Esitedi |
| 2.Tiykarǵı basqısh. Oqıshılarda bilim alıwǵa jedellestiriw. Seminar sabaǵınıń birinshi sorawınıń talıqlanıwı 10 minut | Oqıwshılarǵa I.Yusupovtıń poemaları haqqında soraw beredi. Shayır poemalarınıń janrlıq ózgesheliklerin túsindiriw. Shayırdıń poemalarınıń syujetindegi ózgesheliklerdi túsindiriń. Pikirlew metodın qollanıladı. Pikirlewdi juwmaqlaydı. | 2.1.1. Esitedi, juwap beredi, óz-ara pikirlesedi. |
| Seminar sabaǵınıń ekinshi sorawınıń talqılanıwı | 2.2.1. Shayırdıń lirikalıq shıǵarmalarınıń basqalardan ajıratıp turatuǵın parqlı belgilerin atap kórsete alasız ba? Siziń pikirińizshe, eldegi bolıp atırǵan waqıyalar shayır | 2.2.1. Dáslep individual tárizde soń kishi toparlarǵa |

| | | |
|---|---|---|
| 10 minut | dóretiwshiligine qanshelli dárejede tásir kórsetti.<br>“Aqlıy hújim” metodın qollanıladı.<br>2.2.2. Kishi toparlarda aytılǵan pikirler ajıratılıp, baha beriw ámelge asırıladı. Pikirlewin juwmaqlaydı. | bólingen halda toparlarda pikirlesiń, juwap beredi. |
| Seminar sabaǵınıń úshinshi sorawınıń talıqlanıwı 10 minut | 2.3.1. I.Yusupovtıń poemaları boyınsha dúzilgen test hám juwaplar kestesi tarqatıladı;<br>2.3.2. Test juwapların jıynastırıp aladı;<br>2.3.3. Test juwaplarınıń talqılawın shólkemlestiredi. Onı tamamlaydı. | 2.3.1. Oqıw-shılar kesteni toltıradı<br>2.3.2. Test sorawların talqılaydı |
| Seminar sabaǵınıń tórtinshi sorawınıń talıqlanıw ı 10 minut | 2.4.1. Kishi toparları I.Yusupov poemaları yamasa olardan úzindeler usınıs etiledi. Tapsırmanıń shártleri túsindiriledi. Kórkem tekstten avtor súwretlegen kórkem obrazlardıń sıpatlamasın tawıp, onıń bazı bir ózinshelik belgilerin aytıp beriw kerekligin atap ótedi.<br>2.4.2. Kishi toparlardıń tekstinen juwapların esitedi hám tolıqtıradı | 2.4.1. Kishi toparlar kórkem tekst penen tanısıp shıǵadı.<br>2.4.2. Kishi toparlar óz betinshe tapsırmanı orınlaydı.<br>2.4.3. Kishi toparlardıń bir-birewi juwap beredi |
| Seminar sabaǵınıń besinshi sorawınıń talqılanıw ı 5 minut | 2.5.1. Kishi topar oqıwshılarına I.Yusupovtıń “Tumaris” poeması-nan dialog hám monologlar berilgen tarqatpa materiallar beriledi.<br>2.5.2. Tarqatpa material menen tanısıp bolǵannan keyin oqıwshılarǵa tekstte keltirilgen dialog hám monologlardıń poemadaǵı obrazlardıń qaysı birine tiyisli yekenligin anıqlawı onıń qaharman xarakterin ashıp beriwdegi ornı haqqında sóz etiledi. Qısqasha jazba bayanat tayarlawdı usınıs yetedi.<br>2.5.3. I.Yusupovtıń poemaları boyınsha | 2.5.1. Kishi toparlar taqatpa materiallar menen tanısıp shıǵadı<br>2.5.2. Kishi toparlarda hárbiri jazba bayanat tayarlaydı<br>2.5.3.Kishi |

| | | |
|---|---|---|
| | prezentaciyalarda shól-kemlestiriledi. Olardiń pikirlerin tolıqtıradı. | toparlar bayanat boyınsha prezentaciya qıladı |
| Seminar sabağınıń altınshı sorawınıń talıqlanıw ı | 2.6.1. Kishi toparlarğa I.Yusupov poemalarınıń bir-birinen ózgeshelikleri hám kórkemligi boyınsha keste tarqatıladı<br>2.6.2. "Dala ármanları" poeması boyınsha dúzilgen kestesi toltırıwdı túsindiredi, jol-jobalar kórsetip tekserip baradı.<br>2.6.3. Kishi toparlardan kesteni jıynap aladı. "Dala ármanlari" poemasınıń janrlıq ózgeshelikleri boyınsha jazılğan pikirler talıqlanadı | 2.6.1. Kishi toparlar keste aladı, oqıydı.<br>2.6.2. Kesteni toltıradı<br>2.6.3. Kesteni beredi. Esitedi. Pikirlesedi. |
| Seminar sabağınıń jetinshi sorawınıń talıqlanıw ı | 2.7.1.I.Yusupovtıń "Watan topırağı" poeması qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornın neler menen dálillep beresiz? Shayırdıń júrek tórindegi tolğanıslardı qozğaltıp, ilhamlanıp geyde qayğılanıp jazıwshı turmıslıq waqıyalar sebep boldı ma?<br>2.7.2. Kishi toparlardı sorawlar boyınsha oy juwırtıp, pikirlewdi shólkemlestiriledi<br>2.7.3. Pikirlesiw tamamlaydı. Pikirlerdi ulıwmalastırğan halda juwmaq jasaydı. | 2.7.1. Kishi toparlar óz-ara pikirlesedi<br>2.7.2. Óz-ara pikirlesedi<br>2.7.3. Esitedi |
| 3. Juwmaqla wshı basqısh | 3.1. Oqıwshılarğa hárbir kishi toparlardan sabaqqa jedel qatnasıwın, bahalawdı usınıs etedi. Birinshi orın 1 ball, ekinshi orın 0,9 ball; 3-orın 0,8 ball, 4-orın 0,7 ball; 5-orın 0,6 ball<br>3.2 Sabaqqa juwmaq jasaydı. Oqıwshılardıń dıqqatın tiykarğı máselege qaratadı, seminar formasındağı sabaqqa tayarlanıwda nelerge itibar beriw, túsiniksiz sorawlarğa kórsetpe beredi. | 3.1.Kishi toparlardı tapsırmanı orınlaw boyınsha qılğan isleri hám bildirilgen pikirleri tiykarında qoyılğan ballardı jáin |

| | | |
|---|---|---|
| | | etedi. |

Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatı páni boyınsha lekciya hám seminar formasındaǵı "I.Yusupovtıń dóretiwshiligine" arnalǵan sabaq úlgilerinen mısallar keltirildi. Bul qatıp qalǵan úlgi emes, akademiyalıq liceyde I.Yusupov dóretiwshiligin oqıtıwda hárbir ádebiyatshı muǵallim dóretiwshilik penen qatnas jasap metodikalıq jaqtan ózgerisler kirgiziwi múmkin. Solay etip, akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması tiykarında I.Yusupov dóretiwshiligine arnalǵan sabaqlarǵa jańa pedagogikalıq texnologiyalar engiziw arqalı onıń sapasın arttırıw hám nátiyjeligin elede asırıw jaslardıń estetikalıq tárbiyasın bayıtıp, rawajlanıp barıwına óziniń unamlı tásirin jasaydı.

## V.KEYSLER

**Keys-** bul (inglisshe – **TRUE LIFE** atamasına qaray) turmıstıń bir bólegi degendi ańlatadı. Keys jaǵday ápiwayı haqıyqıy bayanı emes, al jaǵdaydı túsiniw hám bahalawǵa múmkinshilik beretuǵın birden-bir maǵlıwmatlar kompleksi esaplanadı.

**Keys-stadi (**inglisshe sóz bolıp, kase –toplam, anıq jaǵday, stadi-tálim) keyste bayan etilgen hám tálim alıwshılardı mashqaalı sáwlelendiriw jáne onı maqsetke muwapıq túrdegi sheshim variantların izlewge baǵdarlanǵan anıq yamasa jasalma túrinde jaratılǵan jaǵdaydıń mashqalalı jaǵdaydı tallaw ushın tiykarlaatuǵın tálim metodı.

## QADAǴALAW SORAWLARÍ

1. Qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵının mazmunı nede beriledi?
2. Kórkem shıǵarmanı tallawda qaysı máselelerge dıqqat awdarıladı?
3. "Qaraqalpaqstan Respublikası aǵla muǵallimi" jarısınıń birinshi jeńimpazı kim?
4. Ózbekstan Respublikasınıń “Bilimlendiriw haqqında”ǵi nızamı" qashan qabıl etildi?
5. Neshinshi jıldan baslap ulıwma orta bilim beriwdiń mámleketlik bilimlendiriw standartlarınıń monitoringin júrgiziw tártibi yengizildi?
6. Házirgi sabaqtı shólkemlestiriwdiń dáslepki formaları tariyxta birinshi márte qaysı pedagog tárepinen islenip shıǵıldı?
7. Akademiyalıq litseylerde qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması qanday baǵdarda dúziledi?
8. Bilimlendiriw basqıshlarında ádebiyat kursınıń mazmunı hám qurılısı
9. Dramalıq shıǵarmaları oqıtıw usılları
10. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw usılları
11. Seminar sabaǵın ótkeriw usılları
12. Qaraqalpaq ádebiyatı metodiksınıń izertlew metodları
13. Qaraqalpaq ádebiyatı metodiasınıń tariyx penen baylanısı
14. Qaraqalpaq ádebiyatı metodikasınıń estetika páni menen baylanısı
15. Ádebiyat sabaǵın shólkemlestiriw hám ótkeriw
16. Ádebiyat sabaǵında oqıwshılardıń awızeki hám jazba sówlew mádeniyatın rawajlandırıw jolları
17. Kórkem shıǵarmalardıń tilin úyreniw usılları

18. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń pedagogika páni menen baylanısı
19. Jazıwshılardıń dóretiwshiligin úyreniw usılları
20. Ádebiyat sabaqları hám onıń aldına qoyılatuǵın talaplar
21. Poemalarda oqıtıw sabaq túrlerinen paydalanıw.
22. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda tallawdıń túrlerin túsindiriń.

## PITKERIW JUMÍSLARÍ

1. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń ilimiy teoriyasınıń tiykarları
2. Ádebiyat pánlerin oqıtıwda lekciya túrlerinen paydalanıw
3. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdı jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw usıları
4. İnteraktiv metodlar (zikzag, múyeshler)
5. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń tariyxı
6. Kórkem shıǵarmalardı tallawdıń ilimiy teriyalıq tiykarları
7. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń basqa pánler menen baylanısı.
8. Bilimlendiriw basqıshlarında ádebiyat kursınıń mazmunı hám qurılısı
9. Dramalıq shıǵarmaları oqıtıw usılları
10. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw usılları
11. Seminar sabaǵın ótkeriw usılları
12. Qaraqalpaq ádebiyatı metodiksınıń izertlew metodları
13. Qaraqalpaq ádebiyatı metodiasınıń tariyx penen baylanısı
14. Qaraqalpaq ádebiyatı metodikasınıń estetika páni menen baylanısı
15. Ádebiyat sabaǵın shólkemlestiriw hám ótkeriw
16. Ádebiyat sabaǵında oqıwshılardıń awızeki hám jazba sówlew mádeniyatın rawajlandırıw jolları
17. Kórkem shıǵarmalardıń tilin úyreniw usılları
18. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń pedagogika páni menen baylanısı
19. Jazıwshılardıń dóretiwshiligin úyreniw usılları
20. Ádebiyat sabaqları hám onıń aldına qoyılatuǵın talaplar
21. Poemalarda oqıtıw sabaq túrlerinen paydalanıw.
22. Qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵınıń dúziliw baǵdarı
23. Konferentsiya sabaǵı
24. T.Qayıpbergenov dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. I.Yusupov dóretiwshiligin oqıtıw usılları

24. Berdaq dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. Ájiniyaz dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. J.Aymurzaev dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. T.Jumamuratov dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. Ótesh shayır dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. Kúnxoja dóretiwshiligin oqıtıw usılları
24. K.Karimov dóretiwshiligin oqıtıw usılları

## VI. GLOSSARIY

| | |
|---|---|
| **Kórkem oqıw** | Bul kórkem shıǵarmanıń xárakterine qaray alıp barılıwı kerek |
| **Kórkem shıǵarmalardıń mazmunı** | Bul onıń ideyalıq-tematikalıq tiykarı yaǵnıy shıǵarmada sáwlelengen turmıs shınlıǵı, ogan jazıwshı tárepinen berilgen baha |
| **Kirisiw jumıslarınıń maqseti** | Bul oqıwshılardı baǵdarlamada berilgen materiallardı úyreniwge tayarlaw |
| **Diafilm** | Bul shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin túsindiriwde zárúrli texnikalıq qurallardıń biri |
| **Diywalı gazeta** | Bul mekteptiń turmısındaǵı júz berip atırǵan jańalıqlar, ádebiy jańalıqlar, oqıwshılar tárepinen jazılǵan hárqıylı temalardaǵı maqalaları, gúrrińleri, qosıqları tuwralı maǵlıwmat beretuǵın ádebiy dóretiwshilik oray esaplanadı |
| **Pedagogikalıq princip** | Bul múǵallimniń ulıwma didaktikalıq qaǵıydalardı, pedagogikalıq jaǵdaylardı esapqa alıwı |
| **Kórkem shıǵarmalardıń mazmunı** | Bul onıń ideyalıq-tematikalıq tiykarı yaǵnıy shıǵarmada sáwlelengen turmıs shınlıǵı, ogan jazıwshı tárepinen berilgen baha |
| **Tariyxıy princip** | Bul ádebiy shıǵarmalardı tallawda súwretlengen shınlıq turmısqa jazıwshınıń qatnası.Diafilm-bul shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin túsindiriwde zárúrli texnikalıq qurallardıń biri.; Mashqalalı metodı – bul mashqala jaratıw usılı |
| **Birlesken sabaq** | Bul tórt basqıshtan turatuǵın sabaq |
| **Texnologiya** | Bul grekshe sheberlik, dóretiwshilik |
| **Ámeliy sabaq** | studentlerge izleniw kónlikpesin ósiriw, teoriyalıq bilimlerdi ámeliyat penen baylanıstırıw |
| **Grafikalıq kórsetpeli qurallar** | Bul kartalar, diagramma, sxemalar |
| **Vebinar metodı** | Bir waqıttıń ózinde eki oqıtıwshınıń bir seminardı oqıtıwı |
| **Lekciya** | bul sabaq ótiwdiń tiykarǵı formalarınıń biri |
| **Kórkem shıǵarmalardıń mazmunı** | Bul onıń ideyalıq-tematikalıq tiykarı yaǵnıy shıǵarmada sáwlelengen turmıs shınlıǵı, ogan jazıwshı tárepinen berilgen baha |
| **Kirisiw jumıslarınıń maqseti** | Bul oqıwshılardı baǵdarlamada berilgen materiallardı úyreniwge tayarlaw |
| **Diafilm** | Bul shayır-jazıwshılar dóretiwshiligin túsindiriwde zárúrli texnikalıq qurallardıń biri |

| | |
|---|---|
| **Diywalı gazeta** | Bul mekteptiń turmısındaǵı júz berip atırǵan jańalıqlar, ádebiy jańalıqlar, oqıwshılar tárepinen jazılǵan hárqıylı temalardaǵı maqalaları, gúrrińleri, qosıqları tuwralı maǵlıwmat beretuǵın ádebiy dóretiwshilik oray esaplanadı |
| **Pedagogikalıq princip** | Bul múǵallimniń ulıwma didaktikalıq qaǵıydalardı, pedagogikalıq jaǵdaylardı esapqa alıwı |
| **Kórkem shıǵarmalardıń mazmunı** | Bul onıń ideyalıq-tematikalıq tiykarı yaǵnıy shıǵarmada sáwlelengen turmıs shınlıǵı, ogan jazıwshı tárepinen berilgen baha |
| **Tariyxıy princip** | Bul ádebiy shıǵarmalardı tallawda súwretlengen shınlıq turmısqa jazıwshınıń qatnası |
| **Grafikalıq kórsetpeli qurallar** | kartalar, diagramma, sxemalar |
| **Mashqalalı metodı** | Bul mashqala jaratıw usılı |
| **Estetika** | Bul qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası menen óz-ara tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan oqıwshılardıń estetikalıq sezimlerin kórkem shıǵarmalardı oqıtıw arqalı qáliplestirilip barıladı |
| **Psixologiya** | Adamnıń obektiv barlıqtı seziw, qábileti, oylaw, sezim hám basqa psixik hádiyseler arqalı sáwlelendiriw protsessin úyretetuǵın pán |
| **Anketa** | Aldınnan tayarlanǵan sorawlar tiykarında juwap alıw ushın tayarlanǵan bet |
| **Autogen shınıǵıw** | Óz-ózin isendiriw hám óz-ózin basqarıw tiykarlanǵan psixoterapevlik usıl |
| **Sáwbet** | Psixologiya metodlarınıń biri bolıp sóylew qarım-qatnası járdeminde tikkeley hám tikkeley emes maǵlıwmat alıwdan ibarat |
| **Biografiyalıq metod** | Adamnıń onıń biografiyası menen baylanıslı bolǵan hújjetler arqalı úyreniw usılı |
| **Tábiyiy eksperiment** | Tekseriwshiniń ózine bildirilmegen jaǵdayda onı oyın, oqıw hám miynet xızmetinde úyreniwden ibarat psixologiyalıq tájriybe |
| **İntrospektsiya** | Adamnıń óz-ózin dúzetiwi |
| **Laboratoriyalıq eksperement** | Psixologiya metodı bolıp tekseriliwshige tásir etetuǵın hámme faktorlar qadaǵalaw qılınǵan halda jasalma sharayatta alıp barıladı |
| **Psixologiya metodları** | psixik hádiyselerdi hám olardıń nızamlıqların ilimiy |

| | |
|---|---|
| | tárepten úyreniwdiń jol jorıq usılları |
| **Gúzetiw** | psixologiyalıq metodlarınan bolıp adamnıń is háreketlerinde payda bolatuǵın túrli hádiyselerdi esapqa alıw hám subektiv psixikalıq hádiyseler haqqında pikir alıwdan ibarat |
| **Sotsiometriya** | J.Moreno tárepinen usınıs etilgen bolıp óz-ara múnásebetler dúzilisi menen psixologiyalıq birigiwshilikti anıqlaw maqsetinde topar hám jámáátlerdegi shaxslar ara múnásebetlerdi úyreniwden ibarat psixologiyalıq izertlew metodı |
| **Ózin-ózi gúzetiw** | Bunda subekttiń óz psixik jaǵdayları menen óz is háreketlerin úyreniwden ibarat metod |
| **Test** | Standartlastırılǵan psixologiyalıq sınaw bolıp, bunıń nátiyjesinde ol yamasa bul túrdegi psixik protsessti bahalawǵa yaki shaxstı bir pútinliginshe úyreniwge qaratılǵan usıl |
| **Eksperiment** | Psixologiyanıń tiykarǵı metodlarınan bolıp, ózgeriwsheń ǵarezsiz psixik jaǵdaylardıń basqa ǵárezsiz emes jaǵdaylarǵa tásir etiwdegi anıq maǵlıwmatlarǵa tayanadı |
| **Kishi topar** | Aǵzaları birgeliktegi xızmet penen shuǵıllanıwshı hám tuwrıdan-tuwrı shaxsiy múnásibetlerde bolıwshı adamlar toparı |
| **Motiv** | Málim zarúrliklerdi qandırıw penen baylanıslı xızmetge úndewshi  sebep |
| **Motivatsiya** | Adamnıń aktiv xızmetine úndewshi motivler jıynaǵı |
| **Dúnyaǵa Kózqaras** | Adamnıń dógerek átiraptaǵı álemge  hám onda óziniń tutqan ornına qaraslarınan kelip shıqqan dizim |
| **Záru'rlik** | Adam hám haywan  jedelliginiń tiykarǵı  deregi – anıq sharayatlar menen baylanıslı zárúriyattıń ishki halatı |
| **Referent topar** | shaxstıń hár tárepleme isengen,ózin jaqın tutqan toparı; «Etalon topar», bull topar haqıyqıy bolıwı hám sonıń menen birge ámeliy bolıwı dı múmkin |
| **Sotsiallastiriw** | Individtiń sotsiallıq tájriybelerin iyelewi hám bunıń nátiyjesinde ol tájriybeni takirar islep shıǵarıwda qollawı protsessii.Sotsiallastırıw – tiykarǵı, jetekshi komponenti – tárbiya bolıp esaplanadı |
| **Óz-ózin qadag'alaw** | Shaxstıń óz halatın tártipge salıw, onı basqarıp barıw |
| **Óz-ózine baha beriw** | shaxstıń óz-ózine baha beriwi |

| | |
|---|---|
| **Frustratsiya** | Aldanıw,  qapa bolıw, rejelerdiń izden shıǵıwı – adamnıń maqsetke erisiw jolında ushraytuǵın obektiv ráwishte jeńip bolmaytuǵın yaki subektiv ráwishte sonday túyiletuǵın qıyınshılıqlar sebebinen payda bolatuǵın psixodogik halatı |
| **Empatiya** | basqa adamlardıń psixik hallatların túsiniw hám olarǵa hámdártlik qılıw qábileti |
| **Orientatsiya** | Shaxstıń sotsial-siyasiy hám jámiykttiń ádep-ikramlılıq normalarına múnásibeti dizimi |
| **Diqqat** | Bir waqıttıń ózinde ańnıń málim bir obektten ekinshi obektge jóneltiriliwi hám toplanıwı bolıp , ıqtıyarsız, ıqtıyarlı hám ıqtırlıdın  keyingi túrlerge ajıratıladı |
| **Dominanta** | Bas miy qabıǵında waqtınsha húkmran qozǵalıs oshaǵı bolıp, bul húkimran oray ushın qozǵalıslardı ózine toplab, basqa nerv oraylarınıń isin tormazlab turıwı xarakterli bolıp tabıladı. A.A. Uxtamyokinniń pikrinshe , húkimran dominanta dıqqatttıń fiziologik tiykarı bolıp esaplanadı |
| **Induktsiya - (Neyrofiziologiya**) | Oraylıq nerv sistemasınıń qaysıdur orayında qozǵalıs payda bolsa, ol basqa oraylarda tormozlanıwdıń kelip shıǵıwına, tormozlanıw bolsa qozǵalstıń kelip shıǵıwına sebepshi bolıwdan ibarat nızam |

# VII. PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR


## Baslı ádebiyatlar

1. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon demokratik Ózbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. Toshkent, "Ózbekiston" NMİU, 2017. – 29 b.
2. Mirziyoev Sh.M. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini taminlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. "Ózbekiston" NMİU, 2017. – 47 b.
3. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. "Ózbekiston" NMİU, 2017. – 485 b.
4. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi "Ózbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bwyicha harakatlar strategiyasi twǵrisida"gi PF-4947-sonli Farmoni. Ózbekiston Respublikasi qonun hujjatlari twplami, 2017 y., 6-son, 70-modda.

## Tiykarǵı ádebiyatlar

1. Azizxwjaeva N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Toshkent. 2003.

2. Ayjanova Z. Ádebiyat sabaǵında İ.Yusupovtıń shıǵarmaların úyreniw. Nókis. «Bilim», 1993.

3. Ayjanova Z. Ádebiyat sabaqlarında ayrım prozalıq shıǵarmalardı úyreniw. Nókis. «Bilim», 1991.

6. Allaniyazova Sh., Turdıbaev Q., Yusupov Q. Pedagogikalıq praktika. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2011.

7. Axmedov Q. X.H.Niyaziyning «Boy ila xizmatchi» dramasini wrganish. Toshkent. 1968.

8. Axmedov S., Paxratdinov Á., Pirnazarov Á. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 1988.

9. Axmedov S. Ádebiyat hám kritika, Nókis. "Qaraqalpaqstan", 1978.

10. Axmedov S. Adabiyot darslarida epik janrlarni wrganish. Toshkent. «Wqituvchi», 1986.

11. Álewov O. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. Nókis, «Bilim», 1993.

12. G'ulomova N. Adabiyot darslarida ilǵor pedagogik texnologiyalaridan foydalanish. Toshkent. «RTM», 2003.

14. Davletshin M.G. Zamonaviy maktab wqituvchisining psixologiyasi. Toshkent. «Ózbekiston», 1999.

15. Járimbetov Q. XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw tariyxı, Nókis. "Bilim", 2004.

16. Járimbetov Q., Orazımbetov Q. Qaraqalpaq ádebiyatı. (Kolledj oqıwshıları ushın sabaqlıq) Nókis. 2006.
17. Zunnunov A. Wzbek adabiyoti metodikasi tarixidan ocherklar. Toshkent. «Wqituvchi», 1992.
18. Zunnunov A.S. Wzbek adabiyoti metodikasi tarixidan ocherklar. Toshkent. «Wqituvchi», 1973; Pedagogik tadqiqot metodikasi. Toshkent. 2000.
19. Zunnunov A.S., Xotamov N., Esonov J., İbrohimov A. «Adabiët wqitish metodikasi». T., «Wqituvchi», 1992.
20. Yuldoshev Q. Adabiyot wqitishning ilmiy-nazariy asoslari. Toshkent. «Wqituvchi», 1996.
21. Yuldoshev Q. Adabiy saboqlar. Toshkent. «Sharq», 2004.
22. Yuldoshev Q., Madaev O., Abdurazzoqov A. Adabiyot wqitish metodikasi. Toshkent-1994.
23. Yuldoshev J.G'., Usmanov S.A. Pedagogik texnologiya asoslari. Toshkent. «Wqituvchi», 2004.
24. Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması. Nókis. Qaraqalpaqstan. 2000.
25. Klarin M.V. Pedagogicheskiya texnologiya v uchebnom protsess. Moskva. «Znaniya», 1989.
26. Kóbentaev Á. Pán hápteliklerin ótkeriw hám metodikalıq birlespelerdi attestatsiyalaw. Nókis, "Qaraqalpaqstan", 1993.
27. Oripov K., Obidova M. İfodali wqish. Toshkent. "Wqituvchi" 1994.
28. Ochilov M. Yangi pedagogik texnologiyalar. Qarshi. «Nasaf», 2000.
29. Paxratdinov Á. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis. «Bilim», 1992.
30. Paxratdinov Á. Qaraqalpaq ádebiyatın okıtıw metodikası. Nókis. «Bilim», 2004.
31. Paxratdinov Á. Pedtexnologiya tiykarları. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2009.
32. Pirnazarov M. "Maktabda Uyǵunning hayoti va ijodini wrganish". T. «Wqituvchi», 1972.
33. 48. Roziqov O., Otaev S. Didaktika. Toshkent. «Fan», 1997.
34. Saidov T. İlǵor pedagogik texnologiyaning mazmun-mohiyatini «Aqliy hujum» usuli bilan wqitish texnologiyasi. Toshkent. 2003.
35. Saidnazarov F., Saidnazarov İ. Tarbiya, odob va oqibat. Toshkent. «Ózbekiston», 1991.
36. Sultonov B., Tilegenov A., Boynazarov F. Yangi pedagogik texnologiya asoslari. Toshkent. «Falsafa va huquq instituti», 2007.
37. Tolipov W.Q., Usmonboeva M. Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. Toshkent. 2006.

38. Turdıbaev Q., Yusupov Q. Pitkeriw qánigelik jumısların tayarlaw. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2011.
39. Twxliev B. Adabiyot wqitish metodikasi. Toshkent. «Yangi asr avlodi», 2006.
40. Twxliev B. Adabiyot wqitish metodikasi. Toshkent. 2010.
41. Usmonova K. Adabiy talimda ilǵor pedagogik texnologiyalar. Toshkent. 2004.
42. Xusanboeva Q. Adabiyot–manaviyat va mustaqil fikr shakllantirish omili. Toshkent-2009.
43. Xusanboeva Q. Adabiy talimda mustaqil fikrlashga wrgatish asoslari. Toshkent-2003.
44. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.
45. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
46. Юсупов К.А. Kamal Mámbetovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2017. – 4 б.т. – 68 б.
47. Юсупов К.А. Sh.Seytov prozasın tallaw usılları. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2017. – 4,25 б.т. – 68 б.
48. Юсупов К.А. Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 б.т. – 68 б

## İnternet saytları

1. http://www.ziyonet.uz
2. http://www.edu.uz
3. http://www.cheloveknauka.ru
4. http: //dissercat.com
5. http: //ziyouz.com
6. http://www.kitob.uz
7. http: //www.wikipedia.ru
8. abdikamalov.narod.ru

**Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы Педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин жетилистириў аймақлық орайының Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелиги тыңлаўшыларына арналған «Қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың илимий методикалық тийкарлары» пәнинин оқыў-методикалық комплексине**

## ПИКИР

«Қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың илимий методикалық тийкарлары» модули ҳәр бир тыңлаўшы ушын оқыў-тәрбиялық искерликти нәтийжели алып барыў ушын зәрүр болған билимлер ҳәм көникпелерди, оқытыўшы-тәрбияшыға тән болған кәсиплик ҳәм жеке пазыйлетлерди ийелеўде, сондай-ақ инсанның методиканың раўажланыў нызамлылықлары, методиканың бир қатар тараўларының илимий жетискенликлери жәмийетлик сананы қәлиплестириўде ҳәм ҳәзирги дәўирдеги жас әўладтың психологиялық раўажланыўын үйрениўде жүдә зәрүр есапланады. Педагогикалық ҳәм психологиялық билимлер тәлим ҳәм тәрбия процессинин жәмийеттиң социал-экономикалық раўажланыўы менен байланыслы болған мәселелерин шешиўде жәрдем береди, сондай-ақ басқа педагогикалық ҳәм методикалық оқыў пәнлери, пән түсиниклери бойынша пикир жүргизиўге имканият жаратады.

«Қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың илимий методикалық тийкарлары» модулин оқытыўдың тийкарғы мақсети – тыңлаўшыларды ҳәзирги заман педагогика пәнинин теориялық тийкарлары менен қураллындырыў, «Кадрлар таярлаў миллий бағдарлама»сын әмелге асырыўда жас әўладты руўхый ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўда тәлим сапасын арттырыў ушын зәрүр көникпелерди пайда етиў, сондай-ақ тыңлаўшылардың методикалық билимлерди ийелеўи, оның искерлиги ҳәм қарым-қатнасы, педагогикалық раўажланыў нызамлылықлары үйрениў бойынша билим, көникпе ҳәм уқыплылықларды қәлиплестириў.

Бул оқыў методикалық комплексте оқыў процессинде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың илимий методикалық тийкарлары модулинен лекция ҳәм семинар сабақлары ушын оқыў-технологиялық карталарын ислеп шығыў, визуал материаллар бойынша үлги методикалық көрсетпелер баян етилген.

Пикир билдириўши: **А.Досымбетова**
ҚМУ «қарақалпақ әдебияты» кафедра баслығы, Филология илимлери кандидаты, доцент

120